**O’ZBEKISTAN RESPUBLIKASI’ JOQARI’ HA’M WORTA ARNAWLI’ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI**

**BERDAQ ATI’NDAG’I’ QARAQALPAQ MA’MLEKETLIK UNIVERSITETI**

*Qol jazba huquqi’nda*

UDK – 002. 701

**Mambetirzaeva Nesibeli Muxammedsadikovna**

# Da’stu’riy ha’m jan’a jurnalistikani’n’ baylani’si’

# (“Ma’rifat” gazetasi mi’sali’nda)

5A 220101 – Jurnalistika (xi’zmet tu’rleri)

Magistr akademiyali’q da’rejesin ali’w ushi’n jazi’lg’an dissertaciya

MAK da jaqlawg’a ruxsat

Magistratura bo’limi basli’g’i’

_______ doc. Gulimov A.

Kafedra basli’g’i’_______f.i.k. doc. Z.Worazi’mbetova

Ilimiy basshi’:________ f.i.k. doc. B.Paluanov

No’kis – 2015

## MAZMUNI`

**KIRISIW**……………………………………………………………………3-8

**I.Bap. DA’STU’RIY HA’M JAN’A JURNALISTIKA**

1.1. Informaciya monopoliyasi`– jan’a jurnalistikani` ju’zege shig’ari`wshi` ku’sh si`pati`nda………………………………………………………………9-21

1.2. “Ma’rifat” gazetasi`ni`n’ O’zbekistan media maydani`nda tutqan worni’……………………………………………………………………..22-34

**II. Bap. DA’STU’RIY JURNALISTIKA TA’JIRIYBELERI**

2.1. Gazetani’n’ a’debiy tildi ha’m publitsistikali`q stildi qa’liplestiriwdegi roli……………………………………………………………………...35-45

2.2. Jurnalistikali`q janrlardi`n’ rawajlani’w tendenciyasi`…………………....46-57

**III. BAP. JAN’A JURNALISTIKA IMKANIYATLARI’**

3.1. Mediabilimlendiriw – baspaso’zdin’ bilim beriw funkciyasi`…………….58-69

3.2. Da’stu’riy ha’m jan’a jurnalistikada dizayn ma’selesi……………………70-79

**JUWMAQ**…………………………………………………………………..80-83

**PAYDALANI’LG’AN A’DEBIYATLAR**…………………………………..84-87

**QOSI`MSHALAR**

## KIRISIW

**Jumi'sti'n` aktualli'g'i':** Ha'zirgi da'wirde ma'limleme wortali'g'i'ni'n` globallasi'wi', ja'riyali'g'i' ha'm g'alabali'q kommunikaciyani'n` ku'sheyiwi na'tiyjesinde informaciyalar insan sanasi'na tezlik penen ag'i'p kirmekte. Biraq hesh kim informaciya ma'kani'nan bo'lek jasay almaydi'. Ma'limleme a'siri ushi'n a'jayi'p ibratli' ga'p te payda bolg'an: "informaciya a'ste aylang'an ja'miyette, sana da ha'lsiz isleydi"[1]. Sol sebepli qanday usi'l, qanday texnologiyalardan paydalani'wg'a qaramastan birinshi ma`sele, tezlik penen informaciya jetkerip beriwden ibarat. Bul haqi'yqatti' an`lag'an rawajlang'an ma`mleketlerdin` G'XQ da`rha`l Internet sistemasi'nda iskerlik ko'rsetip basladi'. 1990-ji'li' AQSh ta birinshi elektron baspaso'z («The Electronic Club») payda boldi'. 1995-ji'li' – 100, 1996-ji'li' – 1115, 1999-ji'li' – 4925[2] elektron baspaso'z global tarmaqta wo'z iskerligin jolg'a qoydi'. "Netcraft" kompaniyasi' tarqatqan mag'li'wmatlarg'a bola, 2012-ji'l may halati'na boyi'nsha du'nyada saytlar sani' 700 milliondi' qurag'an, 2013-ji'li' bolsa milliardqa shamalasqan, 2015-ji'lda yeki milliardqa jetiwi haqqi'nda boljaw qi'li'ng'an[3].

Ma`mleketimizge 1996-ji'ldan Internet kirip kelgen bolsa, respublikadag'i' G'XQ 2002-ji'ldan tarmaqda UZ domeni asti'nda wo'z elektron versiyalari'n jarati'wg'a kiristi. 1992-ji'ldan informaciyali'q texnologiyalardi' rawajlandi'ri'w, Internette mag'li'wmatlar tarqati'w boyi'nsha huqi'qi'y tiykarlar jarati'ldi' ha`m wo'tken waqi't dawami'nda 10 nan arti'q ni'zam ha`m basqa da hu'jjetler qabi'l yetildi. O`zbekistan Respublikasi'ni'n` «Baylani's haqqi'nda»g'i' (1992), «EEM ha`m mag'li'wmatlar bazasi' ushi'n bag'darlamalardi' huqi'qi'y qorg'aw haqqi'nda» g'i' (1994), «Ma`limleme ali'w kepillikleri ha`m yerkinligi haqqi'nda»g'i' (1997), «Radiochastotalar spektori' haqqi'nda»g'i' (1998),

---

1 Do'stmuhammad X. Ommaviy axborot vositalarini rivojlantirishning demokratik andozalari. – T.: O`zbekiston. 2005. 3-b.

2 Qosimova N. İnternet jurnalistikaning texnologik asoslari.– T.: O`zbekiston mustaqil bosma ommaviy axborot vositalari va axborot agentliklarini qo'llab-quvvatlash va rivojlantirish jamoat fondi, 2012. 23-b.

3 http:// www. Novostimira. Com. Ua /news_1 6325.html 21/04/2014

«Telekommunikaciyalar haqqi'nda"g'i' (1999), «Elektron sanli' qol tan`ba haqqi'nda»g'i' (2003), «Elektron hu'jjetler aylanbasi' haqqi'nda»g'i' (2004), «G'alaba xabar qurallari' haqqi'nda» g'i' (2007 jan`a baspada) ni'zamlari', O`zbekistan Respublikasi' Ministrler Ken`esinin` «Mag'li'wmatlar jetkerip beriw milliy tarmag'i'n du'ziw ha`m ja`ha`n ma`limleme tarmaqlari'nan paydalani'wdi' ta`rtipke sali'w haqqi'nda"g'i' ni'zami' (1999-ji'l 5-fevral), O`zbekistan Respublikasi' Ministrler Kabinetinin` 200-sanli' qarari' menen tasti'yi'qlang'an «2002-2010-ji'llarda kompyuterlestiriw ha`m ma'limleme-kommunikaciyali'q texnologiyalardi' rawajlandi'ri'w Bag'darlamasi'» ma`mleketimizde milliy Internet segmentin qa`liplestiriw ha`m rawajlandi'ri'wda tu'rtki boldi'.

2005-ji'l O`zbekistan Respublikasi' Prezidentinin` «Ma'limleme-kommunikaciyali'q texnologiyalardi' rawajlandi'ri'wdi'n` qosi'msha is-ilajlari' haqqi'nda»g'i' qarari' tiykari'nda «2010 yilgacha davlatni boshqarish organlari va joylarda davlat hokimiyati faoliyatida AKTlarni qo'llash Dasturi» tasdi'yi'qlandi'. Sanap wo'tilgen hu'jjetler informaciyali'q texnologiyalardi' rawajlandi'ri'w, Internettegi informaciya dereklerin ta`rtipke sali'wda huqi'qi'y tiykar boli'p xi'zmet qi'ladi'.

2007-ji'l jan`a redakciyada qabi'l yetilgen «G'alaba xabar qurallari' haqqi'nda»g'i' ni'zamda yendi «...uli'wma paydalani'wdag'i' telekommunikaciya tarmaqlari'ndag'i' veb-saytlar» (4-statya) da G'alaba xabar qurallari' yesaplanadi', «...tiyisli da'wirlik basi'li'mni'n`, baspa ha'm elektron ko'rinislerinin` mazmuni' birdey bolg'an ha'm de ni'zam-hu'jjetleri talaplari'na boysi'ng'an jag'dayda da'wirlik baspaso'z redakciyasi da'wirlik baspaso'zdin` elektron ko'rinisin yerkin g'alaba xabar qurali' si'pati'nda dizimnen wo'tkermesten tarqati'wg'a haqi'li'» (27-statya)[1], dep keltirilgen.

Lekin Internetti bir woraydan basqari'w mu'mkin yemes. Wol global tarmaq yesaplani'p, jurnalistikani'n` birlesiwi ushi'n tiykar jaratti'. Bu'gingi ku'nde

---

[1]www.lex.uz

baspaso’z, televidenie, radio – Internet sistemasi’nda iskerlik ko’rsetpekte. Jurnalistika – shegarasi’z ma`kan, yerkin so’z ayti’w minberine aylandi’. Sonli’qtan Internetten paydalani’w ma`deniyati’n qa`liplestiriw, ma`limleme ali’w ha`m tarqati’wda ni’zam hu’jjetler qatari’ a`dep-ikramli’q ma`selelerine itibar qarati’w, til ma`selesi, woni’n` buzi’li’wi’ni’n` aldi’n ali’w, da`stu’riy jurnalistikani’n` bay ta`jiriybelerinen paydalang’an halda jan`a jurnalistikani’ jetilistiriw bu’gingi ku’nnin` basli’ talabi’ yesaplanadi’. Jurnalistika zaman menen birge rawajlanadi’, sol sebepli jedel texnologiyalar a`sirinde jurnalistikani’ jan`a basqi’shqa ali’p shi’g’i’w talabi’ payda boldi’. Ma`mleketimizde de informaciyali’q ja`miyetti rawajlandi’ri’w ma`selesine ku’shli itibar qarati’lmaqta. Prezidentimiz bul haqqi’nda «Zamago’y informaciya ha`m texnologiyalardi’, sanli’ ha`m ken` ko’lemli telekommunikaciyalar, Internetti tek g’ana mektep, licey, kolledj ha`m joqari’ woqi’w wori’nlari’nda, ba`lkim ha`r bir shan`araqqa yengiziw bu’gingi ku’nde ju’da` ku’sheyip barmaqta. Sol zamanago’y baylani’s ha’m informaciyali’q texnologiyalar sistemasi’n ken` ko’lemde rawajlandi’ri’w ma’mleketimiz ha’m ja’miyetimizdin` rawajlani’w da’rejesin ko’rsetetug’i’n kriteriyalardi’n` biri boli’p xi’zmet yetedi»[1] dep aytqani’nday, bu’gin Internetten wo’zine ta’n wori’n iyelew du’nyada wo’z wori’ni’na iye boli’w menen ten` yesaplanadi’. G’XQ ni’n` elektron saytlari’n do’retiw ha’m jetilistiriw, sol arqali’ ken` ja’miyetshilikke kerekli so’zdi ayta ali’w ushi’n gu’res qi’zg’i’n dawam yetpekte.

Internettin` abzalli’qlari’nan biri qarji’ ma’selesinde ju’zege keletug’i’n mashqalalardi’ saplasti’rdi’. Sebebi, Internette G’XQ nan paydalani’w sanli’ ko’riniste boli’p, baspaso’zge qarag’anda arzan yesaplanadi’. Qag’az, baspaxana, gazetag’a jazi’li’w ha’m woni’ tarqati’w si’yaqli’ arti’qsha ta’shiwishler bolmaydi’. Ispaniyadag’i’ Madridiario.es elektron sayti’ redaktori’ Pedro Montolyu pikirinshe: «Madridiario.es tin` baspa ko’rinisi joq. Ispaniyada baspaso’z ju’da’ qi’mbat.

[1] «Xalq so’zi» gazetası. 2010-jıl, 8-dekabr.

Woni’ tarqati’wg’a ketetug’i’n g’a’rejet te di’m ko’p. Elektron basi’li’m arzanraq. Ispaniyadagi barli’q G’XQ: radio, televidenie, gazeta, jurnal Internette wo’z veb sayti’na iye. Bul bazarg’a kiriw, basqalardan aji’rali’p turi’w ha’m yen` jaqsi’lar diziminde boli’w – ju’da’ qi’yi’n»[1].

Internet jurnalistikani’n` keleshegi haqqi’nda aytar yekenbiz, wol waqi’t wo’tken sayi’n rawajlani’p, auditoriyasi’ ken`eyip barmaqta. Internet du’nyani’n` 96 ma’mleketinde wo’zinin` 40 million paydalani’wshi’si’na iye[2]. O’zbekistanda da Internet auditoriyasi’ ken`eyip, wo’z veb sayti’na iye G’XQ ko’beymekte. Sol qatari’ joqari’ woqi’w wori’nlari’nda Internet jurnalistikasi’ boyi’nsha arnawli’ pa’nler wo’tiliwi, usi’ jo’neliste do’retiwshilik yetip ati’rg’an jurnalistlerdin` bar yekenligi, unamli’ jag’day, biraq kemshilikler joq yemes. Bular haqqi’nda dissertaciya bo’limlerinde ken`irek so’z yetemiz. Soni’ ayti’w mu’mkin, O’zbekistanda Internet yele da’ramat keltiretug’i’n da’rejede rawajlang’ani’ joq.

Ma`mleketimizde da`stu’riy ha`m jan`a jurnalistika ten`be-ten` jasap kelmekte. Wolardi’ bir-birine baylani’sti’ri’p turatug’i’n u’shinshi auditoriya (eki imkaniyattan da paydalani’wshi’lar) bar. Keleshekte wolardi’n` qay biri jasap, qaysi’si’ paydalani’wdan shi’g’i’p qali’wi’ tuwrali’ ilimpazlar ta’repinen tu’rli pikirler ayti’lmaqta. Sonday dereklerge tayang’an halda ilimiy izertlew jumi’si’nda da`stu’riy ha`m jan`a jurnalistikani’n` wo’z-ara uqsasli’g’i’, ayi’rmashi’li’g’i’, jetiskenlik ha’m kemshilikleri «Ma’rifat» gazetasi’ mi’sali’nda u’yrenildi.

**Ilimiy jumi’sti’n` obekti ha’m predmeti:** «Ma’rifat» gazetasi’ ha’m woni’n` www.Ma’rifat.uz elektron sayti’. Predmet si’pati’nda gazeta ha’m saytta berilgen maqalalar, rubrika, dizaynlerdi analizlew, sali’sti’ri’w, uli’wmalasti’ri’w kibi usi’llar ali’ndi’.

**Ilimiy jumi’sti’n` maqset ha’m wazi’ypalari’.** Da’stu’riy ha’m jan`a jurnalistikani’n` wo’z-ara baylani’si’n u’yreniw, wo’zgesheligi ha’m uqsas

---

[1]Монтолью П. Доступ к электронной прессе должен быть свободным. Журналист. 2007. №8.

[2] История организации и принципы функционирования глобальной компьютерной сети интернет. Роль и значение современных информационных технологий в государственном управлении. UZINFOCOM.– Т. С 7.

ta'replerin ani'qlaw, abzalli'qlari' qatari' kemshilik ha'm mashqalalardi' atap ko'rsetiw, wolarg'a sheshim izlewden ibarat. Usi' maqsetti a'melge asi'ri'wda to'mendegi wazi'ypalar yesapqa ali'ndi':

1. Uzaq ji'llar dawami'nda toplang'an da'stu'riy jurnalistika ta'jiriybelerin puqta u'yreniw ha'm unamli' ta'replerin jan`a jurnalistikag'a yengiziw;

2. İnformaciya ali'w, jetkerip beriwde jan`a usi'l, jan`a jollardi' woylap tabi'w;

3. Baspaso'z ha'm woni'n` elektron sayti' dizayni, mazmuni', janrlar ha'm til ma'selelerin analizlew;

4. Xali'q arali'q ha'm milliy ta'jriybelerge tayang'an halda Internet jurnalistikani' rawajlandi'ri'w negizlerin jarati'w;

5. Ba'sekige shi'damli', onlayn gazetalardi' qa'liplestiriw;

6. Keleshekte Internet jurnalistikasi' rawajlani'w basqi'shlari'n boljawdan ibarat.

**Ilimiy jumi'sti'n` jan`alag'i':** Usi' ku'nge shekem bir gazetani'n` yeki tu'rli ko'rinisi sali'sti'rmali' u'yrenilmegen.

**Izertlewdin` tiykarg'i' ma'seleleri ha'm gipotezasi':**

Da'stu'riy ha'm jan`a jurnalistikani'n` qaysi' biri abzalli'g'i'n ani'qlaw, zamang'a say payda bolg'an jan`a janr, jan`a stilde jazi'w qa'biletine iye jurnalistlerdin` qa'lipleskenligin ko'rsetiw ha'm keleshekte jurnalistikani'n` qanday jo'neliste rawajlani'wi'n boljawdan ibarat.

**Ilimiy jumi'sti'n` izertleniw da'rejesi:**

Da'stu'riy jurnalistika boyi'nsha ju'da' ko'p ilimpazlar ha'm qa'nigeler B.Do'stqoraev, N.Abdulazizova, M.Xudoyqulov, Sh.Usnatdinov, D.Bekbauliev, N.Qosimova, N.Toshpolatova, N.Shofoayzieva. N.Muratovalar jazg'an bolsa, F.Mwminov, N.Qosimova, D.Rashidova, Sh.Qudratxo'jaev, N.Muratovalar[1]

[1] Do'stqoraev B. O`zbekiston jurnalistikasi tarixi. – T.: G'afur G'ulom. 2009; Abdulazizova N. Turkiston matbuot tarixi– T.: Akademiya.2000; Muxtor Xudoyqulov Jurnalistika va publicistika. - T.: 2011; Usnatdinov Sh. Jurnalistikag'a kirisiw. – N.: Qaraqalpaqstan. 2009; Qosimova N, Toshpolatova N, Shofoayzieva N. Muratova N.

O’zbekistanda Internet jurnalistikasi’ni’n` payda boli’wi’, huquqi’y, tariyxi’y, texnologiyali’q ta’replerin izertlegen. Rus ali’mlari’nan V.Voroshilov, L.Mutovkin, E.Pronin, S.Gurevich, S.Mashkova, L.Ni’rkova, V.Tulupov, A.Kalmi’kov[1]lar shi’g’armalari’nda usi’ tarawg’a tiyisli qi’mbatli’ mag’li’wmatlar berilgen. Bul kitap ha’m qollanbalarda da’stu’riy ha’m jan`a (Internet) jurnalistika jetik da’rejede u’yrenilgen bolsada, jurnalistikani’n` yeki ko’rinisi bir G’XQ mi’sali’nda sali’sti’rmali’ u’yrenilmegen.

**Ilimiy jumi’sti’n` teoriyali’q-metodologiyali’q tiykari’:** O’zbekistan Respublikasi’ Prezidenti İ.A.Karimov shi’g’armalari’, jurnalistika teoriyasi’na tiyisli a’debiyatlar, Internet materiallari’, woqi’w qollanbalardan ibarat.

**Ilimiy jumi’sti’n` teoriyali’q ha’m a’meliy a’hmiyeti.** Jurnalistika qa’nigeligi studentleri ha’m usi’ tarawda xi’zmet yetip ati’rg’an jurnalistlerge teoriyali’q ha’m a’meliy ja’rdem beriw.

**Jumi’sti’n` du’zilisi:** Dissertaciya 3 bap, 6 bo’lim, juwmaq, paydalani’lg’an a’debiyatlar dizimi, qosi’mshalardan ibarat.

---

Bosma ommaviy axborot vositalari tahririyatlari uchun qo’llanma – T.: 2008; Рашидова Д. Информационные технологии и интерактивная Интернет журналистика - Т.: 2003; Рашидова Д. Интернет в Узбекистане: возможности и проблемы. - Т.: Zar-Qalam. 2003; Рашидова Д., Азимов Ж. СМИ в Интернет и освещение законодательной деятельности Интернет журналистикой. Метод. пособие. - Т.: 2006; Рашидова Д., Муратова Н. Интернет журналистика. - Т.: Международный Центр переподготовки журналистов. 2007; Qosimova N. İnternet jurnalistikaning texnologik asoslari. – T.: O`zbekiston mustaqil bosma ommaviy axborot vositalari va axborot agentliklarini qo’llab-quvvatlash va rivojlantirish jamoat fondi, 2012; Kudratxodjaev Sh. İnternet: tarixi, tuzilishi, texnik xavfsizlik. O’quv-uslubiy qo’llanma. – T.: O’zbekistan. 2011; Kudratxodjaev Sh. Jurnalist faoliyatida İnternetdan foydalanish. Uslubiy qo’llanma. – T.: O’zbekistan. 2009; Кудратходжаев Ш. Интернет: благо или зло. Предпосылки создания, история и тенденции развития, схожесть оценок, инструмент в чьих руках…// Вестник НУУ. – Т.: Университет. 2010. - №1. – С. 3-5;

[1] Мутовкин Л. Дизайн и имиж газеты. – Омск, 2005. Пронин Е., Пронина Е. Атиномия – 2000 (NET – мышление как публичная субъективность и как массовая установка. Вестник Моск. университета. Сер 10. Журналистика. 2001. №1.); Ворошилов В. Журналистика. – М.: Издательство Михайлова В.А (2-е издание), 2000; Гуревич С. Газета: вчера, сегодня, завтра. Учебное пособие. – М.: Аспект Пресс, 2004; Машкова С. Интернет журналистика. – Тамбов.: Издательство ТГТУ, 2006; Ныркова Л. Как делается газета? – М.: ТОО Гендальф, 1998; Тулупов В. Репутация Российской прессы. Средство Массовой информации в современном мире. – СПб., 2001; Калмыков А., Коханова Л. Интернет журналистика. Пособие для вузов. – М, 2005.

## I.Bap. DA'STU'RIY HA'M JAN'A JURNALISTIKA

### 1.1. INFORMACIYA MONOPOLIYASI' JAN'A JURNALISTIKANI' JU'ZEGE SHI'G'ARI'WSHI' KU'SH SI'PATI'NDA

Bu'gingi ku'ni ha'r qanday baspaso'z xi'zmetkeri ka'siplik sheberligin iyelew menen birge, wo'zinin` turmi'sli'q principlerine de iye boli'wi', haqi'yqat ushi'n gu'resiwge umti'li'wi', usi' jolda tabanli'li'q ha'm ku'sh-g'ayrat ko'rsetiwi, ani'q yetip aytqanda, hu'jdan ha'miri menen jasawi'n zamanni'n` wo'zi talap yetpekte.[1]

Ja'miyet aynasi' yesaplang'an jurnalistler insanlardi'n` ruwxi'y du'nyasi'n bayi'ti'wi', ta'rbiyalawi' menen birge wolar arasi'nda qandaydur pikir woyati'p, du'nyag'a ko'z-qaraslardi' qa'liplestiwde tu'rtki boladi'. Sol sebepli bilimli, ta'jiriybeli, istin` ko'zin biletug'i'n jetik jurnalistlerdi ta'rbiyalaw ku'nnin` keshiktirip bolmas talabi'. Quwani'shli'si' − yelimizde jurnalistler ushi'n ken` imkaniyatlar jarati'lg'an. O'zbekistan Respublikasi' Konstituciyasi'ni'n` 29 statyasi'nda "Ha'r kim wo'zi qa'legen informaciyani' izlew, ali'w ha'm tarqati'w huqi'qi'na iye"[2] dep keltirilgen. Prezidentimiz jurnalistlerge jollag'an ha'r bir pikiri negizinde, jurt ta'g'diri ha'm woni'n` keleshegi joli'nda xi'zmet yetip, ma'limleme jetkeriw bari'si'nda janku'yerlik ko'rsetip ati'rg'an jurnalistlerge bolg'an u'lken isenimin ko'remiz: «Ha'mmemiz jaqsi' tu'sinemiz, G'XQni'n` wazi'ypalari' da, wolar aldi'na qoyi'latug'i'n talaplar da ko'p. Lekin en` a'hmiyetlisi, turmi's haqi'yqati'n toli'q tu'rde sa'wlelendiriwden ibarat. Sebebi, haqi'yqat jurnalistikani'n` wo'zgermeytug'i'n turaqli' sha'rtlerinen biri boli'p kelgen ha'm sonday boli'p qali'wi' kerek. Ha'zirgi waqi'tta baspa so'z ha'm efir arqali' haqi'yqatti' jari'ti'w, adamlarg'a jetkeriw ha'r bir jurnalisttin` bilim ha'm

---

[1] Karimov İ. Yuksak manaviyat ─ engilmas kuch.T.: Manaviyat. 2008-jıl, 136-bet..

[2] O`zbekiston Respublikasi Konstitutsiyasi. T.: O`zbekiston, 2009-jıl, 8-bet.

ta’jriybesi, woni’n` professional qa’bileti ha’m grajdanli’q poziciyasi’na baylani’sli’ yekenligin de umi’tpawi’mi’z lazi’m».[1]

Insaniyat arzi’wi’ − demokratiyali’q ja’miyet du’ziw boli’p, usi’ jolda tu’rli zaman ha’m da’wirlerde ne bir du’zimlerge tiykar sali’p kelgen. XXI a’sirde sol arzi’wdag’i’ ja’miyettin` ta’riypi “demokratiya” dep atalmaqta. Adamlardi’n` pa’rawanli’g’i’, ja’miyetlerdin` rawajlani’wi’, a’dalatli’ ten` salmaqli’q wornati’w kriteriyalari’ da sol tatli’ “demokratiya” so’zi menen su’wretlenedi.

Oliy Majlis palatalari’ni’n` qospa ma’jilisinde Prezidentimiz ma’mlekette ali’p bari’li’p ati’rg’an reformalar processin yelede jedellestiriw ha’m teren`lestiriwdin` gezektegi tiykarg’i’ jo’nelislerin belgilep berdi. “O’zbekistanda demokratiyali’q jan`alani’wlar processin teren`lestiriw ha’m puqaralardi’n` yerkinliklerin ta’miyinlewdin` ju’da’ a’hmiyetli sha’rti bul g’alaba xabar qurallari’n rawajlandi’ri’w ushi’n demokratiyali’q kriteriyalardi’ yengiziw boyi’nsha ani’q ha’m turaqli’ is-ilajlardi’ a’melge asi’ri’w” dep atalg’an u’shinshi tiykarg’i’ jo’nelis, hesh gu’mansi’z, milliy baspa so’zimiz rawajlani’wi’n jan`a bir basqi’shqa ko’teriwde jan`a bet ashadi’”.[2]

Prezidentimiz ta’repinen g’alaba xabar qurallari’ni’n` yerkinligin ta’miyinlew ha’m G’XQ iskerligin demokratlasti’ri’w, rawajlandi’ri’w boyi’nsha islenip ati’rg’an reformalar a’yne sol “To’rtinshi ha’kimiyat”ti’n` huqi’qi’y iskerligin asi’ri’wg’a qarati’lg’an a’hmiyetli wazi’ypa dep ayti’w mu’mkin. Mi’sal retinde G’XQ sistemasi’nda ko’plep wo’zgerisler ju’z berdi. O’zbekistan milliy teleradiokompaniyasi’ qurami’nda “Ma’daniyat va Ma’rifat”, “Dunyo bo’ylab” kanallari’ni’n` du’ziliwi bul tarawg’a qarati’lg’an itibar na’tiyjesi yesaplanadi’. Baspaso’z sistemasi’nda bolsa gazeta-jurnallar sani’ ji’l sayi’n arti’p barmaqta. Wolar arasi’nda ba’sekide ku’shli. Bul ja’miyettin` g’alaba xabar qurallari’na

---

[1] Karimov İ. Eng asosiy mezon – hayot haqiqatini aks ettirish. – T.: O`zbekiston. 2009.

[2] Karimov İ. Bizning bosh maqsadimiz − jamiyatni demokratlashtirish va yangilash, mamlakatni modernizatsiya va isloh etishdir”. – T.: O`zbekiston. 2005.

bolg'an qi'zi'g'i'wshi'li'g'i'ni'n` da'lili yesaplanadi'. Soni'n` menen birge bu'gingi ku'nde ja'ha'n ta'jiriybesin milliy baspaso'zimizde qollaw za'ru'rligi payda bolmaqta. Internet tarmag'i'ni'n` yerkinligi geyde unamsi'z aqi'betlerge ali'p kelip, tezliktin` ku'sheygenligi mazmunli'q jaqtan sayi'z maqalalar jazi'li'wi'na sebep bolmaqta. Jurnalistlerdin` bilimin yelede jetilistiriw talabi' ku'sheymekte. Sonday-aq, G'XQda jan`a usi'llardi' qollaw ha'm auditoriyani' sog'an bag'darlaw juwapkershiligi de joq  yemes.

"Millet, ma'mleket ha'm ja'miyet ta'g'diri sheshiliwshi bir demde wo'zligimizdi an`law, ma'deniy negizlerimizdi umi'tpaw u'lken a'hmiyetke iye"[1], ─ degen yedi Prezidentimiz.

Bir haqi'yqat: da'stu'riy ha'm jan`alani'wlar ni'zami' turaqli' ha'm ma'n`gilik yesaplanadi'! Ha'r bir jurnalist, ha'r bir publicist wo'z do'retiwshiliginde wo'zinen aldi'ng'i' jetik jurnalist ha'm publicistler qaldi'rg'an bay miyras penen qurallang'an boli'wi' ha'm wonnan na'tiyjeli paydalana ali'wi' kerek. Soni'n` menen birge sol da'stu'rlerge su'yenip, jan`ali'qlar jarati'wi' da sha'rt! Wo'zbek jazi'wshi'si' ha'm publicisti Asqad Muxtor aytqani'nday:

"Ha'r qanday jan`ali'q ─ bir waqi'tlar umi'ti'lg'an yeskilik yesaplanadi'".[2] Sonday yeken biz wo'z-wo'zinen yemes, wo'tmishti, ata-babalari'mi'z wo'miri ha'm do'retiwshiligin, wolar qaldi'rg'an bay miyrasti' puqta u'yrengen halda jan`ali'q jaratami'z. Biz jaratqan jan`ali'q bolsa, kelesi ashi'li'wlarg'a tiykar boladi'. Sonday yetip, adamlarda jan`a pikir ha'm ideyalar tuwi'lsa bir ta'repten ja'miyettin` da'stu'riylik, bir qi'yli'li'qtan zerikkenligin ko'rsetedi. Jurnalistika tarawi'nda bolsa informaciya ju'da' tez yeskiredi. Ja'miyet jan`a mag'li'wmatlar qatari' qi'zi'qli' jazi'w stilin, jan`a janrdi' ku'tedi. Bul ju'da' quramali' iskerlik. Jan`a jurnalistika – keyingi da'wir a'debiyati' ha'm publicistikasi'ni'n`

---

[1] Karimov İ. Milliy kamolot yo'li. – T.:  O'qituvchi. 2001-jıl, 23-bet.

[2] O`zbekiston Respublikasining ommaviy axborot vositalari to'g'risidagi qonunchilik hujjatlari. - T.: O`zbekiston. 2007-jıl, 5-bet.

uyg'i'nlasi'wi', jazi'wshi'-jurnalistlerlerdin` izlenislerinin` jemisi yesaplanadi'. Lekin jan`a jurnalistikani'n` ju'zege keliwinde ja'miyet talaplari'ni'n` arti'wi', informaciyag'a bolg'an mu'ta'jliktin` ku'sheyiwi sebep boldi'.

Amerika baspa so'zinde 1960-ji'llari' "Jan`a jurnalistika" atamasi'ni'n` payda boli'wi' yeki tiykarg'i' faktorg'a baylani'sli':

1. Ekonomikali'q faktor;
2. Do'retiwshilik faktor.

Ekonomikali'q faktor boyi'nsha toqtalatug'i'n bolsaq, Amerika jurnalistikasi' 3 S teoriyasi' tiykari'nda quri'lg'an. Bul jurnalistikani'n` sol talaplarg'a boysi'ng'an halda izlenisler ali'p bari'w kerekligin, xabar, jan`ali'q ha'm mag'li'wmatlar tabi'w ha'm jazi'wdi' talap yetedi.

Itibarli' ta'repi jan`ali'qlardi'n` baslamasi'na "lid" (kiris bo'lim) qoyi'ladi'. Bul tiykari'nan woqi'wshi' waqti'n yesapqa alag'an halda woylap tabi'lg'an jaqsi' ideya. "Media biznes"te informaciya da'ramat tabi'wdi'n` yen` qolay usi'li'. Sol sebep, G'XQ[1]da lidtin` tutqan worni' a'hmiyetli.

"Ma'limleme bazari'nda mag'li'wmat — tovar, auditoriya bolsa – kapital"[2]. Usi' tu'sinikten kelip shi'qqan halda Amerika baspaso'zindegi jan`alani'wlardi' tikkeley sol jerde payda bolg'an "Yellow page" (Sari' baspaso'z) din` say-ha'reketleri menen baylani'sti'ri'w mu'mkin. Bul tiptegi baspa so'zdin` a'wladi' "Sandi World" yesaplani'p, wog'an 1883-ji'li' Jozef Pulicer tiykar saldi'. Wol kewil ashar betlerdi ko'beytiw arqali' auditoriyani' wo'zine qarati'w, ha'r bir qatlamg'a mas jan`ali'qlar jarati'w, ha'r tu'rli itibardi' tartatug'i'n maqalalar, ren`li, sari' su'wretler («sari' baspaso'z» dep atali'wi' - sonday su'wretlerdin` beriliwi menen baylani'sli') beriw arqali' gazetani' bezegen. Bul usi'llar wo'tken 100 ji'l waqi't dawami'nda jetilistirip bari'ldi'.

---

[1] G'XQ – g'alaba xabar quralları. Bunnan keyingi worınlarda G'XQ dep qısqartılıp beriledi.
[2] Михайлов С. Современная зарубежная журналистика: правила и парадоксы. Санкт-Петербург. Изд. Михайлова В.А. 2002, стр-162.

“AQShda gazeta-jurnal basi’p shi’g’ari’wdi’n` wo’zine ta’n mektebi jarati’ldi’. Segiz-tog’i’z betten ibarat gazetalar wo’zin aqlay almasli’g’i’, bunday betler tiykari’nan belgili bir adamlar topari’na tani’s pikirlerdi sa’wlelendirip, ken` ja’miyechiliktin` informaciyag’a bolg’an mu’ta’jligin qanaatlandi’ra almasli’g’i’ ma’lim boldi’. Sol sebepli gazetalar jetpis-seksen, ha’tte ju’z bet ko’lemde shi’g’i’wi’ a’piwayi’ jag’dayg’a aylandi’.”[1]

Bati’s jurnalistikasi’ tiykarg’i’ itibardi’ immigrantlar ha’m a’piwayi’ jumi’sshi’lar klassi’ni’n` talap ha’m mu’ta’jliklerin qanaatlandi’ri’wg’a qaratti’. Sonli’qtan “Penny-press” g’alabalasti’. Baspaxanada xi’zmet yetiwshi isbilermenlerdin` de jumi’si’ ju’risip ketti. Keyin ala bunday baspa so’z bati’sta «G’alabali’q ma’deniyat» ti’n` payda boli’wi’na da qaysi’dur ma’niste tiykar jaratti’.

Amerikada payda bolg’an «Sari’ baspaso’z» 1881-ji’ldan Ulli’ Britaniyag’a kirip keldi. Evropada birinshi bul ko’rinistegi “Tit-Bic” gazetasi’ shi’g’ari’lg’an. Redakciya xi’zmetkerleri tiykari’nan xali’q talabi’, usi’ni’s, qa’lewlerin puqta u’yrenip, sog’an say materiallar tayarlag’an. A’sirese ag’a-ini Xarmsvortlar «Sari’ baspaso’z» ge ta’n ko’z-qaraslardi’n` Angliyada rawajlani’wi’na u’lken ta’sir ko’rsetken. Wolar 1888-ji’lg’a shekem ha’r qi’yli’ kewil ashar jurnallarg’a maqalalar ja’riyalap kelgen ha’m sol ji’ldan baslap birgelikte “Evening News”, “Daily Mail”, “Daily Mirror” gazetalari’n ashqan. Bul iske ju’da’ berilip ketkenlikten, vizualli’q boyi’nsha amerikali’lar wolarg’a ten`lese almay qalg’an. Mi’sali’, Amerika baspa so’zinde su’wret penen tekst ten` wori’n iyelegen bolsa, Britaniyada illyustraciyalar tekstti betten derlik i’si’ri’p shi’g’arg’an.

Yevropada yekinshi jer ju’zlik uri’s qarsan`i’nda «Sari’ baspaso’z» ju’da’ ku’sheyip ketken. Ma’mleket ha’m hu’kimet wolardan biyzar bolg’an. Sebebi, wo’tken a’sirdin` 50-60 ji’llari’nda bul tiptegi gazetalardi’n` tiykarg’i’ temasi’ –

[1] Mo’minov F, Nurmatov A. Jahon jurnalistikasi tarixi. – T.: Fan va texnologiyalar markaziy bosmaxonasi. 2008-jıl, 267-bet.

uri’s, qurban bolg’anlar, biyda’rek jog’alg’anlar, wayran bolg’an aymaqlar haqqi’nda boli’p, usi’nday mashqalalar auditoriya ushi’n a’hmiyetli sanalg’an. Soni’n` arqasi’nda «sari’ baspaso’z» wo’mir su’rip keldi. Uri’stan son` siyasat okeani’nda boranlar ti’ni’p qalsa da, uri’s sebepli kewli kemtik bolg’an mi’n`lap insanlar ruwxi’y depressiya, g’am-qayg’i’ ishinde ko’milip qalg’an yedi. Baspaso’z usi’nday sharayatta da wolardi’ shalg’i’ti’w, aldawdi’ dawam yetken. Wo’zin qutqari’wshi’ ku’sh si’pati’nda ko’rsetip, «ma’deniyatsi’zli’q ko’terilisin» baslap jibergen. Sol ji’llari’ wo’z betlerinde jaramsi’z su’wretler basi’p, millionlap nusqada shi’g’ari’lg’an “Playboy” (tiykari’n sali’wshi’ – X.Xefner) jurnali’n mi’sal si’pati’nda keltiriw mu’mkin.

Bul tiptegi gazetalardan qandaydur bilim ali’w mu’mkin yemes, wolar tek g’i’ybat negizine quri’lg’an boli’p, aldaw arqali’ zor da’ramat tabi’wdi’ go’zlegen.

Jurnalistikada bul «gossip» (gossip – anglichan tilinen ali’ng’an – jalg’an, g’i’ybat, jala jabi’w) termini menen tu’sindiriledi. «Gossip»ke qarsi’ maydang’a shi’qqan ku’sh «nonfikshn» boldi’. Wol «Jan`a jurnalistika»ni’n` do’retiwshilik yetiw faktori’n qollap-quwatladi’. «Nonfikshn» anglichan tilinen awdarmalag’anda (nonfiction – non – joq, fiction – giybat, o’tirik) ha’diyse yaki waqi’ya tuwrali’ ani’q da’liller degen ma’nisti bildiredi. Wol ani’q mag’li’wmat, hu’jjet ha’m faktlerge tiykarlang’an publicistikali’q shi’g’armalar yesaplanadi’.

Ja’miyettin` informaciyani’n` tuwri’ ha’m isenimliligine bolg’an talabi’ ku’sheyip, basqasha stil ha’m janrdag’i’ qi’zi’qli’ metodlardi’ ku’te baslawi’ nonfikshndi ju’zege keltirdi. Na’tiyjede jan`ali’q jarati’w arqali’ auditoriyani’n` baspaso’zge bolg’an qi’zi’g’i’wshi’li’g’i’ ha’m isenimin saqlap qali’w maqsetinde jurnalistler izleniske tu’sti. Wolar uzaq waqi’t dawami’nda qa’liplesken bay proza stillerinen paydalani’wdi’ maqset yetti. Nonfiksh u’lgileri usi’ni’li’wi’ menen gazeta woqi’wshi’lari’ ta’repinen u’lken qi’zi’g’i’wshi’li’q penen ku’tip ali’ndi’.

“Ja’miyetke unaytug’i’n ha’m tu’sinikli stilde mag’li’wmatlardi’ beriw boyi’nsha gu’res boldi’. Bul pu’tin baspaso’zdi qamti’p aldi’ ha’m usi’nday jol

arqali' basqari'ldi', baspaso'z wo'zgerdi. Jas, jan`a is baslag'an reportyorlar da'stu'riy jurnalistlerge qarag'anda ku'shli pikirler menen ha'reket basladi'."[1]

The New Yorker, New York Magazine, The Atlantic Monthly, Rolling Stone, Esquire, CoEvolution Quarterly si'yaqli' baspaso'zde zamanago'y auditoriya ha'm zaman talaplari'na say bir-birinen qi'zi'qli' maqalalar ja'riyalandi'. Bul maqalalarda wo'zgeshe jazi'w stili seziletug'i'n yedi. Waqi'yalar misli ko'rkem a'debiyattag'i'day keltirilip, qaharman ha'm obrazlar tap sol ja'miyettegi kisiler bolatug'i'n yedi.

"Gazetalar, basqa da'stu'riy baspaso'zlerden wo'zgeshe tu'rde wo'z ha'reketin auditoriyani' bag'darlawg'a qaratti'."[2]

Jan`a jurnalistikani' proza ha'm publicistika wortasi'nda payda bolg'an jan`a janr si'pati'nda ali'p qaraw mu'mkin. Buni' gibrid janr dep atasaq ta tuwri'. Wonda prozag'a ta'n elementlerdin` ushi'rasi'wi' buni'n` ayqi'n mi'sali'. Tan` qalarli'q ta'repi jan`a jurnalistika jarati'wshi'lari' a'debiyattag'i' realizm metodi'n biykarlaydi'. Wolardi'n` pikirinshe ha'r bir jazi'latug'i'n shi'g'arma real boli'wi' kerek. Buni' a'meliyatta da'lillegen jurnalistler da'slepki maqalalari'nda bir qi'yli'li'q ha'm da'stu'riylikten qashi'p, jan`a stillerdi qolladi', waqi'yani' ma'zi mag'li'wmatlar menen tu'sindirip qalmastan, wo'zine ta'n usi'lda jazi'p, woqi'wshi'g'a turmi's sahnasi'nda ju'z berip ati'rg'an ha'diyselerdi ashi'q-aydi'n ko'rsetip berdi. Na'tiyjede waqi'yani' dawamli' gu'zetip, u'lken prozali'q shi'g'armalar do'retti. Gazeta i'qlasbentleri buni' zor qi'zi'g'i'wshi'li'q penen ku'tip aldi'. Bazar ha'm ji'yi'nlarda, adamlar ko'p toplanatug'i'n jerlerde "Nonfishkn!" dep qayta-qayta qi'shqi'ri'p gazetalar sati'latug'i'n boldi'. Adamlar bir-biri menen pikir almasi'p, maqalalar haqqi'nda ba'sekige kiristi. Nonfikshnnin` auditoriya ta'repinen qi'zg'i'n ku'tip ali'ni'wi' biykarg'a yemes yedi. Sebebi

[1] Lloyd Chiasson. - Three centuries of American Media .:Englowood Colarado. Morton Publishing Company, 1999.p.256.

[2] Brian S. Brooks. George Kennedy. - The Missoure group: News reporting and writing.:University of Kanzas. Wadsworth Publishing Comp. 1992, p.9.

nonfikshn payda bolmastan aldi’n shi’qqan maqalalarda to’mendegi kemshilikler bar yedi:

— waqi’yani’ bir ta’repleme sa’wlelendiriw;

— stildin` go’nergenligi;

— mag’li’wmat ha’m faktti’ keltiriwde ta’biyiyliktin` joqli’g’i’;

— faktlerden ta’rtipsiz paydalani’w;

Bunnan ti’sqari’ jurnalistlerge ja’miyetshiliktin` kritik pikirleri ko’beyip, informaciyani’ jetkerip beriwde keshigiw jag’daylari’ baqlandi’. Nonfikshn sol sebepli tezde g’alabalasti’. Wonda tiykarg’i’ maqset — hu’jjetli jazi’wg’a arzi’rli’ insanlar wo’mirin gu’zetiw, mayda detallarg’a shekem u’yreniw, auditoriyani’ teren` pikirlewge bag’darlawshi’ intervi’yular ali’w, reportajlar tayarlaw, sol materiallarda proza usi’llari’nan ken` paydalani’w, dramali’q sahnani’n` bari’n bari’nsha auditoriyag’a ko’rsetiw boldi’.

Jan`a jurnalistika termini tu’rlishe tu’sindiriledi. Son`g’i’ ji’llarda jan`a jurnalistika − jan`a da’wir jurnalistikasi’ degen pikirlerde payda bolmaqta. Sebebi, jurnalistikani’n` mazmuni’ menen bir qatarda mag’li’wmat jetkerip beriw usi’llari’ da zamang’a say wo’zgeriske ushi’radi’. Woni’n` ku’shli rawajlang’an ko’rinisi − texnika jurnalistikasi’ yag’ni’y Internet yesaplanadi’.

Internet ha’mme paydalani’wi’ mu’mkin operativ baylani’s qurali’. Da’stu’riy G’XQnan parqi’ bir woraydan Internetti basqari’p bolmaydi’, wog’an qa’legen adam qa’legen waqi’tta kiriwi, mag’li’wmat ali’wi’, jaylasti’ri’wi’, basqalar menen sa’wbetlesiwi ha’m basqada ko’plep imkaniyatlardan paydalani’wi’ mu’mkin. World Wide Web – wo’rmekshi tori’ni’n` wo’zine ta’nligi ha’m jetiskenligi wol qi’sqa waqi’t ishinde kerekli mag’li’wmatlardi’ bir jerge toplap beredi. Bul xi’zmetti a’melge asi’ri’wda Duglas Engelbart, Ted Nelson ha’m Tim Bemers-Li si’yaqli’ ali’mlardi’n` «giperssilka» ideyasi’n woylap tabi’wi’ tiykar boldi’. Wolardi’n` ha’r biri gipertekst texnologiyasi’ rawajlani’wi’ ushi’n salmaqli’ u’les qosqan. Kompyuter a’sirinin` ulli’ woylap tabi’wshi’lari’nan biri –

professor Duglas Engelbart 1968-ji'lda Stenford universitetinde boli'p wo'tken konferenciyada birinshi ma'rte «teksttin` belgili bir bo'limlerine jollama (ko'rsetpe) kiritken jan`a «u'lgisi»nin` islew principin ken` ja'miyechilikke ko'rsetip berdi. Woni'n` ideyasi' tiykari'nan, bir tekst ishinde bir kansha basqa mag'li'wmatlarg'a jollama berilgen boli'p, arnawli' so'zler arti'nda jasi'ri'ng'an informaciyalardi' ashi'p woqi'w mu'mkin yedi. Yag'ni'y ko'rinip turg'an tekst arti'nda ko'plep mag'li'wmatlardi' tabi'w ushi'n tiykarg'i' bette berilgen giper jollamalar ja'rdeminde wo'tiw ha'm ja'ne aldi'ng'i' halatqa qayti'w imkaniyati' bar yedi. Biraq Engelbart ideyasi' a'wmetsizlikke ushi'radi'. Woni'n` islerinin` si'nawdan wo'tiwi ushi'n ko'p waqi't kerek boldi'. Alti' ji'ldan son` gipertekst ideyasi' professor Ted Nelson di qi'zi'qti'ri'p qoydi'. Ali'm woni' toli'q u'yrenip shi'qti', konsepciyasi'n Engelbart tan wo'zgeshe ta'rizde, ken`eyttirip, «Computer Lib/Drem Machine» kitabi'n ken` ja'miyechilikke usi'ndi'. Bul qollanba kitap da'stu'r jarati'wshi'lar arasi'nda ken` g'alabalasti', biraq global tarmaq yele yeski ko'riniste boli'p, woni' a'melge asi'ri'w imkani' bolmadi'. Tekg'ana won jeti ji'ldan son` (1991), Shvecariya yadroli'q fizika laboratoriyasi' xi'zmetkeri Tim Berners-Li, Engelbart ha'm Nelson ideyalari'n ju'zege shi'g'ardi'. Wol gippertekst tili – HTML da'stu'rlew tilin (Nureg Text Markup Language) ha'm de HTTP (Hyper text Transfer Protocol) giperteksti jiberiw ha'm qabi'l qi'li'w protokoli'n jarati'p, woni'n` tiykari'nda du'nyani' iyelegen wo'rmekshi tori'ni'n` jumi'si'n jolg'a qoydi' ha'm WWW gipertekst sistemasi'ni'n` u'shinshi a'wladi'na aylandi'. Demek, sonday qolayli'qlarg'a iye Internet hesh bir baspaso'zde bar bolmag'an qa'siyeti menen aji'rali'p turadi'.[1]

Haqi'yqati'nda da, giperjollamalar wo'rmekshi tori'n payda yetiwshi mexanizm boli'p, wolar Internettin` barli'q dereklerin bir-birine baylani'sti'ri'wshi' qural yesaplanadi'. Sol sebepli Internetti tek g'alaba xabar qurali' dep ataw naduri's. Wol ha'mme tarawda isletiledi: zat sati'p ali'w, pochta xi'zmeti, tu'rli

[1] Qudratxwjaev T. «İnternet: tarixi, tuzilishi, texnik xavfsizlik», -T.: O`zbekiston. 2011-jıl, 12-13-betler.

to'lemler to'lew, qosi'q yesitiw, belgili bir pa'n kurslari'nda woqi'w h.t.b. Lekin Internet jurnalistika tarawi'ni'n` ken`eyiwi ha'm tez pa't penen rawajlani'wi'na tiykar jaratti'. A'sirese, wol G'XQ iskerliginde yeki u'lken wo'zgeris jasadi': ***birinshisi,*** du'nya boylap informaciya aylani'wi' tezlesti, ***yekinshisi,*** Internet arqali' auditoriya menen tuwri'dan-tuwri' baylani'sqa kirisiw imkani' jarati'ldi' ha'm bul processte sheklewler kemeydi. Pikir yerkinligi ta'miyinlendi. Ekonomikali'q ta'repten g'a'rezsizlik ju'zege keldi. Sebebi Internette veb-saytlardi' du'ziw gazeta-jurnallardi' basi'p shi'g'ari'wdan, yaki teleko'rsetiwlerdi efirge jiberiwge qarag'anda arzan. Mi'sali', qag'az qi'mbat ha'm woni' islep shi'g'ari'w ushi'n ko'p shi'g'i'n ketedi. Yekinshiden, ha'ptesine worta yesapta yeki ma'rte, segiz betli, jigirma mi'n` nusqada shi'g'ari'latug'i'n gazeta ushi'n qansha qag'az sari'plani'wi'n woylap ko'rin`. Qag'azdan ti'sqari' pochta xi'zmeti, woni' ali's aymaqlarg'a jetkerip beriw mashqalasi' bar. Ja'ne jazi'li'w ma'jbu'riyligi degen arti'qsha bas awi'ri'w «gazeta-jurnal nege kerek?» degen sorawdi' keltirip shi'g'aradi'. Wonnan ko're baspaso'z toli'q tu'rde veb-saytlarda wo'z iskerligin dawam yettirse, qi'zi'qqan adam woqi'p, kerekli mag'li'wmatlardi' ju'klep alsa bolmayma?! Boladi'. Buni'n` ushi'n biraz waqi't kerek. Da'stu'riy ha'm jan`a jurnalistikani'n` ten`be-ten` jasap keliwinde yeki sebep bar. ***Birinshiden,*** bizde yeki da'wir adamlari' jasaydi': jan`a texnika tilin tu'sinetug'i'n jaslar ha'm qag'az benen islewge u'yrengen kekse a'wlad wa'killeri. Wolar kompyuterde woqi'p, jazg'annan go're qolda qag'az benen islesiwdi abzal ko'redi. ***Yekinshi*** sebep, ha'mme toli'q Internet penen ta'miyinlenbegen, tarmaqta islew mu'mkinshiligine iye yemes ha'm bizin` sharayati'mi'zda Internette islew qi'mbatraq. Sol sebep O'zbekistanda da'stu'riy ha'm jan`a jurnalistika yegizek halda jasap kelmekte. Gazetalardi'n` baspa ko'rinisi menen elektron ko'rinisi wo'z auditoriyasi'na iye.

Baspaso'z – uzaq ji'llar, a'sirler dawami'nda qa'liplesti, jan`asha ko'rinis payda yetip, basqa g'alaba xabar qurallari'ni'n` payda boli'wi'na tiykar jaratti'. Biraq, XXI' a'sir – informaciya texnologiyalari' a'sirine kelip, wol belgili ma'nide

wo'z ta'sir ku'shin joyi'tti'. Sebebi informaciya almasi'wi' tezlesti. Misli adam organizmi kibi. Bizge belgili, organizminde minutlar ishinde mi'n`lap kletkalar wo'lip, mi'n`lap kletkalar qayta tuwi'ladi'. Du'nya global tarmag'i' yesaplang'an – Internet sol organizmge uqsaydi'. Wog'an minutlar ishinde millionlap jan`ali'qlar kiritiledi. Bir waqi'tta wolardi' qabi'l qi'li'w, analizlew mu'mkin yemes. Biz tek wo'zimizge kerekli mag'li'wmatlardi' ali'w menen sheklenemiz.

Yekinshiden, bu'gingi ku'nde informaciyag'a wo'nim (tovar) si'pati'nda qaraw halatlari' ushi'raspaqta. Kelin`, woni' yendi pisirilgen awqat si'pati'nda ali'p qaraymi'z. Demek, awqati'mi'z uzag'i' menen yari'm saat ishinde suwi'ydi'. Suwi'g'an awqatti' jew, ta'biyiy ra'wishte ishteydi buwadi'. Usi' wori'nda soraw tuwi'ladi':

− I'ssi' informaciya degenimiz ne?

− Jurnalist waqi'ya-ha'diyse ju'z bergen waqi'ttan uzag'i' menen 30 minut ishinde jan`ali'qti' auditoriyag'a jetkeriwi kerek. Bug'an yerise almasa informaciya yeskiredi. Bul jag'dayda televidenie, radio wo'zinin` interaktiv xi'zmetlerinen paydalani'p, tuwri'dan-tuwri' efir arqali' waqi'ya jayi'nan ken` ja'miyetke xabarlawi' mu'mkin. Baspaso'z ayli'q, ha'ptelik meyli ku'nlik bolg'an ta'g'dirde de informaciya beriwde qaysi'dur ma'nide keshigedi. Bunday jag'dayda auditoriyani'n` baspaso'zge isenimi ha'm qi'zi'g'i'wshi'li'g'i' so'nbeyme, tezlik kibi principke zi'yan jetpeyme?

G'XQ sani' ha'm tu'rlerinin` keskin ko'beyiwi, a'sirese, Internettin` payda boli'wi', baspaso'zdi jan`a usi'l, jan`a ideyalar woylap tabi'wg'a ma'jbu'r yetti. Du'nyada ayri'm redakciyalar wo'z auditoriyasi'n joyti'p almaw ushi'n gazeta menen birge gazeta woqi'wshi'lari'na tu'rli DVD disk ha'm kitaplar qosi'p tarqatti'. Ba'ribir jaqsi' na'tiyjege yerise almadi'. Gazeta nusqasi'ni'n` kemeyip ketiwi, islep shi'g'ari'w qa'rejetlerinin` arti'wi' sebepli xi'zmetkerler sani' qi'sqardi'. Ko'plep jurnalistler jumi'ssi'z qaldi'. Internet ha'm baylani's qurallari' pa't penen rawajlani'p informaciya bazari'n iyeledi. Da'stu'riy baspaso'z jan`a

informaciya qurallari'ni'n` ayawsi'z ba'sekisine qarsi' turi'w ushi'n oflaynnan onlayn ko'riniske wo'tti. Onlayn (ofline) line-si'm, on- da – bul "Internette" degen tu'sinikti bildiredi. Oflayn bolsa onlaynni'n` kerisi. Gazetalar wo'z Internet versiyalari'n jarati'w arqali' quramali' ahwaldan shi'g'i'w joli'n tapti' ha'm bul jolda a'wmeti ju'risken baspaso'zlerde boldi'.

Franciya xalqi'ni'n` salmaqli' bo'limi (30mln) xali'q arali'q tarmaqtan turaqli' paydalanadi'. A'sirese, jaslardi'n` derlik barli'g'i' da'stu'riyden go're, elektron baspa so'zdi maqul ko'redi. Ja'ne bir sebep, bazar sha'rayati'nda suw ha'm hawaday za'ru'r bolg'an reklama da ko'birek Internetke wo'tip ketpekte. "Mond" gazetasi'ni'n` elektron versiyasi' www.lemonde.fr sayi'ti' Franciyadag'i' yen` g'alaba veb-sayt yesaplanadi'. Gazeta ku'nine 300 mi'n`nan ziyat tirajda shi'g'ari'lsa, woni'n` sayti'na ha'r qu'ni 600 mi'n`nan arti'q paydalani'wshi' kiredi. Sol sebepli saytlar redakciya ushi'n jaqsi' qarji' deregi boli'p xi'zmet qi'lmaqta. "Mond" gazetasi' ayi'na 6 evro yesesine a'hmiyetli jan`ali'qlar elektron jazi'lmasi'n sho'lkemlestirgen. "Eko" yekonomikali'q gazetasi' da yesabatlar, basqada izertlewlerdi belgili bir to'lew negizinde usi'nadi'".[1]

Usi' wori'nda wori'nli' soraw tuwi'ladi'. Gazetalardi'n` baspa ha'm elektron ko'rinisi bir qi'yli' boli'wi' kerekpe, yaki wo'zgeshe? Lekin, wolar imkaniyat bari'si'nda yeki tu'rli yekenligin umi'tpawi'mi'z kerek.

– Gazeta belgili bir aymaqta tarqati'ladi' ha'm auditoriyasi' sheklengen boladi'. Internettin` u'lken bir abzalli'g'i' woni'n` globalli'g'i', shegara bilmesligi yesaplanadi'. Onlayn gazetadan du'nyani'n` qa'legen mu'yishinde turi'p paydalani'w, informaciya ali'w ha'm tarqati'w mu'mkin;

– Gazeta belgili bir waqi'tta shi'g'ari'ladi', sol sebepli wonda beriletug'i'n jan`ali'qlar yeskiriwi mu'mkin, lekin onlayn gazetada qa'legen waqi'tta mag'li'wmat jaylasti'ri'w imkani' bar. Tezlik boyi'nsha onlayn gazeta jetekshilik

[1]Yoqubov S. "Sariq matbuot"ni xushlamaydigan mamlakat. "Ma'rifat" gazetasi. 2009-jıl, 23-sentyabr.

qi’lsa, wonda materiallardi’n` analiz qi’li’nbag’anli’g’i’ ha’m basqada kemshilikler gu’zetiledi;

− Gazetada mag’li’wmatlar toli’q, onlaynda qi’sqa jaylasti’ri’ladi’.Yeger woqi’wshi’ qi’zi’qsa maqalani’n` dawami’n tawi’p woqi’wi’ mu’mkin:

− Gazetani’n` onlayn ko’rinisinde tu’rli ren`li su’wret ha’m animaciyalardan paydalani’ladi’. Gazetalardi’n` ko’pshiligi aq-qara ren`de shi’g’ari’ladi’. Onlayn gazeta a’jayi’p dizayni menen woqi’wshi’ itibari’n tarti’wi’ mu’mkin. Yekinshiden, su’wretler mag’li’wmatlardi’n` isenimliligin ta’miyinleydi. Biraq veb-saytlarda su’wret ha’m animaciyalar ko’pligi saytqa kiriwde biraz waqi’t talap yetedi.

− Gazetada bir ta’repleme mu’na’sibet boladi’, onlayn ko’riniste interaktivlik ku’shli. Jazi’lg’an maqala yaki xabarg’a sol waqi’tti’n` wo’zinde woqi’wshi’ mu’na’sibet bildiriw, soraw beriw imkaniyati’na iye.

Lekin yen` da’slep jarati’lg’an veb-saytlar ju’da’ a’piwayi’ boli’p, wonda tek gazeta betlerinde shi’qqan maqalalar jaylasti’ri’lg’an. Basqa gazeta saytlari’ni’n` ju’zege keliwi, ba’sekinin` ku’sheyiwine ali’p keldi. Jan`a jol, wo’zgeshe qatnas, jan`a usi’l ha’m metodlar woylap tabi’w kerek boldi’. Na’tiyjede saytlar imkaniyati’ da ken`eydi. Tiykarg’i’ informaciyadan ti’sqari’ qosi’msha xi’zmetler, rubrikalar sho’lkemlestirildi. Woqi’wshi’lardi’ pikirlewge bag’darlaytug’i’n interaktiv soraw-juwaplar, analitikali’q maqalalar berile basladi’. Redakciya ha’m jurnalist penen tuwri’dan-tuwri’ baylani’si’w imkaniyati’ jarati’ldi’. Bul wo’z na’wbetinde onlayn gazetalarg’a bolg’an isenim ha’m qi’zi’g’i’wshi’li’qti’ artti’rdi’.

## 1.2. «MA'RIFAT» GAZETASI'NI'N' O'ZBEKISTAN MEDIA MAYDANI'NDA TUTQAN WORNI'

Bilimlendiriw tarawi'ni'n` jetekshi gazetasi' yesaplang'an «Ma'rifat»ti'n` milliy baspa so'zimizde wo'zine say worni' bar. 1917-ji'li' Turkistan u'lkesinde maorif xali'q komissiyasi' du'zildi ha'm jan`a usi'ldag'i' mektepler ashi'ldi'. Balalarg'a ta'lim-ta'rbiya beriw ushi'n jan`a kadrlar biriktirildi. Bul ushi'n ta'lim-ta'rbiyag'a tiyisli qollanba, woqi'wli'q kitaplar, pedagogikali'q ko'rsetpeler za'ru'r yedi. Sol talaplardi' qanaatlandi'ri'w ushi'n 1918-ji'li' avgust ayi'nda Musulman woqi'ti'wshi'lari'ni'n` birinshi quraltayi' (ma'jlis) wo'tkerildi. Quraltay Turkistan u'lkesinde xali'q bilimlendiriwin (maorifini) rawajlandi'ri'w, mektepler ushi'n sabaqli'q, ta'lim-ta'rbiyag'a baylani'sli' a'debiyatlar, gazeta-jurnallar basi'p shi'g'ari'w kibi a'hmiyetli ma'seleler boyi'nsha tiyisli ni'zamlar qabi'l yetti. Sol ma'jlisten son` Turkistan bilimlendiriw xali'q komissarli'g'i' qasi'nda «Tu'rk sekciyasi» ta'repinen "Maorif" atli' ilimiy, ag'arti'wshi'li'q jurnali' shi'g'ari'la basladi'. Bul ma'mleketimizdegi tun`g'i'sh pedagogikali'q jurnal boli'p, Ma'jilis ni'zami'nda ko'rsetilgen wazi'ypalardi' a'melge asi'ri'w, mektep, ta'lim-ta'rbiya tarawi'nda bar bolg'an qi'yi'nshi'li'qlardi' jen`iwde xali'q bilimlendiriw xi'zmetkerlerine jaqi'nnan ja'rdem ko'rsetiwge qarati'lg'an yedi. 1930-ji'lg'a kelip, pedagogikali'q baspaso'z tariyxi'nda jurnalg'a qarag'anda da'wirlik baspaso'zge ko'birek mu'ta'jlik sezildi. Buni'n` na'tiyjesinde 1931-ji'l 4-iyulda xali'q bilimlendiriwinin` qa'nigelesken gazetasi' "Madaniy inqilob"qa tiykar sali'ndi'. Bul gazeta O'zbekistan (maorif) bilimlendiriw xali'q komissiyasi' ha'm Wworayli'q komitet ken`esinin` basi'li'mi' si'pati'nda 1934-ji'lg'a shekem shi'g'ari'li'p, gazetag'a K.Beregin redaktor bolg'an. Gazetani'n` 1931-ji'li' 12, 1932-ji'li' 60, 1933-ji'li' 19, 1934-ji'li' 45 sani' shi'g'ari'lg'an.

Ji'llar wo'tiwi menen gazeta bilimlendiriw tarawi'n ken`irek qamti'p ala basladi'. Siyasiy temadag'i' maqalalar menen birge mektep turmi'si'nda

ushi’rasatug’i’n mashqalalar, woqi’wshi’lardi’n` woqi’w bag’darlamasi’ndag’i’ materiallardi’ wwo’zlestire almay ati’rg’anli’g’i’, ayi’ri’m basshi’lardi’n` wo’z isine biypa’rwali’g’i’, jas pedagoglardi’ qollap-quwatlaw, ko’meklesiw worni’na, wolardi’ tergew, tu’rli ta’sir wo’tkeriw jag’daylari’, sabaqlardi’n` zerigerli wo’tiliwi, jaslardi’n` kewildegidey, woqi’p u’yreniwi, ta’lim-ta’rbiya ali’wi’ ushi’n sharayat joqli’g’i’, mektep do’gereklerinin` tek te ati’na jumi’s islewi kibi a’hmiyetli temadag’i’ maqalalar basi’lg’an.

Gazetani’n` 1935-ji’l 30-sentyabr sani’nan 1938-ji’l 29-iyun sani’na shekem Akmal Po’lat juwapli’ redaktor lawazi’mi’nda islegen. Gazeta 1938-ji’l 10-fevral, 8-sani’nan baslap “O‘qituchilar gazetasi” atamasi’nda shi’g’ari’la baslag’an. 1940-ji’li’ lati’n grafikasi’nan kril a’lipbesine wo’tken. Yekinshi jer ju’zlik uri’s da’wirinde (1942-1945 ji’llari’) gazeta wo’z iskerligin waqti’nsha toqtatqan. Uri’stan son` 1946-ji’ldan qayta shi’g’ari’li’p baslag’an. Gazeta da’slep 10-11 ku’nnen bir ma’rte, avgust ayi’nnan baslap ha’ptege bir ret shi’g’ari’lg’an. 1946-ji’li’ gazetani’n` 36 sani’ jari’q ko’rgen. XX a’sirdin` 50-60 ji’llari’ Stalin wo’liminen son` siyasiy turmi’sta yerkinlik ju’zege kelgenligi sebepli gazeta ko’birek ta’lim-ta’rbiyag’a itibar qaratqan. 1964-1986 ji’llar arali’g’i’nda gazetag’a Shahob Maqsudov redaktorli’q yetken. Wol Nizomiy ati’ndag’i’ Tashkent ma’mleketlik pedagogikali’q instituti’n tamamlag’an, pedagog-jurnalist bolg’an. 1954-ji’l «O‘qituvchilar gazetasi»nda a’debiy xi’zmetkerlikten miynet joli’n baslap, bas redaktor lawazi’mi’na shekem ko’terilgen. Bilimli, ta’jiriybeli, istin` ko’zin biletug’i’n jurnalist si’pati’nda uzaqti’ go’zlep is ju’ritken. Na’tiyjede gazeta tarixi’nda en` uzaq mu’ddet bas redaktor lawazi’mi’nda islegen.

1980-ji’llardi’n` aqi’ri’ 1990-ji’llardi’n` basi’nda gazetada ta’lim-ta’rbiyani’n` si’pati’ ma’selesine, a’sirese, bilim beriwdin` ruwxi’y-ag’arti’wshi’li’q ta’replerine ku’sh berildi. Sonday-aq, bul da’wirge kelip, ma’mleketimiz bilimlendiriw tarawi’nda milliylik tu’sinigi jetekshi wori’ndi’ iyeledi. Millet si’pati’nda kimligimiz, qay ta’repke barati’rg’ani’mi’z, xali’qti’n`

turmi's da'rejesi qanday yekenligi, ta'biyatqa g'amqorli'q ma'selelerin sa'wlelendirgen maqalalarg'a ken` wori'n berildi. Wo'zlikti an`law, millet si'pati'nda birlesiw, milliy miyras, ma'deniyatti' saqlaw kibi ma'seleler "O'qituvchilar gazetasi"ni'n` jetekshi temasi'na aylandi'.

G'a'rezsizlik qarsan`i'nda 1991-ji'l 4-iyulde gazetani'n` 60 ji'lli'g'i' belgilendi. Sol ku'ni gazeta "Ma'rifat" ati' menen xali'q zi'yali'lari'ni'n` basi'li'mi' si'pati'nda birinshi ma'rte wo'z woqi'wshi'lari'na usi'ni'ldi'. Wonda gazetani'n` "Ma'rifat" dep atali'wi'na tu'sinikler berilgen: "Mektep kelbetin insan shaxsi'na qarati'w ushi'n ekonomikali'q izlenisler boli'p ati'rg'an bu'gingi ku'nde xali'q bilimlendiriwi tarawi' u'lken wo'zgerisler menen jasamaqta. Milliy mektep da'stu'rin islep shi'g'i'w, insan shaxsi'n kamalatqa jetkeriw ushi'n yen` na'tiyjeli jollardi' izlew, talantli' jaslar ta'lim-ta'rbiyasi'n jolg'a qoyi'w, bazar sharayati'nda woqi'w wori'nlari' iskerligin jetilistiriw ma'seleleri a'hmiyetli dep tabi'ldi'. Sonday-aq, gazeta auditoriya talaplari'n u'yrenip, wo'zine ta'n joldi' tan`ladi'. G'a'rezsizlik ji'llari'nda bilimlendiriw tarawi'nda a'melge asi'ri'lg'an reformalardi' ken` tu'rde xali'qqa tu'sindirip, adamlardi'n` sawatli'li'g'i'n artti'ri'wg'a xi'zmet yetti. Huqi'qi'y tarawda O'zbekistan Respublikasi' «Bilimleniriw haqqi'nda»g'i' ni'zami' islep shi'g'i'li'wi' ha'm woni'n` "Ma'rifat"ti'n` 1991-ji'l 129-sani'nda ja'riyalani'wi' gazeta betlerinde qi'zg'i'n pikir almasi'wlarg'a sebep boldi'. 1992-ji'l O'zbekistan Respublikasi' Woliy Kengashi 10-sessiyasi'nda «Bilimlendiriw haqqi'nda»g'i' ni'zam qabi'l yetildi. Bul ni'zam ma'mleketimizde bilimlendiriw tarawi'ndag'i' mashqalalardi'n` sheshiliwine tiykar boldi'. Gazetada ku'n talabi'nan kelip shi'g'i'p, "Bozor iqtisodiyoti va xalq ta'limi", "Milliy maktab muammolari", "Dolzarb mavzu", "Ta'lim va islohot", "Mustaqillik odimlari", "Xalq ta'limi va hokimiyat", "Sarhisob va rejalar", "Nuqtai nazar", "XXI asr maktabi" si'yaqli' rubrikalar ashi'li'p, ha'r bir mashqala boyi'nsha tu'rli maqala, pikirler berip bari'ldi'. Sol qatari' milliy qa'driyatlari'mi'zdi' tiklewge bag'i'shlang'an "Qadriyatlarimiz",

“Unutilgan siymwolar”, “Moziyga nazar”, “Dil daftari”, “Nafosat bo‘stoni”, “Ustozlar va shogirdlar”, “Maktabni sog‘inaman” rubrikalari’ sho’lkemlestirildi. G’a’rezsizlik da’wirindegi wo’zgerisler gazeta iskeriligine de u’lken ta’sir ko’rsetti. So’z yerkinligi ta’miynleniwi sebepli tu’rli temalarda, wo’zinde u’lken mashqalani’ ko’tergen maqala, intervyu, sa’wbetler, ma’mleketimiz g’a’rezsizligin bekkemlewde wo’rnek ko’rsetken insanlar tuwrali’ ocherkler berildi.

G’a’rezsizliktin` da’slepki ji’llari’nda ekonomikali’q krizis gazeta iskerligine ta’sir ko’rsetti. 1991− 92 ji’llarda gazeta ha’ptesine u’sh ret shi’g’ari’lg’an bolsa, 1994-95 ji’llarda bir ret shi’qqan. Sog’an qaramastan gazeta bilimlendiriw tarawi’ni’n` haqi’qi’y aynasi’ boli’wg’a ha’reket yetti. 1992-ji’l 15-dekabrden 1996-ji’l 16-aprelge shekem gezatag’a ta’jiriybeli jurnalist Sadulla Hakimov redaktorli’q qi’lg’an. Woni’n` “Hamal tonglari”, “Sen kutgan bahor”, “Yoz oqshomi”, “Ona so’z”, “Saylanma”, “Ko’ngil yuzi” kibi qosi’q kitaplari’ jari’q ko’rgen. Wwol “O’zbekistang’a xi’zmet ko’rsetken ma’deniyat xi’zmetkeri” da’rejesine miyasar bolg’an.

1996-ji’ldan 2009-ji’lg’a shekem gazetada Halim Saidov redaktor wazi’ypasi’n wo’tedi. Woni’n` ta’lim-ta’rbiyag’a baylani’sli’ “Barkamol avlod orzusi”, “Kelajakka sarmoya”, “Kuch − bilim va tafakkurda” si’yaqli’ kitaplari’ jari’q ko’rgen. “Ma’rifat libosidagi ozodlik”, “Tug’ildingmi, bu dunyoga twolibsan!”, “Matbuot − milliy manfaatlar himoyachisi” monografiyalari’ avtori’. O’zbekistan Respublikasi’ Prezidenti qarari’ menen “Mehnat shuhrati” ordeni menen si’yli’qlang’an. Wol xali’q arali’q IV «Oltin qalam» tan`lawi’ jen`impazi’. Halim Saidov gazetada redaktorli’q qi’lg’an ji’llari’ bir qansha unamli’ wo’zgerisler ju’z berdi.

Kadrlar tayarlaw Milliy da’stu’rine bola qa’nigelesken, biraq universial bilimge iye, wo’z tarawi’ boyi’nsha rawajlang’an ma’mleketler ta’jiriybesinen xabardar jetik jurnalist kadrlardi’ tayarlap shi’g’ari’w za’ru’rligi payda boldi’. Tiyisli qa’nigeler, ali’m ha’m basshi’lar menen bir qansha ushi’rasi’wlar

wo'tkerilip, ba'rshe xi'zmetkerler, xabarshi'dan tarti'p bas redaktorg'a shekem birgelikte woqi'p, qa'nigeligin artti'rdi'. Da'stu'rge bola redakciya bo'limleri jan`adan du'zildi. Redakciya bo'limlerin belgilewde xali'q arali'q ta'jiriybelerden paydalani'ldi'. Rawajlang'an ma'mleketler g'alaba xabar qurallari'ndag'i' kibi jan`ali'q birinshi wori'ng'a qoyi'ldi'. Sol talaptan kelip shi'g'i'p redakciya xi'zmetkerilerine wo'z tarawi' boyi'nsha jan`ali'qlardi' tabi'w ha'm sa'wlelendiriw wazi'ypasi' ju'kletildidi. Bo'limler ati' da wo'zgerdi. Mi'sali', buri'ng'i' "Maktablar bo'limi", yendi "Umumiy o'rta va maktabgacha talim yangiliklar bo'limi" dep ataldi'. Bunnan basqa ha'zirgi ku'nde gazetada "Fan, oliy va o'rta maxsus kasb-hunar ta'limi yangiliklari bo'limi", "Adabiyot, madaniyat, kasaba uyushmalari hayoti yangiliklari bo'limi", "Ma'naviyat va maktabdan tashqari ta'lim yangiliklari bo'limi", "Siyosat, xalqaro hayot va sport yangiliklari bo'limi" iskerlik ko'rsetpekte. Sonday-aq, redakciya qurami'nda jan`adan sho'lkemlestirilgen ***«Matbaa bo'limi»*** xi'zmetleri arqali' qosi'msha da'ramat tabi'w imkaniyati' tuwi'ldi'. Bo'lim tu'rli basi'li'mlardi' jaylasti'ri'w, albomlar tayarlaw ha'm dizayn isi menen shug'ullanadi'. Bul jerde gazetani' baspag'a tayarlaydi'. Materiallar betlerge qoyi'lg'annan son` redaktorlar ta'repinen di'qqat penen tiykarg'i' nusqag'a sali'sti'ri'li'p woqi'ladi' ha'm na'wbetshi redaktorg'a woqi'w ushi'n jetkeriledi. Bunnan basqa do'retiwshi topar rejede belgilengen materiallardi' tez tayarlani'wi'n bas redaktor wori'nbasarlari' menen birgelikte qadag'alap baradi'.

2002-ji'ldan gazeta ko'lemi artti'. A-3 formatta, 16 betten, ha'ptesine yeki ma'rte shi'g'ari'latug'i'n boldi'. A'lbette, gazetani'n` wo'z waqti'nda basi'p shi'g'ari'li'wi'nda baspaxana menen birge islesiwdin` a'hmiyeti u'lken. «Sharq» nashriyot-matbaa akciyadorlik kompaniyasi' baspaxanasi' ja'miyeti menen qatnas jaqsi' jolg'a qoyi'lg'an.

Baspaso'z ha'm bazar talaplari'n yesapqa ali'p, redakciya 2001-ji'ldan baslap xojali'q yesapta is ju'ritpekte. Wo'zin-wo'zi ta'miynlew maqsetinde

***“Reklama va marketing”*** bo’limi sho’lkemlestirilgen. Sebebi ma’nis-mazmun ha’r qanday gazetani’n` bir qanati’ bolsa, qarji’ woni’n` yekinshi qanati’ sanaladi’. Gazetani’n` dizayni, qag’az si’pati’ jaqsi’ shi’g’i’wi’ qarji’g’a baylani’sli’ bolsa, jurnalistlerdin` jaqsi’ maqalalar jazi’wi’ da qarji’g’a baylani’sli’. Wol tu’rli obektlerge bari’p maqala tayarlawi’ ushi’n, jol haqi’ aji’rati’li’wi’, original temada jazg’an maqalasi’na si’yli’q beriliwi jurnalisttin` ja’ne de wo’z u’stinde izleniwin ta’miynleydi. Sol sebepli gazetada tan`lawlar sho’lkemlestiriw a’detke aylang’an. “Faslning eng yaxshi ijodkorlari” tan`lawi’ to’rt ma’wsimde turaqli’ wo’tkeriledi. Wonda 17 jo’nelis boyi’nsha jen`impazlar ani’qlanadi’:

**“Eng yaxshi maqola”** nominaciyasi’ − da’wirdin` a’hmiyetli ma’selelerin, yen` birinshi, ta’lim-ta’rbiya, bilimlendiriw temasi’ndag’i’ analitikali’q janrda jazi’lg’an, woqi’wshi’ni’ oylandi’ratug’i’n, pikirlewge bag’darlaytug’i’n maqala avtori’na beriledi.

**“Original bir soatlik dars”** − nominaciyasi’ boyi’nsha wo’zine ta’n stilde jazi’lg’an ha’m yen` tiykarg’i’si’ balalari’mi’zdi’n` bilimin artti’ri’wg’a arnalg’an aldi’ng’i’ sabaq islenbesi menen wo’zin isker, qa’biletli dep bilgen ha’r bir do’retiwshi mug’a’llim qatnasi’wi’ mu’mkin.

**“Sermazmun sahifa”** − qi’zi’qli’, woqi’wshi’lar ushi’n za’ru’r bolg’an informaciya ha’m mag’li’wmatlardi’ qamti’g’an yaki belgili bir temag’a tiyisli, gazetani’n` bir betinde jaylasqan du’rkim maqalalarg’a beriledi.

**“Eng yaxshi ocherk yoki esse”** − eki janr talaplari’na juwap beretug’i’n, woqi’wshi’ni’n` di’qqati’n wo’zine tartatug’i’n, qi’zi’qli’, wo’zine ta’n stilde jazi’lg’an shi’g’arma avtorlari’na beriledi.

**“Pedagog-muallifning dwolzarb materiali”** − gazetag’a jurnalistlerden ti’sqari’ avtorlardi’n`, yag’ni’y pedagoglardi’n` jazg’an maqalalari’ ushi’n bul nominaciya wo’z aldi’na aji’rati’li’p qoyi’lg’an.

Joqari’da sanalg’an bes jo’nelis jen`impazlari’na yen` kem is haqi’ni’n` 3 yesesi mug’dari’nda pul ha’m gazetani’n` “Hu’rmet jarli’g’i’” beriledi.

**“Qiziqarli intervyu suhbat”** – ta’lim-ta’rbiya ha’m basqa da qi’zi’qli’ temalarda jazi’lg’an usi’ janrdag’i’ materiallar ushi’n beriledi. İntervyu tiykari’nda sa’wbet ma’nisin beredi, biraq ayi’ri’m qa’nigeler janr si’pati’nda wolardi’ bir-birinen aji’ratadi’. İntervyude ko’pshilikti qi’zi’qti’rg’an a’hmiyetli temadag’i’ respondentke sorawlar berilip, juwap ali’nadi’. Sa’wbet janri’nda bolsa jurnalist belgili bir ataqli’ adam penen gu’rrin`lesyedi, kerek jag’dayda ba’sekige kirisiwi mu’mkin, respondenttegi jag’daylar – ku’lgeni, ashi’wlang’ani’, uyali’p qalg’ani’, woylang’ani’ ha’m basqada wo’zgerislerdi de su’wretlewi, sa’wbetlesinin` juwaplari’n analizlewi de mu’mkin. İntervyude tiykarg’i’ itibar bir mashqala yaki bir temag’a qarati’lsa, sa’wbetke ken`irek bir neshe temada soraw-juwap qi’li’nadi’.

**“Jozibali surat”** nominaciyasi’ boyi’nsha tan`lawg’a tek ta’jiriybeli fotojurnalistler yemes, ba’lkim su’wret ali’wg’a qi’zi’qqan woqi’wshi’larda qatnasi’wi’ mu’mkin. Wonda processten ali’ng’an a’jayi’p ko’rinisler, qi’zi’qli’ waqi’yani’ wo’zinde sa’wlelendirgen su’wretler inabatqa ali’nadi’.

**“Samarali metodik material”** nominaciyasi metodistlerge arnalg’an.

**“Tarbiyaga oid amaliy taklif”** – ta’jiriybeli pedagog, ata-analar ta’lim-ta’rbiya boyi’nsha ta’jiriybelerin jazi’p, usi’ni’slar bildirip tan`lawg’a qatnasi’wi’ mu’mkin.

**“O’qishli badiiy asar”** nominaciyasi’ tek jurnalistlerdin` yemes, jazi’wshi’, shayi’r, pedagoglar ha’m basqa da ka’sip iyelerinin` a’debiy janrda jazi’lg’an do’retpesine arnalg’an nominaciya boli’p tabi’ladi’.

Bul nominaciyalar ushi’n yen` kem is haqi’ni’n` yeki yesesi mug’dari’nda pul ha’m gazetani’n` Hu’rmet jarli’g’i’ beriledi.

**“Hozirjavob mushtariy”** nominaciyasi zaman talabi’nan kelib shi’g’i’p tan`lang’an. Belgili bir temada jazi’lg’an maqalag’a woqi’wshi’lardi’n` pikiri, qosi’msha usi’ni’slar yaki si’n ko’z-qaras bildiriwi a’hmiyetli yesaplanadi’.

Sol qatari’ gazetada **“Voqelikka munosib sharh”, “O’ziga xos yangilik”, “Talaba-jurnalistning yorqin publicistik ishi”, “Eng sara tarjima materiali” “Mazmunli talimiy boshqotirma”, “Eng yaxshi repwortaj”** nominaciyalari’ da bar boli’p, wolar ushi’n yen` kem is haqi’ni’n` bir yesesi mug’dari’nda pul ha’m gazetani’n` Hu’rmet jarli’g’i’ beriledi.

Bunday tan`lawlardi’n` wo’tkeriliwi gazeta menen auditoriya wortasi’ndag’i’ wo’z-ara baylani’sti’ bekkemleydi, woqi’wshi’lar talaplari’nan kelip shi’g’i’p jan`a rubrika, jan`a stillerde jazi’w ko’nlikpesinin` qa’liplesiwine tiykar jaratadi’. Mi’sali’, gazetada woqi’wshi’lar usi’ni’si’ ha’m ku’n talabi’nan kelip shi’qqan halda «Jarayon», Kuzatuv», «Gurung», «Milliy dastur amalda», «Jilg’a», «Sanat va siyrat», «Qadriyat», «Mashhurlar hayotidan», «Dwolzarb mavzu», «Salomatlik saboqlari», si’yaqli’ rubrikalar qatari’ ha’r ji’lg’a baylani’sli’ jan`a rubrikalar asti’nda qi’zi’qli’ maqalalar berip bari’lmaqta.

Jazi’w sheberligine iye jurnalistler tayarlap shi’g’ari’w ma’selesinde, joqari’ woqi’w wori’nlari’ menen ma’sla’ha’tlesip na’tiyjeli sheshim tabi’ldi’. Redakciyada bir neshe ji’llardan berli jaqsi’ da’stu’r ha’reket yetpekte. «Talaba – jurnalistlar ustaxonasi» (“Master klass”– “Mahorat maktabi”) du’zilip, bul jerde 3 ay dawami’nda jurnalistika qa’nigeligi studentleri woqi’ti’ladi’. O’zbekistan ma’mleketlik ja’ha’n tilleri universiteti xali’q arali’q jurnalistika ha’m O’zbekistan Milliy universitetinin` jurnalistika fakulteti studentleri tan`law tiykari’nda ali’nadi’ ha’m jetik jurnalistlerden do’retiwshilik si’rlari’n u’yrenedi. Jazg’an maqalalari’n ustaz jurnalistler menen analiz yetkennen son` gazetada ja’riyalaydi’. Ha’zirgi ku’nde “Ma’rifat” ta iskerlik ko’rsetip ati’rg’an jas jurnalistlerdin` derlik barli’g’i’ «Mahorat maktabi» ta’rbiyalani’wshi’lari’ yesaplanadi’. Demek, ha’r bir g’alaba xabar qurali’ wo’z keleshegin woylaytug’i’n bolsa, jetik bilim ha’m ta’jiriybege iye kadrlardi’ birgelikte tayarlap shi’g’ari’w ma’selesine itibar qarati’wi’ kerek.

Yendi gazetani’n` sapali’ shi’g’i’wi’nda na’tiyjeli iskerlik ko’rsetip ati’rg’an jurnalistlerge qi’sqasha toqtap wo’temiz.

Belgili jurnalist Abdusamat Raximov 1991-ji'ldan baslap «Ma'rifat» gazetasi'nda islep kelmekte. Wol da'slep u'lken xabarshi', juwapli' xatker ha'm bas redaktor wori'nbasari' lawazi'mlari'nda jumi's ali'p bardi'. Da'slepki maqalalari' menen gazeta woqi'wshi'lari' wortasi'nda ken`nen tani'lg'an bul jurnalisttin` jetiskenliginin` si'ri': jazg'an maqalalari'ni'n` analitikali'q qa'siyeti, a'hmiyetli ku'n temasi'na bag'i'shlang'anli'g'i' boli'p yesaplanadi'. Wol bilimlendiriw tarawi'nda a'melge asi'ri'li'p ati'rg'an reformalardi' ken` ja'miyechilikke tu'sindiriw, bul boyi'nsha tu'rli wori'nlarda bar bolg'an ta'jiriybelerdi uli'wmalasti'ri'w ha'm ja'miyette ju'zege kelip ati'rg'an kemshilik ha'm mashqalalardi' jari'ti'w arqali' juwapker insanlar, basshi'lardi'n` itibari'n woni'n` sheshimin tabi'wg'a qarati'wdi' wo'z aldi'na maqset yetip qoydi', do'retiwshi insan si'pati'nda ja'miyechilik penen birge islese aldi'. Woni'n` basshi'li'g'i'nda bo'limler iskerligi na'tiyjeli jolg'a qoyi'ldi'. Gazetani'n` mazmunli', ja'ne de sapali' shi'g'i'wi'na u'les qosti'. G'a'rezsizligimizdin` 12 ji'lli'q bayrami' qarsan`i'nda Abdusamat Raximov O'zbekistan Respublikasi' Prezidentinin` qarari' menen «O'zbekistan Respublikasi'na xi'zmet ko'rsetken jurnalist» atag'i'na i'layi'q dep tabi'ldi'. Wol 2010-ji'ldan berli "Ma'rifat" – "Uchitel Uzbekstana" gazetalari'ni'n` bas redaktori' lawazi'mi'nda islep kelmekte.

Bas redaktordi'n` wori'nbasarlari' redakciya ja'miyetin basqari'wda ha'm jumi'sti' sho'lkemlestiriwde tiykarg'i' ja'rdemshiler yesaplanadi'. Wolar bas redaktor bolmag'an jag'dayda (xi'zmet sapari'na kece, yaki awi'ri'p qalsa) oni'n` wazi'ypasi'n wori'nlaydi'. Basqa payi'tlari' redakciya iskerliginin` belgili bir bo'limleri ushi'n juwapker yesaplanadi'. A'dette kishkene, ha'ptelik basi'li'mlardi'n` bas redaktor wori'nbasari' birew boladi'. Biraq respublika ko'lemindegi ku'ndelik gazetalardi'n` bas redaktori'ni'n` 2-3 yaki onnan da ko'p wori'nbasarlari' boli'wi' mu'mkin. Mi'sali', "Ma'rifat" ha'm "Uchitel Uzbekistana" gazetalari'ni'n` qospa redakciyasi'nda bas redaktordi'n` to'rt

wori'nbasari' bar. Bular - "Ma'rifat" gazetasi' boyi'nsha, "Uchitel Uzbekistana" gazetasi' boyi'nsha, xojali'q isleri boyi'nsha wori'nbasarlar yesaplanadi'.

Farrux Jabbarov – bas redaktordi'n` birinshi wori'nbasari'. Jetik bilim ha'm jazi'w sheberligine iye jurnalist. Talapshan`li'g'i' menen redakciya jumi'si'n na'tiyjeli ali'p bari'wg'a u'les qospaqta.

Husan Nishonov – Husan Karvonali laqabi' menen do'retiwshilik yetedi ha'm redaktor wori'nbasari' yesaplanadi'. Wol «İlg'ab bworayotir meni fasllar» kitabi'ni'n` avtori'. Maqalalari'nda bu'gingi turmi'sta ushi'rap turatug'i'n mashqalalardi' si'ng'a aladi'. Kitabi'na kirgen maqalalar temasi'na itibar qaratatutug'i'n bolsaq: "Maktabdan qochib ketgan kelinlar", "Afsuski, taxminim tasdiqlandi", "Muallim desalar meni, qaniydi", "Aroq ichganmisiz?", "Kimki ko'p ishlar qilibdi, demak, vaqtdan to'g'ri foydalanibdi" dep ataladi'. Woni'n` "Maktabdan qochib ketgan kelinlar" maqalasi' feleton janri'nda jazi'lg'an boli'p, "Ma'rifat" gazetasi'ni'n` 2004-ji'l, 3-noyabr sani'nda basi'li'p shi'qqan. Wonda Buxara wa'layati' Qarako'l rayoni' Sho'rabat awi'li'nda 6-mektep woqi'wshi'lari'ni'n` (14, 15, 16 jastag'i') jigitler ta'repinen ali'p qashi'p ketiliwi tuwrali' so'z yetiledi. O'spirim jasi'ndag'i' qi'zlardi'n` yerte turmi'sqa shi'g'i'wi' aqi'betinde ju'zege kelip ati'rg'an mashqala, kewilsiz aqi'betlerdi jurnalist qa'lemge alg'an. Jag'daydi' ani'q su'wretlep beriw ushi'n, naqi'l, ibratli' ga'plerden wori'nli' paydalang'an. Detallar izbe-iz bir-birin toli'qti'ri'p keledi. Jurnalist bul waqi'ya tuwrali' esitip uzaq waqi't dawami'nda mag'li'wmat toplap ju'redi ha'm faktlerge tayani'p jurnalistikali'q tekseriwdi baslaydi'.

*2004 yilning 6 aprel kuni sanatkorlardan birining maktabni tugatmagan qizining to'yi bo'lib o'tgani haqidagi xabar "sariq matbuot" sirasiga kiradigan ommaviy axborot vositalarida e'lon qilindi."*[1]

Jurnalist waqi'ya worni'na bari'p soraw wo'tkeredi. Redakciyag'a xat jollag'an adamdi' taba almaydi', biraq ja'miyette sol biytani's kisi jazg'an

---

[1] "Marifat" gazetasi,. 2004-jıl, 3-noyabr.

mashqala haqi'yqattan bar yekenligin ko'redi. Ko'plep adamlardan intervyu ali'p, bir-birine qarama-qarsi' faktler, mashqala arti'ndag'i' mashqalalardi' ani'qlaydi'. Mektep direktorlari'nan tarti'p, rayonli'q xali'q bilimlendiriw xi'zmetkerleri, hayal-qi'zlar sho'lkemi, ma'kan-puxaralar ji'yi'ni' aqsaqallari', awi'l turg'i'nlari'ni'n` bul jag'day boyi'nsha pikirlerin u'yrenedi.

"To'ymurod Suvonov: "— Qishloq fuqarolar yig'ini qoshidagi xotin-qizlar qo'mitasi yaxshi ishlamaydi. Agar ular maktabga tez-tez borib, qizlar bilan uchrashib, muloqotda bo'lib turishganida, bu g'avg'olarning oldi olingan bo'lar edi."[1]

Karim Norqulov: "— Hammasi bekorchilikdan kelib chiqadi. Qishlog'imizda aksariyat yoshlar ishsiz. Televizorda bugungi kunda yurtimizda bolalar sportiga keng etibor berilayotgani haqida gapirishadi. O'sha ko'rsatilgan sharoitlar bizda ham bo'lganda edi."[2]

Jurnalist maqalada mashqalalardi' ani'q aydi'n ko'rsetken. Awi'l turg'i'nlari'ni'n` pikirlerin keltirip, ha'tteki wolardi'n` so'zlerin qalay so'ylese solay qollag'an wori'nlarda ushi'rasadi'.

"İstasak istamasak, sochimiz, soqolimiz tinimsiz o'saveradi. Pokiza turmush kechirishimiz uchun ularni vaqtida tartibga solib turishimiz shart. İnson istaklari ham shunga o'xshaydi. Tiyiqsiz istaklarni vaqtida tiymasak, noqulay, hatto yomon ahvolga tushib qolishimiz mumkin...

...hamma istaklarni hamma vaqt ham qondiraverish mumkin emasligini balog'atga etmagan o'smirlarga kattalar tushintirishi lozim."[3]

Jurnalisttin` jag'dayg'a mu'na'sibeti jaqsi' yemes. Woni'n` maqseti mashqalani' si'ng'a ali'p, woni'n` sheshimin tabi'w jollari'n izlew, basshi'lardi'n` bul jag'dayg'a itibari'n qarati'wdan ibarat. Sebebi, qaharmanlar ja'miyette bar

---

[1] Sol derek
[2] Sol derek
[3] Sol derek

bolg’an ani’q insanlar, waqi’ya obekti − mektep. Mekteptegi mashqala itibarsi’z qalsa, bul ta’lim-ta’rbiyadag’i’ bosli’qti’ an`latadi’.

Qullasi’ jurnalistika tarawi’nda wo’zine ta’n hawazg’a iye, kerekli so’zdi kerekli wori’nda tawi’p ayta alatug’i’n jurnalistlerden biri Husan Karvonali “Ma’rifat” gazetasi’nda uzaq ji’llardan berli jemisli miynet yetip kelmekte.

Maxmud Sadinov ta’jiriybeli jurnalist, sol qatari’ “Ma’rifat” gazetasi’nda iskerlik ko’rsetip ati’rg’an jurnalistler ha’m ko’plep yelimizdin` tani’mali’ jurnalistlerinin` ustazi’. Wol «O’zbekistan Respublikasi’na xi’zmet ko’rsetken jurnalist» atag’i’na miyasar boldi’. Sonday-aq «Oltin qalam» si’yli’g’i’ni’n` jen`impazi’. Wol tuwrali’ «Qadr» atamasi’ndag’i’ kitap baspadan shi’qqan boli’p, woni’n` jurnalist ha’m shaxs si’pati’nda maqtawg’a turarli’q qa’siyeti ha’m qa’bileti ustaz, sha’kirt, zamanlaslari’ ta’repinen so’z yetilgen.

“Ma’rifat” gazetasi’nda Oybuvi Ochilova, Xulkar Twymanova, Sanovar Jumanova, Nasiba Erxanova si’yaqli’ jurnalist hayal-qi’zlarda na’tiyjeli iskerlik ko’rsetpekte. 2013-ji’l Oybuvi Ochilovaning “Ma’rifat” gazetasi’nda yeliwden arti’q maqalalari’ jari’q ko’rgen. Wol ha’r bir materialdi’ tayarlawda uzaq izlenedi. Mi’sali’, “Wzini topgan musavvir” atli’ maqalasi’n jazi’wda jurnalist su’wrechi ustaxanasi’nda boli’p, do’retiwshilik processin baqlag’ani’, bul tarawdi’n` wo’zine ta’n ta’replerin u’yrengeni, ka’sip mashaqati’n janli’ mi’sallar arqali’ da’lillegeninde ko’rinedi. Maqala wo’z ishinde “Pahlavon haq so’zni aytdi...”, “Go’ro’g’lini izlab”, “İnson bir-biriga ustoz, yo’lboshchi” si’yaqli’ kishi temalarg’a bo’lip berilgen. Bul woqi’wshi’ni’n` maqalani’ woqi’wi’, tu’siniwi ushi’n qolayli’ usi’l yesaplanadi’. Son`g’i’ ji’llarda “Ma’rifat” gazetasi’nda bul stilden ken` paydalani’lmaqta.

Oybuvi Ochilova wo’zine ta’n mektep do’retken jurnalistlerden biri. Gazetada birqansha jan`a rubrikalar ashi’p, gazeta i’qlaspentleri sani’n artti’rdi’. Solardan biri “Mo’jiza qatidagi mo’jiza” rubrikasi’ boli’p, wonda jigirmag’a jaqi’n maqala ja’riyalandi’ ha’m ha’zirgi ku’nge shekem rubrika dawam yetpekte.

Besinshi maqala «Vatanga muhabbat izhori» dep ataladi’. Wonda ko’rkem a’debiyat elementlerinen ken` paydalani’lg’an. Su’wreshi kelbeti ha’m kewlin an`lag’an bir do’retiwshi si’pati’nda woni’n` portretin so’z benen saladi’. Buni’ so’z qollaw sheberligi desek boladi’.

Ta’lim-ta’rbiya u’zliksiz process. Bul tuwrali’ ko’p ayti’lg’an, jazi’lg’an, jazi’lmaqta. “Tarbiyada tanaffus yo’q”[1] temasi’nda berilgen bul maqalani’n` avtori’, yelimizge belgili jurnalist, “Oltin qalam” si’yli’g’i’ jen`impazi’ Xulkar To’ymanova yesaplanadi’. Wol qi’zi’qli’ jazi’w, turmi’sli’q waqi’yalardan mi’sal si’pati’nda sheberlik penen paydalani’p, so’z yetip ati’rg’an temasi’n jetik da’rejede ashi’p beriw qa’biletine iye.

Jan`a jurnalistika stillerinen sheberlik penen paydalani’p, do’retiwshilik yetip ati’rg’an jaslardi’n` biri Olim Jumaboev. Wol Mahmud Sadinovti’n` sha’kirti. Kishi janrdag’i’ maqala, aforizm, gu’rrin`ler jazadi’. 2013-ji’li’ «Xarsang tosh nolasi» atli’ kitabi’ baspadan shi’qti’.

Gazetada Sanjar Rustamov, Dilshod Karimov, Ma’rifat Temurzoda, Jo’rabek Jangirov, Hayriddin Murod si’yaqli’ talantli’ jurnalistler de miynet yetpekte. Sonday-aq “Ma’rifat” gazetasi’ni’n` Qaraqalpaqstan Respublikasi’ ha’m wa’layatlarda da arnawli’ xabarshi’lari’ boli’p, wori’nlardag’i’ jan`ali’qlardan wo’z waqti’nda xabarlar jetkerip turadi’. Qullasi’, “Ma’rifat” gazetasi’ xi’zmetkerleri milliy ha’m xali’q arali’q ta’jiriybelerden na’tiyjeli paydalani’p, auditoriya talaplari’n yesapqa alg’an halda miynet yetpekte, gazetani’n` O’zbekistan Media maydani’nda wo’zine ta’n worni’ bar.

[1] “Ma’rifat” gazetası. 2013-jıl, 19-iyul.

## II. Bap. DA'STU'RIY JURNALISTIKA TA'JIRIYBELERI

### 2.1. GAZETANI'N' JA'MIYETLIK TILDI HA'M PUBLICISTIKALI'Q STILDI QA'LIPLESTIRIWDEGI ROLI

Wo'zlikti an`law, milliy sana ha'm oy-pikirdin` ko'rinisi, a'wladlar wortasi'ndag'i' ruwxi'y-ag'arti'wshi'li'q baylani's til arqali' ko'rinetug'i'nli'g'i' ma'lim"[1].

Tu'sindirme so'zlikte:[2] «Til − insanlar wortasi'ndag'i' baylani's qurali'; ja'miyet ag'zalari'ni'n` pikirin sa'wlelendiriwshi ha'm wo'z-ara pikir almasi'w ushi'n xi'zmet qi'latug'i'n qural», – dep keltirilgen. Til sebepli adamzatti'n` socialli'q turmi'si', woni'n` na'sillik mug'darli'q ta'repten wo'siwi tan` qalarli'q da'rejede ilgerilep ketti, ja'miyet jan`a basqi'shqa ko'terildi. Postmodernistler pikirine ko're: til – jalg'i'z haqi'yqat. Jan Bodriyar bolsa tilge mi'naday ta'riyp bergen: «Tilden ti'sqari' du'nyada hesh na'rse joq, ba'rshe isler tek til arqali' a'melge asi'ri'ladi'».

Bul qaraslar qanshelli tuwri' yekenligin biz a'meliyatta waqi'ya-ha'diyseler jag'dayi'n baqlap bilemiz. Ha'zirgi ku'nde boli'p ati'rg'an uri'slar yen` qa'wipli qural til ja'rdeminde a'melge asi'ri'li'p ati'rg'ani' ashi'narli'. Buni'n` du'zetip bolmas keri ta'repin: «Oq jarasi' pityedi, so'z jarasi' pitpeydi», – degen naqi'l menen tu'sindiriw mu'mkin. Yeki ma'mleket wortasi'nda, yaki belgili bir toparg'a tiyisli adamlar wortasi'nda uri's baslani'wi'na u'shinshi ma'mleket (u'shinshi topar) yaki basqa ku'shlerdin` aralasi'wi' na'tiyjesindegi «so'z ati'wlari'» sebep bolmaqta. Naduri's informaciya tarqati'w, sol arqali' uri'sti' ju'zege keltiriw qara qu'shlerdin` maqseti.

Til rawajlani'wi'nda G'XQ ni'n` roline toqtalg'anda, ma'limleme a'sirinde ilim-texnologiya jedel rawajlani'wi' menen birge, neshe a'sirler dawami'nda bizge

---

[1] Karimov İ. Yuksak ma'naviyat – engilmas kuch. – T.: Ma'naviyat. 2009-jıl, 83-bet.
[2] Ma'naviyat. – T.: G'afur G'ulom. 2013-jıl, 315-bet.

si'rlas boli'p kiyati'rg'an ana tilimiz de zamanago'y ja'miyetke sa'ykeslesip, jan`asha ko'rinis payda yetpekte. G'XQ na'tiyjeli ma'limleme jetkerip beriwshi a'hmiyetli institutlari'nan birine aylandi'. Wol ja'miyetlik sanani' qa'liplestiriwshi ha'm rawajlani'wdi' ta'miyinlewshi ku'sh si'pati'nda wo'zin ko'rsetti. Ha'zir insaniyat san-sanaqsi'z G'XQ arqali' jan`ali'qlardan tezde xabardar boli'w imkaniyati'na iye. Bul imka'niyat ko'birek til arqali' a'melge asi'ri'lmaqta. Yag'ni'y, ha'r qanday informaciya til quralları' ja'rdeminde wo'z sa'wleleniwin tabadi'. Ulli' ag'arti'wshi' babami'z Abdulla Avloniy: "Ha'r bir millettin` du'nyada barli'g'i'n ko'rsetetug'i'n turmi's aynasi' tili ha'm a'debiyati'dur. Milliy tildi jog'alti'w millettin` ruwxi'n jog'alti'wdur", dep keltirgen. Lingivist A.Abdusaidov bolsa til haqqi'nda: "Gazeta tili wo'zbek a'debiy tilinin` quramli'q bo'legi yesaplanadi'. Sol sebepli gazeta tilinin` wo'zine ta'n ta'replerin u'yreniw wo'zbek a'debiy tilinin` rawajlani'wi', a'debiy normalardi'n` turaqlasi'wi'na say ayi'ri'm ni'zamlardi' belgilewdi talap yetedi", – deydi[1]. Bul pikirler radio ha'm televidenie tili ushi'n da tiyisli.

Ha'zirgi waqi'tta G'XQ tili milliy tildin` ba'rshe funkcionalli'q tu'rleri arasi'nda jetekshi wori'ndi' iyelyedi, wonda ba'rshe funkcional stillerdin` resurslari' ja'mlesken. G'XQ tili bu'gingi ku'ni ana tilimizdin` ja'mleme obrazi'nan ibarat. Sebebi, g'alaba xabar quralları' so'ylewdin en` ta'sirshen` ha'm qolay ko'rinisi, ja'miyetlik pikir, qaras ha'm keypiyatlardi' qa'liplestiriwdin` na'tiyjeli mexanizmi si'pati'nda wo'zin ko'rsetpekte. G'XQ ko'beyip ati'rg'ani' sayi'n a'debiy tilde de belgili bir wo'zgerisler, ani'g'i'rag'i' tilde awi'zeki so'ylew stili u'stemlik yetpekte.

A'debiy tilimiz, bul – gazeta-jurnallar, televidenie ha'm radiodag'i' ashi'q aydi'n so'ylew, ko'rkem a'debiyat demekdur. Wolardi'n` ha'r biri negizinde a'debiy til wo'zinin` ayi'ri'm ko'rinislerin g'ana sa'wlelendiryedi.

---

[1] Abdusaidov A. Gazeta janrlarining til xususiyatlari. Avtoref. – T.: 2005-jıl, 39-bet.

XX a’sirge shekem a’debiy til, bul – ko’rkem a’debiyat, ilimiy a’debiyat ha’m ra’smiy hu’jjetler tili boli’p kelgen bolsa, bizin` da’wirde publicistik stil, onnan da ken`irek ali’nsa, jurnalistika – g’alaba sa’wbet tili, a’debiy tildin` ten` huquqli’ aji’ralmas bo’legi si’pati’nda ju’zege keldi. G’XQ tili u’lgi til si’pati’nda qaralmaqta.

G’XQ xi’zmetkerleri wo’zleri bilip-bilmegen, unati’p-unatpag’an halda a’debiy til hu’kimranli’g’i’ ushi’n, wo’zbek a’debiy tili ushi’n gu’resiwshidur[1].

Prezident İ.A.Karimovti’n`: “Soni’n` menen qatar, ja’miyetimizde til ma’deniyati’n artti’ri’w boyi’nsha ele ko’p jumi’s islewimiz lazi’mli’g’i’n umi’tpawi’mi’z za’ru’r. A’sirese, bazi’ ra’smiy so’ylesiwlerde de a’debiy til qag’i’ydalari’n saqlay almaw, tek belgili bir aymaq shegarasi’nda isletiletug’i’n dialekt elementlerin qosi’p so’ylew jag’daylari’ ushi’rap turi’wi’ bul ma’selelerdin` ele de aktual yekenligin ko’rsetedi”[2], – degen pikirlerin keltiriw wori’nli’.

Bu’gingi ku’nde G’XQ da so’ylew ma’deniyati’ ma’selesi ha’r qashang’i’dan da a’himiyetlirek bolmaqta. G’XQ imkaniyatlari’ ken`ligi, oni’n` iskerligi ha’m rawajlani’wi’, auditoriyag’a ta’sirin ha’r ta’repleme teren` u’yreniwdi talap yetedi.

«İnformaciya bul – ali’w, jetkerip beriw, wo’zgertiriw obekti boli’p xi’zmet etiwshi mag’li’wmatlar yesaplanadi’»[3]. İnformaciyani’ usi’ni’s etetug’i’n a’hmiyetli ko’rinislerden biri tekst yesaplanadi’. Auditoriyani’n` informaciyani’ qanday qabi’l yetiwi woni’ jetkerip beriwde qanday xabar qurallari’nan paydalang’anli’g’i’na baylani’sli’. Ha’r qaysi’ g’alaba xabar qurali’ wo’zine ta’n til ha’m informaciyani’ aktuallasti’ri’w stillerinen paydalang’an halda, woni’n` ta’biyati’n qa’liplestiryedi, bul wo’z na’wbetinde, bolmi’s haqqi’ndag’i’ pikir-woylarg’a ta’sir ko’rsetedi. İnformaciya jetkeriw qaysi’dur da’rejede ja’miyet sanasi’na ta’sir ko’rsetiw ha’m du’nyani’n` uli’wmali’q sa’wleleniwin du’ziw arqali’ a’tiraptag’i’ du’nya haqqi’nda ko’rinis ha’m baha payda yetedi. Bunday

---

[1] Pardaev A, Ro’ziev F, Mahamadaliev X. Jurnalistikada til va ifoda. – T.: İstiqlol. 2006-jıl. 25-bet.
[2] Karimov İ. Yuksak ma’naviyat – engilmas kuch. – T.: Ma’naviyat. 2008-jıl, 89-bet.
[3] Теория информации // Сборник рекомендуемых терминов. Вып.64. –М., 1964. –С.5.

wazi'ypani' a'melge asi'ri'wda G'XQ ni'n` to'mendegi qa'siyetleri a'hmiyetli rol woynaydi'; g'alaba auditoriyag'a qarati'lg'anli'g'i'; ha'mme ushi'n mo'lsherlengeni; tezligi[1].

Kerekli informaciyani' jetkeriwde, a'lbette, ko'rkem a'debiy tildin` a'hmiyeti u'lken. Eger til sistemasi'n uli'wmali'q til ni'zamli'qlari'na say imkaniyatlar si'pati'nda ali'p qarasaq, usi' tilde so'ylewshiler usi'lardan paydalanadi'. M.V.Panovti'n` pikirinshe, bizin` da'wirimizde, wo'lshem bul sheklew yemes, su'wretlew ushi'n til qurallari' tan`lawi'[2]. Wo'lshemnin` a'hmiyetli belgilerinen biri woni'n` sanali' tu'rde basqari'li'wi' ha'm wog'an islew beriwdur[3]. Wo'lshem tildegi so'zlerden kontekst ushi'n yen` masi'n tan`lawg'a ja'rdem beredi.

Tildegi processlerdin` toqtawsi'z dawam yetiwinde G'XQni'n` tutqan worni' a'hmiyetli. Mass-Medialar baslap bergen til processleri haqqi'nda so'z yetkende, yen` birinshi to'mendegi qa'siyetlerge: ani'q stillerdin` jog'ali'p ketiw tendenciyasi'ni'n` bar boli'wi'; Media jan`ali'qlar, informaciyali'q analitika, tiykarg'i' tekstlerde awi'zeki so'ylew stiline ta'n wo'lshemlerdin` ken` qollani'wi'; naduri's so'ylew ko'rinislerinin` g'alabalasi'wi' (naduri's pa't, grammatikali'q qa'teler, naduri's so'z birikpeleri ha'm t.b) toqtali'w mu'mkin.

Bu'gingi ku'nde "G'XQ tili" tu'sinigi u'sh tu'rli ma'nide qollani'ladi':

G'XQ tili – G'XQ jaratqan ha'm tarqatqan ba'rshe ko'rinistegi tekstler toplami'; turaqli' tildin` ishki sistemasi'. Wol wo'zine ta'n leksikali'q-stillik qa'siyetke ha'm belgilerge iye; G'XQni'n` ha'r birine ta'n verbal ha'm audiovizual bo'leklerinin` uyg'i'nli'g'i'nan ibarat wo'z aldi'na birikken belgiler sistemasi'.

Keyingi G'XQ ta'riypinde til wo'z aldi'na belgiler sistemasi' ha'm wolar so'ylew kommunikaciya ko'rinisindegi adamlar arasi'nda sa'wbet tiykari' yekenligi ko'rsetilgen.

---

[1] Язык СМИ как объект междисциплинарного исследования. Ч 2. –М., 2004. – С.24.

[2] Панов М. В. Труды по общему языкознанию и русскому языку. Т. 1. – М.: Языки славянской культуры, 2004. –С.58.

[3] Begmatov E, Mamatov A. Adabiy norma nazariyasi. – T.: Navro'z. 2000-jıl, 13-bet.

Professor Yu.V.Rojdestvenskiy G'XQ tilinin` socialli'q aspektlerin ani'qlap to'mendegishe juwmaqqa keledi: "G'alaba informaciya global tekst boli'p, wol wo'zinde tu'rli socialli'q a'hmiyetke iye til birliklerin qamti'p aladi'"[1].

M.N.Volodina G'XQ tiline to'mendegishe ta'riyp beredi: "G'XQ tili degende bizlerdin` waqi'ya-ha'diyselerdi qanday qabi'l yetiwimizdi belgilewshi wo'z tu'sindiriwshi formalari'na iye bolg'an socialli'q interakciyalardi'n` wo'z aldi'na tili tu'siniledi, wolar jan`a ma'nilerdi ju'zege keltirip, "waqi'yani'n` informaciyali'q du'zilislerin" (ha'm verbal, ha'm vizual ta'repten) konstrukciyalaydi'. Wol da hu'jjetlilikke bag'darlaw ha'm real waqi'yali'q penen ani'qlani'wi', ha'm virtual xarakterge iye boli'wi' mu'mkin"[2].

P.Qodirovti'n` pikirine bola, G'XQ tilide "janli' so'ylesiw tili menen klassikali'q a'debiy tilimizdin` ko'rkem go'zzal so'z ma'deniyati'n ja'mlestirip, xali'q massasi' ushi'n tu'sinikli uli'wmali'q milliy a'debiy til" payda boladi', qa'liplesedi ha'm rawajlanadi'[3].

"G'XQ tili" tu'sinigi zamanago'y mazmuni', ishki qurami', ta'riyp ha'm tu'sinikler shen`berinde qa'liplesedi.

G'XQ ishinde gazeta – jan`a so'z, hikmetli so'zler, turaqli' so'zlerdin` yen` sezgir aynasi' yesaplanadi'. Gazeta-publicistikali'q stildin` ja'ne bir wo'zine ta'n qa'siyeti wonda specifikali'q, ko'p ta'repten tek sol stilge ta'n leksikali'q qurallar qori'n qa'liplestiriwge talpi'ni'w seziledi.

Social-siyasiy leksika tarawi'nda neologizimlerdin` qa'liplesiwine ta'n semantik process ushi'n metaforizaciya process jetekshi sanaladi'. Bul bolsa ekspressivlik, til qurallari'ni'n` ko'rgizbeli boli'wi', til stillerin "tejew"ge umti'li'wdag'i' bir qansha tendenciyani'n` kompleks ta'siri menen tiykarlang'an[4].

---

[1] Рождественский Ю. В. Теория риторики. – М.: 1997.

[2] Володина М. Н. Язык СМИ – особый язык социального взаимодействия. Ч 2. –М., 2004. С.38.

[3] Qodirov P. Til va el. Sharq yulduzi. – T.: 2003. № 32.

[4] Бантышева Л.Л. Общественно-политическая лексика начала XX века: традиции изучения. Политическая лингвистика. - Выпуск (1) 21. - Екатеринбург, 2007. - С. 13-18.

Socialli'q turmi'sta bir qansha unamli' wo'zgerisler (mi'sali', *so'z yerkinliginin` ja'riyalani'wi', cenzurani'n` biykar yetiliwi, pikirlerdegi plyuralizm* h.t.b) da gazeta tilindegi stilistikali'q qurallar ko'leminin` qayta janlani'wi'na sebep boldi'. Gazeta leksikasi'ni'n` bir neshe qatlami'n aji'rati'p ko'rsetiw mu'mkin. Konceptualli'q (ideali'q) leksikani'n` ma'nis-mazmuni', da'slep, social-siyasiy leksika qatlami'nan ibarat. Soni' umi'tpaw kerek, gazeta tilinin` tiykarg'i' qa'siyetleri woni'n` tiykarg'i' wazi'ypalari' menen baylani'sli'. Gazeta leksikasi'nda ha'zirgi payi'tta insan yerkinligi ha'm huquqlari', diniy ha'm a'dep-ikramli'q qa'diriyatlarg'a baylani'sli' so'zlerdi qollani'w ken`eydi: *Ramazan, Qurban Hayi't,, qurbanli'q, swfizm, naqshbandiya, ibadat etiw, juma namazi' h.t.b.*

*Milliy wo'zlikti seziw, milliy mentalitet, milliy qa'driyatlar*, *milliylik, milliy ma'deniyat* kibi so'zler baspa so'zde ken` qollani'la basladi'. Terrorizm, diniy ekstremizm menen baylani'sli': *terrorizm, islam fundamentalizm, diniy fanatizm, messionerlik, diniy ekstremizm* h.t.b tu'sinikler payda boldi'. Gazeta tilindegi bunday wo'zgerisler a'debiy tildin` rawajlani'wi'na ta'sir ko'rsetti.

Zamanago'y gazeta tilinin` wo'zine ta'n ta'repi yeki tendenciya – ekspressivlikke umti'li'w ha'm standartqa beyimlikten ibarat. Ta'sir yetiw funkciyasi' – gazeta-publicistikali'q stili ushi'n yen` a'hmiyetli wazi'ypa yesaplanadi'.

Publicistikali'q tekstti do'retiwde isyendire ali'w, kerekli semantikali'q ha'm stilistikali'q so'z bayli'qlari'n qollaw talap yetiledi.

Rus izertlewshileri gazeta betlerinde a'dep-ikramli'q wo'lshemlerge baylani'sli' mashqalalardi' sa'wlelendiriwde yeki tendenciyani' aji'rati'p ko'rsetedi. Bular: a) tildin` kommunikativlik qollani'wi'ndag'i' a'dep-ikramli'q talaplar, yag'ni'y adresatti'n` so'ylew ma'deniyati' mashqalasi' (bul to'mendegi mazmunlarda wo'z sa'wleleniwin tabadi': *jasalmali'q, adresat sanasi'n manipulyaciya yetiw, surbetlik, qopalli'q, zorli'q, qorqi'w, wo'lim t.b.* kibi

so'zlerdin` – jargonlardi'n` baspa so'zde ha'wij ali'wi'); b) zamang'a say a'dep-ikramli'q qarama-qarsi'li'q ha'm mashqalalardi'n` tildegi berilewi (yag'ni'y belgili leksikali'q toparg'a tiyisli so'zlerdin` ko'p qollani'li'wi', so'zler birigip ketiwinin` ku'sheyiwi, so'z jasaw, metaforizaciyalaw qubi'li'si' h.t.b[1].

Til ha'm so'ylew ma'deniyati'na itibar, til yerkinligine yerisiw millet ushi'n yen` kerekli qural yekenligin Prezidentimiz waqti'nda sezdi ha'm 1989-ji'l wo'zbek tiline ma'mleketlik til da'rejesin berdi. Ko'p uzamay yelimiz wo'z g'a'rezsizligin qolg'a kirgizdi. Baspaso'zde g'a'rezsizlikke yeriskenimizden son` jan`a terminler, tu'sinikler kirip keldi.

Soni'n` menen qatar texnikani'n` rawajlani'wi' til leksikasi'n bayi'ti'wg'a u'les qosti'. Jan`a so'zlerdi xali'qqa tani'sti'ri'wda, ken` g'alabalasi'wi'nda bolsa baspaso'zdin` xi'zmeti u'lken. Sol qatari' a'debiyatti', ma'deniyatti' u'yretiwde de gazeta a'hmiyetli wori'n iyeleydi. Tildin` rawajlani'wi', bayi'p bari'wi' G'XQ na tikkeley baylani'sli'.

Texnikali'q progresstin' bari'si'nda, ja'miyettin' siyasiy, ekonomikali'q ha'm ma'deniy jaqtan jetilisiwinin' arqasi'nda gazetalardi'n' ja'miyetlik turmi'si'mi'zdag'i' worni' bir qansha arti'p, jan'a tu'sinikler, jan'a terminler payda boli'p baradi'. Al, so'zlerdin' jan'a tu'rleri en' da'slep gazetalarda sa'wleleniwin tabadi'.

Gazeta tili haqqi'nda so'z bolg'anda, soni' da ayti'p wo'tiwimiz kerek, wol a'debiy tildin' qurami'nda payda boli'p ha'm xi'zmet yetip qoymastan, woni'n' ja'ne de rawajlani'wi'na, jetilisiwine, ken'eyiwine ta'sir yetedi. Sebebi, gazetalarda qollani'lg'an ha'r qanday jan'a ma'nidegi so'z, so'z dizbekleri, terminler, atamalar ko'p uzamay a'debiy tilimizge sin'isip ketedi. Sonli'qtanda, bunda so'zlerdin' tazali'g'i'na, ma'nisine sa'ykes qollani'wi'na u'lken itibar qarati'w lazi'm»[2].

---

[1] См: Язык СМИ как объект междисциплинарного исследования. Язык печати evartist.narod.ru/text12/15.htm.

[2] Zlixa Worazimbetova. Gazeta tiline ta'n qubılıslar ha'm mashqalalar. www.zlixa.uz.

Ekspressivlik maqsetlerde awi’zeki so’ylew tiline say so’z ha’m birikpelerinen gazeta betlerinde paydalani’w jan`ali’q yemes ha’m bug’an (vulgarizmler ha’m nocenzurali’q birikpeler bug’an tiyisli yemes) hesh qanday qarsi’li’q bildirilmeydi. Bulardi’n` barli’g’i’ gazeta tekstin ekspressiyalawshi’ (bahalawshi’, sezimlerdi ku’sheytiwshi) “ni’zamli’” qurallar si’pati’nda payda boladi’[1]. Rossiya gazeta tili izertlewshileri pikirine bola zamanago’y gazeta tilindegi arti’qsha ekspressivlikke leksikali’q ta’repten, a’sirese, awi’zeki so’ylesiwge tiyisli jargon so’z ha’m birikpelerdi kirgiziw arqali’ erisiledi. Lekin ekspressivlikti jetilistiriwde jargonlardan paydalani’wda tildin` milliy qa’siyetlerin yesapqa ali’w za’ru’rligi ju’zege keldi. Wo’zbek tilinen paydalani’wshi’lar ushi’n jargonlardi’ ken` tu’rde qollani’w maqsetke muwapi’q yemes, biraq unamsi’z jag’daylardi’ beriwde wolardan wo’lshemnen shi’qpag’an halda paydalani’w mu’mkin.

Zamago’y gazetada ekspressivlik kontekstler jarati’wda son`g’i’ waqi’tlarda tu’rli ren`li so’zler, trop ha’m figuralar qollani’li’p, frazeologiyali’q birikpelerdin` transformaciyasi’, tu’rli so’z oyi’nlari’ isletilmekte. Gradaciya: *“Olloh bizning **qalbimizda, yuragimizda, ongimizda**!”* (“Ma’rifat”, 06.08.05); ritorikali’q soraw, ritorikali’q u’ndew: *“Bodom gulladi. **Sen bahorni sog’inmadingmu**?”*(“Turkiston”. 17.08.10).

Gazeta tekstlerinin` ta’sirshen`ligin asi’ri’wda tu’rli troplardan maqsetke muwapi’q paydalani’w zamanago’y jurnalistikada u’rdiske aylanbaqta. Sol qatari’ tema tan`law sheberligi jurnalist materiali’ni’n` qi’zi’qli’ ha’m tarti’mli’ boli’wi’n ta’miyinleydi. “Ma’rifat”gazetasi’nda 2014-ji’lda berilgen temalarg’a itibar qaratami’z: «Bolaning begonasi bo’lmaydi», «Donalikka davat», «Asrlarning avlodlarga asragan ayyomi» ha’m t.b So’zlerdin` birdey ha’ripten baslani’wi’ gazeta woqi’wshi’si’nda bul oylap tabi’wshi’li’q qa’biletine tan`lani’w ha’m maqalani’ woqi’wg’a bolg’an qi’zi’g’i’wshi’li’qti’ payda yetedi. Maqalani’n`

[1] Язык СМИ как объект междисциплинарного исследования. Часть 2. М.: Издательство Московского университета, 2004. –С. 285/

qosi'q formasi'nda beriliwi bolsa oni'n` bir tegis woqi'li'wi'na, keypiyatti'n` ko'teriliwine sebepshi boladi'. «Qadim-qadim zamonda, din musulmon tomonda, mehnat qilib non topgan, bo'libdi bobo dehqon. Kunlarning bir kunida, Sang'igan izlab o'lja, bo'ri kelib yoniga: qornim och, yo'q darmonim, seni eyman bobojonim, deb unga tashlanibdi, chol ko'zi yoshlanibdi..."[1] yaki "Yo'l to'ldirib chopib kelar bolakaylar, xohlar yedim men ham shunday yugurishni, uyin-kulgu uchun vaqtni sovurishni, Afsus, katta bo'ldim... Suvsiz qolgan ariqlarni qayg'urmasdik, chig'anoqqa to'ldirardik idishlarni, jiring-jiring ovoziga shaydo bo'lib, aytmaysizmi, baxtdan mast kulishlarni..."[2]

Lekin gazeta tili ekspressivligin artti'ri'w ushi'n ra'n`-ba'ra'n` so'zlerdi isletemen dep qa'telikke jol qoyi'wdan saqlani'w kerek. Naqi'l-maqallardi' qollani'wda woni'n` mazmung'a say keliwi a'hmiyetli. Sebebi, gazeta woqi'ladi' ha'm woni'n` nusqasi' saqlanadi'. Wonnan belgili bir maqsette paydalang'an keyingi adam qa'telikti sezbey ja'ne qa'tege jol qoyi'wi' mu'mkin. Sol sebepli baspaso'z xi'zmetkerleri aldi'ndag'i' wazi'ypa – bilimlik ha'm so'ylew ma'deniyati'n jetik men`geriwden ibarat.

Milliy baspa so'zimizde ha'r bir gazeta-jurnal wo'z jo'nelisine say hikmetli so'zler, naqi'l-maqal, ushi'rma ha'm turaqli' so'z dizbeklerinen paydalanadi'. "Ma'rifat" gazetasi'nda bul da'stu'rge qatan` a'mel yetiledi. Ha'r sanda gazetani'n` joqari'si'nda «Boqiy fikr» degen arnawli' aji'rati'lg'an wori'nda naqi'l-maqal, ulli' insanlar aytqan na'siyatlar, sol qatari' Jurtbasshi'mi'zdi'n` hikmetli so'zleri beriledi. Wolar bu'ningi ku'n mazmuni'n wo'zinde sa'wlelendirgeni menen a'hmiyetli. Mi'sali', shayi'r, g'a'zzel mu'lkinin` sultani' Alisher Nawayi'ni'n` tuwi'lg'an ku'ni bolg'anli'g'i' sebep *«Alisher Navoiy bobomizni avliyo desak, u zot – avliyolarning avliyosi, mutafakkir desak, mutafakkirlarning mutafakkiri, shoir desak – shoirlarning sultoni" İslom Karimov (2013-ji'l, 9-fevral); «Yagonasan,*

---

[1]«Nondon eb keting». «Ma'rifat» gazetası. 2013-jıl, 26-oktyabr.
[2] «Dono va soda odamlar». «Ma'rifat» gazetası. 2013-jıl, 22-may.

*muqaddas Vatanim, sevgi va sadoqatim senga baxshida, go'zal O'zbekistonim! (2014-ji'l avgust sanlari'); O'g'il-qiz yaxshi bo'lsa, ota-ona xursand. O'g'il-qiz dono bo'lsa, elu yurt xursand (2012-ji'l 11-yanvar); Zehn qwysang bilimga, ilm tomar dilingga( 2012-ji'l 4-fevral); Vatani borning baxti bor, mehnati borning taxti ( 2012-ji'l 25-yanvar); "Keksaga ko'mak ber − sunyagan tog'ing, Buni tushunarsan qarigan chog'ing" (2015-ji'l 4-fevral); Yaxshi yil bahordan malum, Yaxshi kun− sahardan (2015-ji'l, 18-mart); Hashar qildim − uy qurdim, Unda ko'p hikmat ko'rdim (2015-ji'l, 14- mart) h.t.b*

Shi'g'ari'latug'i'n gazeta sani'na say naqi'l yaki hikmetli so'zler tabi'w gazeta xi'zmetkerleri izlenislerinin` na'tiyjesi yekenligin ko'rsetedi. "Ma'rifat" gazetasi' bilimlendiriw tarawi'na tiyisli bolg'anli'g'i' sebepli naqi'llar da ko'birek ta'lim-ta'rbiyag'a arnalg'an boladi'. Sol qatari' jurnalistler miynetlerinde de xalqi'mi'zdi'n` bay so'z g'a'ziynesinen wo'nimli paydalani'w jag'daylari' ko'rinedi. Visola Qarshiboevani'n` **"Facebook" fenomeni: odamlar orasidagi yolg'izlik"**[1] atli' maqalasi' basi'lg'an. Wonda: *Biror masalaga echim topish yoki muayyan ishni bajarish kerak bo'lgan vaqtda miya ortiqcha quvvat sarflashdan "bo'yin tovlab", odamni boshqa narsalar bilan chalg'itishga urinadi...*Bul turaqli' so'z dizbegi boli'p, bir is islewden bas tarti'w, birewler ta'repinen buyi'ri'lg'an jumi'stan qashi'w ma'nilerin bildiredi. Maqalada avtor socialli'q tarmaqti'n` psixwologiyag'a ta'siri haqqi'nda so'z yetken ha'm turaqli' so'z dizbeklerinen paydalani'w arqali' oni'n` woqi'wshi'g'a tu'sinikli boli'wi'n ta'miyinlegen. Ta'jiriybeli jurnalist Oybuvi Ochilovani'n` **"Yashasin oqibat"** maqalasi'nda bolsa: «*Demak, yaxshilik va yaxshi ishlarni, xush fazilatlarni unutmaganimiz hwolda, dilbandlarimizga aqlu farosat tarbiyasini ham berishimiz zarur. Yo'qsa, ho'lu quruq baravariga yonib, biz bir-birimizga sovuq jilmayuvchi, uchrashganda ko'ngilda bir xavfsirash tuyguvchi, shunchaki, yuzaki mulozamatlar ko'rsatuvchi qiyofalarga aylanib beraveramiz»,* - dep keltiriledi. *B*ul ga'pte maqal qollani'lg'an.

---

[1] «Ma'rifat» gazetası. 2012-jıl, 4-aprel.

*Ho'lu quruq baravar yonishi* arqali' jurnalist ko'p so'zdin` tu'yinin bir so'z benen jetkerip beriwge umti'lg'an. «Eger biz aqi'l-parasati'mi'zdi' isletip ta'lim-ta'rbiya islerin ali'p barmasaq, unamsi'z na'tiyje biz a'melge asi'rg'an a'jayi'p islerge de jaman ta'sir yetedi», degen ma'nini an`latqan.

Gazeta tilindegi ta'sirshen`likti ju'zege keltiriwshi bo'lekler:

– xali'q naqi'l-maqallari', ushi'rma so'zlerdin` qollani'li'wi';

– awi'zeki so'ylew stiline ta'n sintaktikali'q konstrukciyalar;

– awi'zeki so'ylewge ta'n ayi'ri'm so'zler;

– jazba stilge ta'n, tiykari'nan baspaso'zde qollani'latug'i'n ayi'ri'm so'ylew qurallari'[1].

Lekin bul ma'jbu'riy, turaqli' shegara yemes. Ekspressivlik basqada ko'plep tu'rlerge bo'liniwi mu'mkin. Biz tek xali'q naqi'l-maqal, turaqli' so'z dizbekleri tayar so'ylew usi'li' yekenligin, wolardan gazetada tezlik talap yetilgen wori'nlarda, soni'n` menen qatar waqi'ya-ha'diyseni ani'q, qi'sqa ha'm tu'sinikli jetkerip beriwde, materialdi'n` qi'zi'qli' boli'wi'nda u'nemli paydalani'w mu'mkinligin tu'sindirdik. Bunday so'ylew komponentleri ekonomika, siyasat, ma'deniyat, bilimlendiriw, a'debiyat qullasi' tarawlarg'a baylani'sli' xa'm baspaso'z qa'niygeleskenligine say qollani'ladi'.

Til – ha'mmege kerek. Milliy a'debiy til bolsa – milletti birlestiriwshi tiykarg'i' qural. Til – xali'qtiki, hesh kim woni' qa'legenshe wo'zgerttirip, buzi'p qollani'wg'a haqi'li' yemes, a'sirese, jurnalistler! Wolar ja'miyetke tildi, ma'deniy so'ylewdi u'yretiwi, til arqali' xali'qti' sawatlandi'ri'wi' ha'r qashan a'debiy til normalari'na saqlawi' tiyis. Sebebi, u'lken mashqala kishkene qa'telik sebep ju'zege keledi. Jurnalisttin` tildi qa'liplestiriw yaki buzi'li'wi'nda ta'siri ku'shli. Sol sebepli so'ylew ma'deniyati' ha'm jazi'w sheberligine iye jurnalistlerdi ta'rbiyalap shi'g'ari'w ku'n talabi' yesaplanadi'!

---

[1]Boboeva A. Gazeta tilida tasirchanlikni ta'minlovchi ayrim nutqiy vositalar //O'zbek tili va adabiyoti. 1976 yil, 1-son, 62-bet.

## 2.2. JURNALISTIKALI'Q JANRLARDI'N' RAWAJLANI'W TENDENCIYASI'

XVII a`sirdin` yekinshi yari'mi' ha`m XVIII a`sir basi'nda du'nyani'n yen` rawajlang'an ma'mleketlerinde da`slepki gazeta-jurnallar shi'g'ari'la baslag'an. Wolarda berilgen materiallar tiykari'nan qi'sqa xabar, yesabatlardan ibarat bolg'an. Waqi't wo'tiwi, ilim-texnikani'n` jedel rawajlani'wi' menen auditoriyani'n` tu'rli informaciyalarg'a qi'zi'g'i'wshi'li'g'i' ha`m talabi' da artqan. "Kim?", "ne?", "qashan?" sorawlari'na "qalay?", "ne sebepten?" kibi waqi'ya-ha`diyselerdi analiz ha`m sintez yetiwge, belgili juwmaq shi'g'ari'wg'a bag'darlaytug'i'n qosi'msha sorawlar da kelip qosi'lg'an. Gazeta-jurnallar xabar tarqati'wdan ti'sqari' dem ali'w, kewil ko'teriw, sawda-sati'q islerin ju'rgiziw ha`m reklama beriw xi'zmetlerin de atqaratug'i'n bolg'an. Bul wo'z na`wbetinde jan`a janrlardi'n` jarati'li'wi'na ali'p kelgen.

Usi' wori'nda bul termindi tu'sindiretug'i'n bolsaq: Janr − francuzsha "Genre" so'zinen ali'ng'an boli'p − tu'r, na`rse, ha`diyse ma`nilerin an`latadi'. Ko'rkem o'ner, a`debiyat qatari' jurnalistika da ko'plep janrlarg'a iye. Wolar wo'zine ta`n belgilerine qarap, u'lken u'sh toparg'a bo'linedi:

− İnformaciyali'q janrlar, yag'ni'y keyingi waqi'tlarda qabi'l yetilgen jan`ali'qlar jurnalistikasi'; − analitikali'q – pikirler jurnalistikasi'; − ko'rkem-publicistikali'q janrlar boli'p bo'linedi. Ha`r bir topar wo'z ishinde ja`ne ko'plep mayda tu'rlerge bo'linedi.

Ha`r qanday janrdi'n` payda boli'wi'nda zamanni'n` ta`siri seziledi. Ji'llar wo'tiwi menen qandaydur jan`a janr payda boli'wi', qaysi'dur janr basqasi'na birigip ketiwi yaki qollani'wdan shi'g'i'p qali'wi' mu'mkin. Lekin, ko'binese janrlar bir-birin toli'qti'ri'p, bayi'ti'p baradi'. Bir materialda birneshe janr elementleri de ushi'rasi'wi' mu'mkin. A'hmiyetli ta'repi sonda, Amerika jurnalistikasi'nda waqi'yalar janrg'a sali'nbaydi', ba`lki janrlar waqi'yag'a

sa’ykeslendiriledi. Bunda auditoriyag’a ta`sir ko’rsetiw, ha`mmege tu’sinikli ha`m qi’zi’qli’ boli’wdi’ ta`miyinlew birinshi wori’ng’a ko’teriledi. Bul tuwri’ tan`law. Sebebi, janr jetkermekshi bolg’an pikirdi wo’zinde sa`wlelyendire almasa, jurnalistti shegaralap qoysa, onnan waz keship, yerkin jazi’w paydali’. Jaqsi’ jazi’lg’an material jo’nelisi, bayanlani’w stili ha`m so’z qollani’w sheberligine qarap wo’zine say janrdi’ tabadi’.

“Du’ni’ya wo’zgeredi, bul janrlar dizimindegi ko’rinislerde de wo’z sa`wleleniwin tabadi’. Ja`ne de ani’qlasti’ri’p aytatug’i’n bolsaq, insanni’n` du’nyag’a ko’z-qarasi’ wo’zgeredi.”[1]

Sonday yeken, jurnalistler wo’z shi’g’armalari’ni’n` janli’ shi’g’i’wi’ ushi’n belgili waqi’t dawami’nda tan`lag’an obektinde jasaydi’ ha`m belgili ka`sip, o’ner si’rlari’n puxta u’yrenip, faktlerdi toplap keyin materialdi’ jazi’wg’a kirisyedi. Puxta u’yrenilip jazi’lg’an ha`r qanday material itibardi’ tarti’p, jurnalistti hu’rmetke bo’leydi.

Amerika jurnalisti Uilyam Xazlittin` (1778-1830) “Uri’s” atamasi’ndag’i’ essesi bunnan 150 ji’l ilgeri jazi’lg’an bolsa da elege shekem su’yip woqi’ladi’. Maqalada g’a`zepli boksshi’ Bill Nit ha`m gazshi adamni’n` uri’si’ sa`wlelendirilgen. Gaz puli’n o’ndiriw ushi’n kelgen adamg’a taslani’p qalg’an Bill Nittin` qarsi’lasi’ni’n` da a`neyi yemesligi ko’rsetilgen. Uri’lg’an ha`r bir soqqi’g’a shekem ani’q su’wretlengen boli’p, avtor wo’z ko’rgenlerin ju’da` sheber ha`m da`l qa`lemge alg’an, usi’l menen janrdi’ tuwri’ tan`lag’an.

Janrdi’ jarati’w do’retiwshi sheberligine baylani’sli’. Ha`r qanday zaman ushi’n go’nermeytug’i’n janrlardi’n` boli’wi’ – shi’g’armani’n` biyta`kirar ha’m zor jazi’lg’anli’g’i’, usi’ janrda qa`lem terbetken jetik do’retiwshilerdin` barli’g’i’ menen o’lshenedi. Lekin ha`r qanday janr tiykarg’i’ qurami’n wo’zgerttirmeydi.

[1] Шибаева Л. Жанры в теории и практике журналистике. www. evartist. narod. ru

“Predmet, funkciya, metod – usi’ u’sh u’stin, buzi’lmas diywalday janrdi’ tuti’p turadi’.”[1]

Ja`miyet qi’zi’g’i’wshi’li’g’i’ ha`m talabi’ni’n` arti’wi’ jurnalistikani’n` rawajlani’wi’na ba’rqulla ta`sir qi’ladi’. Jan`a jurnalistikani’n` payda boli’wi’nda da ja`miyet tan`lawi’ yag’ni’y kewil ashar basi’li’mlardi’n` woylap tabi’li’wi’ sebep boldi’. Jurnalistika janrlari’ zaman talabi’na say rawajlani’p yaki go’nerip baradi’. Mi’sali’, jan`a jurnalistikada janrlar jog’ali’p ketiw ta`repdari’ yemes, ba`lki wolardi’ jetilistiriwdi na`zerde tutatug’i’nli’ ani’q. Internettin` jarati’li’wi’ menen “Jurnalistikag’a janr kerek yemes” degen tu’siniklerdin` payda boli’wi’ − bir ta`repleme mu’na`sibet yekenligi ko’rinedi.

Wo’zbek jurnalistikasi’nda da usi’l ha’m metod, jan`a janrlardan paydalani’w milliy jurnalistikami’zdi’n` rawajlani’wi’na u’les qosadi’. Lekin, jan`a jurnalistika boyi’nsha yele milliy baspaso’zimizde ilimiy jumi’slar jazi’lmadi’. AQSh jurnalistikasi’n u’yrengen ilimpazlar — F. Mo’minov ha’m A. Nurmatov Amerika jurnalistikasi’ni’n` wo’zine ta’n ta’repleri ha’m wondag’i’ “sari’ baspaso’z” ha’m da’wirlik baspaso’zdin` payda boli’wi’na toqtaladi’. A’lbette jan`a jurnalistikani’n` payda boli’wi’nda “sari’ baspaso’z” ko’rinisindegi gazetalardi’n` worni’ u’lken, biraq wolarda ja’riyalang’an materiallarda jan`a jurnalistikag’a baylani’sli’ mag’li’wmatlar derlik ushi’raspaydi’.

Biz jan`a jurnalistikada jurnalistlerdin` jazi’w stili ha’m janrlardan sheberlik penen paydalani’wi’ haqqi’nda toqtaldi’q. Yendi janrlar haqqi’nda qi’sqasha toqtalami’z.

Zamang’a say insanlardi’n` qi’sqa ha’m tez informaciyalarg’a talabi’ arti’p barmaqta. Bul termindi «nanojurnalistika» dep tu’sindiriwdi maqul tapti’q. Sebebi nanojurnalistika − jurnalistikani’n` mayda bo’leklerge bo’liniwi (qa’nigelesiwi), ko’lemnin` qi’sqari’wi’, tezliktin` ku’sheyiwin ta’miyinleydi.

---

[1] Шибаева Л. Жанры в теории и практике журналистике. www. evartist. narod. ru

«Nanotexnologiya» − kishi texnologiya degendi an`latadi’. Bul tu’rdegi texnologiyalar ha’zirgi ku’nde ju’da’ tez rawajlani’p barmaqta. Keleshekte ha’mme na’rseni kishilestiriw na’zerde tuti’lg’an. Mi’sal si’pati’nda, ko’plep a’mellerdi wori’nlaytug’i’n kompyuterlerdin` da’slepki a’wladi’ menen son`g’i’ modeli wortasi’ndag’i’ pari’qti’, ko’leminin` qanshag’a qi’sqarg’anli’g’i’n sali’sti’ri’p ko’riwdin` wo’zi jetkilikli bolsa kerek. Buni’n` unamli’ ta’repi ba’rshe tarawlarda qollani’latug’i’n a’sbap-u’skenelerge sari’plani’p ati’rg’an materiallar tejeledi. Nanotexnologiyalar tiykari’nda jarati’lg’an buyi’mlar i’qsham boli’p, jumi’sti’n` da na’tiyjeligin asi’radi’ ha’m bunnan ekonomika u’lken payda ko’redi.

Qarji’ni’ tejew a’hmiyetli dep yesaplanar yeken, sol qatari’ nanojurnalistika so’zdi tejewdi talap yetedi. «Az so’yle, ko’p isle» degen naqi’l bu’gingi ku’nnin` urani’. Ha’mmesin yemes, ga’ptin` qaymag’i’n ayti’w kerek! Bul boyi’nsha jazi’wshi’ «Nobel» si’yli’g’i’ iyesi Ernest Xemingueydin` oylap tapqan «Aysberg» teoriyasi’ u’lken a’himiyetke iye. Aysberg (u’lken muz bo’lek) tin` segizden bir bo’limi suw u’stinde ko’rinedi, qalg’ani’ suw asti’nda boladi’. Bul si’rli’li’q, kiris (lid)te isletiledi. Si’rli’ na’rse insanlardi’ wo’zine tartadi’. Na’tiyjede pikirlew qa’bileti ju’zege keledi. Waqi’yani’n` qanday ju’z bergenligi boyi’nsha jurnalist materiali’na tayani’p, woqi’wshi’ izleniske tu’syedi. Mag’li’wmatti’n` tuwri’ yaki qa’te berilgenligin tekseredi. Bug’an erisiw ushi’n jurnalist ko’p fakt ji’ynawi’ ha’m materiali’nda tiykarg’i’ ga’pti ayti’wi’ kerek. Sol ga’p arqali’ kimdur mazmunni’n` bir bo’legin, kimdur ba’rshe segiz bo’limin ko’re aladi’.

Bul usi’l informaciyali’q janrlar qatari’ ha’r qanday materialda qollani’li’wi’ u’rdiske aylanbaqta. “Ma’rifat” gazetasi’nda ko’plep materiallarda lid yag’ni’y «Aysberg» teoriyasi’ isletiledi.

Yendi jurnalistikada jetekshilik qi’li’p kiyati’rg’an informaciyali’q janrlarg’a qaytami’z. Wolarg’a xabar, repwortaj, yesap kibi janrlar kiredi. Wolar wo’z ishine tiykarg’i’ jan`ali’qti’ qamti’ydi’. Jan`ali’q degenimiz ne?

Auditoriya ushi'n yele tani's bolmag'an waqi'ya – jan`ali'q yesaplanadi'. Lekin, ha'r qanday jan`ali'q woqi'wshi'ni' qi'zi'qti'ra almawi' mu'mkin. Ha'r kimge wo'zi biletug'i'n, tani's ma'kanda ju'z bergen ha'diyse a'hmiyetli. Lekin, sol kishi waqi'ya uli'wmali'q mashqalani' sa'wlelendirgen bolsa pu'tin bir ma'mlekette qi'zi'g'i'w oyatadi'. Umi'tpawi'mi'z kerek, ha'r qanday waqi'yani' qi'zi'qli' yetip jazi'w jurnalist sheberligine baylani'sli'. Wol kerekli ha'm kereksiz mag'li'wmatlardi' bir-birinen aji'rata ali'wi' za'ru'r. Qi'sqali'qqa itibar qarati'w, jan`ali'q ha'm xabarlar 10-20 qatardan aspawi' kerek. Xali'q arali'q a'meliyatta bul kishi janrlardi'n` to'mendegi ta'replerine itibar qarati'ladi':

- tek faktlerdi keltiriw;
- detallardi'n` ko'pligine itibar qarati'w;
- jeke pikirdin` joqli'g'i';
- temani'n` a'hmiyetligi;
- tiykarg'i' waqi'yani'n` birinshi wori'ng'a qoyi'li'wi'.

Bul usi'l «to'n`kerilgen u'shmu'yesh» dep ataladi'. Tiykarg'i'si', «a'piwayi' jan`ali'q ha'm xabar da woqi'wshi' itibari'n wo'zine tartatug'i'n temada berilse, mag'li'wmatti'n` qa'diri joqari' boladi'»[1].

Ja'ha'n ta'jiriybesin u'yrengen halda "Ma'rifat" gazetasi' da jan`ali'q ha'm xabarlardi' usi' formada beredi. «Yangiliklarda yurt nafasi» rubrikasi' gazetani'n` ha'r bir sani'nda to'rtinshi bette berilip, wonda UzA ha'm arnawli' xabarshi'lar, gazetani'n` wo'z xabarshi'lari'ni'n` jan`ali'qlari' wori'n aladi'. Gazetani'n` 13-betinde turaqli' tu'rde «Jumlada jahon» rubrikasi'nda si'rt el jan`ali'qlari' ja'riyalanadi'.

Bu'gingi ku'n jurnalistikasi'nda yen` ko'p qollani'li'p ati'rg'an janrlardan biri ***yesap*** janri'. Wonda tiykari'nan a'nju'man, ji'ynali's, simpoziumlar tuwrali' mag'li'wmat berilip, aqi'ri'nda tu'rli reje, ni'zam ha'm bayanatlar qabi'llanadi'. Jurnalist su'wretlewge berilmeydi, analiz etpeydi, tek waqi'ya qanday bolsa

---

[1].Krimski J.A. Reportaj, materiallarning yozilishi va tahrir qilinishi asoslari. – T.: 2003-jıl, 21-bet.

sonday yetip woqi'wshi'g'a jetkeredi. Zerigerli jazi'wdan qashi'w ha'm kerekli mag'li'wmatti' jetkeriw birinshi wori'ng'a shi'g'i'wi' kerek.

Jurnalistika a'meliyati'nda wo'zin aqlag'an jetekshi janrlardi'n` biri – ***repwortaj*** janri'. Wonda – waqi'ya ju'z bergen waqi'tta jurnalisttin` qatnasi'wi', baqlawi' arqali' jag'daydi' woqi'wshi' ko'z aldi'na keltirip beriwi talap yetiledi. Jurnalisttin` baqlawshi'li'q qa'bileti birinshi wori'nda turadi'. Televideniede jag'day bari'nsha ko'rsetiliwi mu'mkin, biraq baspaso'z xi'zmetkeri ko'rgenlerin jazi'w arqali' su'wretleydi. Sol sebepli wog'an ju'klenetug'i'n minnetleme ku'shlirek boladi'. Ji'ynali's wo'tkerilse, boli'p wo'tken jer deklaraciyasi', qatnasi'wshi'lar kewil keypiyati'nan tarti'p, tiykarg'i' mazmun ne maqsette ji'ynali'sti'n` wo'tkerilgeni ashi'p beriliwi, adamlar pikirleri keltiriliwi kerek.

***İntervyu janri'*** ha'mme janrlar qurami'nda gezip ju'riwshi bo'lek si'pati'nda qaraladi'. Lekin, tiykari'nan bul janr woqi'wshi'g'a mag'li'wmatti' yeki derekten ali'w imkaniyati'n beredi. İntervyu maqseti waqi'yani' sa'wlelendiriw menen birge, sol waqi'yag'a belgili adamlar pikiri menen tani'sti'ri'w boli'p tabi'ladi'.

Analitikali'q janrlar boyi'nsha aytatug'i'n bolsaq, ***korrespondenciya*** xabardi'n` ken`eytilgen ko'rinisi. Bul janrda analizge itibar beriledi. Da'lillerge tiykarlani'p, jurnalist wo'z woy-pikirin bildiredi, faktler tiykari'nda qarama-qarsi' pikirler de keltiriliwi mu'mkin. Waqi't ko'rsetiledi, waqi'ya u'shinshi adam tilinen keltirilse de boladi'.

Korrespondenciya mazmun-ma'nisine bola repwortajg'a jaqi'n. Biraq wo'zgesheligi bar. Korrespondenciyada waqi'yani'n` tiykari' qi'sqa beriledi, repwortajda tap sol waqi'ya ekspressivlik, sezimlerge berilip su'wretlenedi ha'm woqi'wshi'da wol da sol waqi'ya worni'nda qatnasqan kibi woy payda yetedi[1].

**Maqala** janri'nda bolsa, waqi'ya ha'diyseni toli'q ha'm ken` tu'rde jari'ti'w, da'lillerdi uli'wmalasti'ri'p beriw, sebepti ani'qlaw kerek. Bizde

[1] Krimski J.A. Reportaj, materiallarning yozilishi va tahrir qilinishi asoslari. – T.: 2003-jıl, 82-bet

maqalalar u'lken ko'lemde beriledi, lekin xali'q arali'q ta'jiriybede bul wo'zin aqlamaydi'. Ja'ha'n ta'jiriybesine bola bu'gingi tez pa't penen rawajlani'p ati'rg'an texnika a'sirinde gazeta woqi'wshi'si'ni'n` saatlap u'lken ko'lemdegi maqala yaki intervyudi' woqi'wg'a waqti' joq. Wolar tiykari'nan maqalani'n` lid(kiris) bo'limin g'ana woqi'wi' mu'mkin. Eger qi'zi'qsa toli'g'i' menen woqi'p shi'g'adi'. Sonli'qtan lid bo'limin jazi'w ushi'n jurnalistik sheberlik kerek. Lid qarmaq wazi'ypasi'n atqaradi'. Ha'zirgi wo'zbek baspaso'zinde buni'n` ko'rinisleri ushi'rasadi'. Mi'sali', "Ma'rifat" gazetasi' birinshi betinde gazetada basi'lg'an en` jaqsi' maqalalar menen tani'sti'ri'p, woqi'wshi'g'a bag'dar beredi.

Kiris tiykari'nan u'sh ko'riniste boladi'.

1. Waqi'yali' kiris:

*"Toy... Bir ta'repte ata-ana hawli'qqan, ag'ayin-tuwg'anlardi' ku'tip almaqta. Toyxana zor bezyetilgen, dasturxanda bos wori'n joq. Bir waqi'tta shawi'm ko'terilip, «Kelin-ku'yew keldi», degen ga'pler esitildi..."*[1]

2. Yumor-satirali'q kiris:

*A'pendi bir ku'ni balalardi' aldamaqshi' boli'pti'. «Ana jerdegi buri'lmada bir kisi biypul g'oza tarqati'p ati'r» depti. Balalar «gu'r» yetip sol ta'repke juwi'ri'p ketipti. Joldaslari'na da ayti'pti'. A'pendi qasi'nan ja'ne bir topar kisi sol ta'repke juwi'ri'p o'tipti. Sonda A'pendi wo'zine-wo'zi «Rastan sonday bolsa ya», dep wolarg'a qosi'li'p juwi'rg'an yeken.*[2]

3. Tuwri'dan-tuwri' kiris:

*«G'alaba ma'deniyat» ni'qabi' asti'nda jalg'an ideyalar adamzat o'mirin izden shi'g'ari'wg'a, oni' shan`arag'i'nan, maqset ha'm wo'zliginen ayi'ri'wg'a qarati'lg'anli'g'i' hesh kimge si'r yemes. Lekin sergek bolmag'anlar bul duzaqqa tu'sip qalg'ani'n kesh an`laydi'. Jaqi'nda Norvegiyada ju'z bergen qorqi'ni'shli'*

[1] Latipova M. To'y to'ydek bo'lsin yoxud keyingi paytlarda paydo bo'layotgan ortiqcha dabdabalar xususida. 2012-jıl, 4-aprel № 27

[2] Quronov M. Mediaogohlik. "Marifat" gazetası. 2012-jıl, 7-noyabr.

*qopari'wshi'li'q negizinde de «g'alaba ma'deniyat» ti'n` buzg'i'nshi' ideyalari' jatqanli'g'i'na gu'man joq».*[1]

Maqala jazi'wda jurnalist itibar beriwi kerek ta'repler: tema maqala mazmuni'n ashi'p beriwi; abzaclar bir-birine mazmunli'q jaqtan baylani'si'wi'; ushi'rma ga'p, naqi'l-maqallardan wori'nli' paydalani'w kerek. Jurnalisttin` maqalani' birinshi yaki u'shinshi adam tilinen jazi'wi' woni'n` sheberligine baylani'sli'.

Joqari'da so'z yetken janrlar bu'gingi ku'nde G'XQ da ko'p qollani'latug'i'n janrlar yesaplandi'. Xat, ocherk, esse, feleton, pamflet kibi janrlarda da jurnalistler jazbaqta, biraq az.

Biz janrlar ha'm jurnalistlerdin` jazi'w stili haqqi'nda so'z yettik, yendi jan`a jurnalistikani'n` texnikali'q imkaniyati'na itibar qarati'p, «Internet global tarmaqta janrlar rawaji' qay da'rejede?» degen sorawg'a juwap izleymiz.

Internettin` tezligi informaciyali'q ha'm analitikali'q janrlar rawajlani'wi'na sebepshi boldi'. Ha'zir kiberma'kanda informaciyalar keskin arti'p barmaqta. Bir waqi'ya haqqi'nda tu'rlishe jazi'lg'an mag'li'wmatlardi'n` qaysi' biri tuwri' yekenligin pari'qlaw qi'yi'n. Sol sebepli isenimli ma'limleme resurslari'na mu'ra'ja't etiw maqsetke muwapi'q.

Internet – janr haqqi'ndag'i' tu'siniklerdi wo'zgertip jibermekte. Ayi'ri'm janrlar wo'zine ta'nligin jog'alti'wi', yaki basqa bir janrg'a birigip ketiwi, auditoriya talabi'nan kelip shi'g'i'p, jan`a janrlar payda boli'wi' baqlanbaqta. İlimpazlardan biri sonday pikir bildiredi: «Internette da'stu'riy baspa so'z, radio ha'm televidenie janrlari' wortasi'ndag'i' shegaralardi'n` buzi'li'p, janrdi' payda etiwshi ta'repler bir-birine qosi'li'p, sa'ykeslenip ketiwine ali'p keledi»[2].

Internet jurnalistika sheklenbegen ma'kan ha'm gipertekst imka'niyati'na iye bolg'anli'g'i' sebepli, wonda qa'legen ko'lemdegi materialdi' jaylasti'ri'w,

---

[1] Qarshiboeva V. Ommaviy madaniyat: erkinlikmi, cheklov? "Ma'rifat" gazetası. 2012-jıl.

[2]Rashidova D. İnternet jurnalistika.– T.: Jurnalistlarni qayta tayyorlash xalqaro markazi. 2007-jıl, 47-bet.

su'wret, hawaz, video menen bayi'ti'w ha'm ta'sir etiw funkciyasi'n wori'nlawg'a boladi'. Biraq mazmunni'n` jog'ali'wi', alan` boli'w, waqi'tti' arti'qsha jumsaw kibi mashqalalar ha'm janr ma'selesi kelip shi'g'adi'. Sol sebepli ha'zirde belgili bir janrda jazi'wg'a qa'nigelesken jurnalistler ha'm bir janr asti'nda materiallar berip baratug'i'n onlayn saytlar payda bolmaqta. Mi'sali', "Ma'rifat" gazetasi'nda Oybubi Ochilova esse ha'm ocherk janri'nda, Zohidjon Xalov sport boyi'nsha, Husan Karbonali mashqalali' ocherk ha'm shaxmat boyi'nsha, Sanovar Jumanova joqari' bilimlendiriw tarawi', Jahongir Jangirov xat janri'nda jazi'wg'a beyimlesken. Internette bolsa www.kun.uz, www.UzDaily.uz, www.gazeta.uz kibi elektron saytlar tek xabar janri'ndag'i' materiallardi' ja'riyalaydi'. Bul saytlar top-reytin`nin` aldi'ng'i' qatari'nda turadi'. www.kun.uz sayti'nda bir ku'n ishinde 20 dan 30 g'a shekem xabarlar jaylasti'ri'ladi'. Saytlar top-reytin`inin` 2 worni'nda turg'an bul saytqa bir ku'nde 16574 paydalani'wshi' kiredi[1]. Geypara izertlewshilerdin` pikirinshe, operativlik birinshi wori'nda bolg'an global interaktiv jurnalistikada tezlik onsha talap yetilmeytug'i'n ayi'ri'm janrlar (ocherk, esse, feleton) kem qollani'ladi'. Biraq analitikali'q janrlar wo'z qa'dir-qi'mbati'n jog'altqani' joq. Mi'sali', Rossiya ha'm du'nyada boli'p ati'rg'an waqi'yalar haqqi'nda shet el baspaso'zinde berilgen maqalalardi' tu'sindiriwge bag'i'shlang'an sayttag'i'[2] materiallardi' woqi'w ushi'n ku'nine 15570 adam (12.04.2013 jag'day) kiredi.

Sonday-aq, saytlarda berilgen maqalalarg'a woqi'wshi' wo'z pikirin jazi'p qaldi'ri'wi' (kommentariylar) imkaniyati' bul sholi'w janri'ni'n` elementleri jan`a ko'riniste ken` yen` jayi'p barati'rg'anli'g'i'n ko'rsetedi. Son`g'i' waqi'tlarda ma'mleketimizde on-layn a'nju'man, sa'wbetler wo'tkeriw ken` tu's almaqta. www.uzedu.uz sayti'nda Xalq bilimlendiriw ministrligi ali'p bari'p ati'rg'an sa'wbetler, «Kamolot» JJH ha'm ju'da' ko'p sho'lkemler wo'tkerip ati'rg'an on-

---

[1] www.uz
[2] www.inopressa.ru

layn sa’wbetlerdi mi’sal keltiriw mu’mkin. Bul sa’wbetler ko’birek blic-intervyug’a jaqi’n. Bir yaki bir qansha tema a’tirapi’nda qatnasi’wshi’lar pikir almasadi’, soraw-juwap boladi’.

Internet jurnalistika janrlari’ arasi’nda kishi maqala jetekshi wori’n iyeleydi. «Internette kishi maqalani’n` derlik ba’rshe tu’ri (maqala, anons, annotaciya, kishi recenziya, analiz) ken` tarqalg’an»[1].

Kishi maqala informaciyali’q-xronologiyali’q qa’siyetke iye. Sorawlarg’a da’stu’riy ta’rizde juwap beriledi. Juwaplardi’ sa’wlelendiriw, wolar sani’ni’n` wo’zgeriwi informaciyani’n` maqset ha’m ko’lemine baylani’sli’. Ko’binese, bunday materiallarda tiykarg’i’ fakt to’mendegi izbe-izlikte jaylasti’ri’ladi’: uli’wmalasti’ri’w, son` woni’ tasti’yi’qlawshi’ da’lillerdi keltiriw. On-line jurnalist ta’repinen kishi maqala janri’nda jarati’lg’an ha’m da’stu’riy gazeta elektron sayti’nda jaylasti’ri’lg’an materiallar a’dette bir qi’yli’ boladi’. Wolar a’hmiyetli, ani’q, kerekli yesaplanadi’. Internet-jurnalistika talapalari’nan kelip shi’qqan halda mag’li’wmatti’ waqi’yalar rawaji’na qaray, ha’r 20-30 minuttan jan`alap bari’w bul janrdi’n` tezlik xarakterin asi’ri’wg’a imkaniyat beredi.

Internettin` informaciyali’q intervyu janri’ da’stu’riy jurnalistikadag’i’ si’yaqli’ qaysi’dur waqi’ya-ha’diyse haqqi’nda xabar beredi. Biraq gazeta-jurnallar stili ha’m talabi’nan wo’zgeshelikli virtual wortali’qta soraw-juwaplar tili a’piwayi’ awi’zeki so’ylew stiline ta’n boladi’. Internettin` shegarasi’z maydani’nan kelip shi’g’i’p material u’lken ko’lemdi iyelewi mu’mkin. Tarmaqti’n` konversiyali’q ha’m interaktiv imkaniyatlari’ informaciyali’q intervyu kibi janrdi’n` do’retiwshilik procesine wo’zgeris kirgizip, wonda gu’zetiwshi si’pati’nda du’nya boylap ko’p sanli’ on-line auditoriyani’ kamti’p ali’w ha’m tuwri’dan-tuwri’ woni’n` qatnasi’nda material jarati’w imkaniyati’n beredi. Virtual wortali’qta usi’ni’li’p ati’rg’an bunday materiallar Internet arqali’ tu’rli ko’rinisler (videotranslyaciya, tekst yaki audio esittiriw) ji’yi’ndi’si’ si’pati’nda tarqati’li’w

[1]Rashidova D. İnternet jurnalistika.– T.: Jurnalistlarni qayta tayyorlash xalqaro markazi. 2007-jıl, 57-bet.

mu’mkin. Internette intervyu baspa G’XQ betlerindegi si’yaqli’ tekst arqali’ berilgen soraw-juwap dizimi arqali’ sheklenbesten, janli’ hawaz benen bayi’ti’lg’an halda teksttin` wo’zinde audio yaki videolarg’a silteme (ssi’lka) beriwi de mu’mkin.

On-line konferenciya bolsa − Internette g’alaba tarqalg’an janr yesaplanadi’. Xabar ha’m analitikali’q janr belgilerin wo’zinde qamti’p aladi’. A’piwayi’ intervyudan wo’zgeshelikli ra’wishte sorawda bir yemes, ba’lki birqansha adamlar qatnasadi’. Internette berilgen bunday materiallar ko’terip shi’qqan ma’sele boyi’nsha auditoriyada tu’rli pikir, razi’li’q yaki narazi’li’q, tarti’slar da keltirip shi’g’ari’wi’ mu’mkin. Sog’an qaramastan bari’n-bari’nsha ko’rsetip beriwi menen janr wo’z quni’na iye. On-line konferenciyalarda ataqli’ insanlar da qatnasadi’ ha’m ju’z bergen waqi’ya mazmuni’n qatnasi’wshi’ ha’m gu’walar menen birge analiz yetedi, bahalaydi’. Bu ushi’n texnikali’q imkaniyat jarati’li’wi’ kerek.

Jan`a jurnalistikadag’i’ xat janri’na toqtalatug’i’n bolsaq, bul janr ju’da’ kishkene ko’riniske iye boli’p qaldi’. Tu’rli socialli’q tarmaqlar arqali’ adamlardi’n` wo’z-ara jazi’si’wlari’n bu’gin xat janri’na mi’sal si’pati’nda ali’p qaraw mu’mkin. 2013-ji’lg’i’ mag’li’wmatlarg’a bola Internet arqali’ ku’nine 182 mlrd xat jo’netilgen. Ji’l boyi’ 7 trln. e-xat wo’z iyesine jetkerilgen.[1] Gmail, Yandex, Yahoo si’yaqli’ da’stu’rler xatlardi’ jo’netiwde jetekshilik ko’rsetken. Demek, xat tasi’wda yen` tez ha’m arzan pochta xi’zmetin bizge Internet usi’nadi’ yeken.

Internette su’wretli repwortaj janri’ ko’p ushi’rasadi’. Buni’ jurnalistlerden ti’sqari’ a’piwayi’ qi’zi’g’i’wshi’ insanlar, Internet paydalani’wshi’lari’, bloggerler de a’melge asi’ri’wi’ mu’mkin. Lekin mashqala − ma’mleketimizde baspaso’zdin` elektron versiyalari’ tiykari’nan Internet auditoriyasi’n inabatqa almay, texnikali’q imkaniyatlardan toli’q paydalanbay baspaso’zde ja’riyalang’an materiallardi’ qanday bolsa sonday saytqa jaylasti’rmaqta. Bul jag’day Internet jurnalistikani’n`

[1] «Ma’rifat» gazetası. İnternet – parallel olam. 2014-jıl, 29-oktyabr.

wo'zine ta'n janrlari' ju'zege keliwine tosqi'nli'q yetedi. Sebebi, da'stu'riy jurnalistika janrlari' Internet jurnalistikasi'na say kelmeydi. Internet tili ma'selesi bolsa yele sheshilmegen jumbaq. Uli'wma alg'anda, Internet jurnalistika janrlari' yelege shekem toli'q u'yrenilmegen. Bul sheshimin ku'tip turg'an a'hmiyetli ma'selelerden biri. Internet jurnalistika tarawi'nda bul kibi mashqalalardi'n` ju'zege keliwine sebep: jaqsi' qa'niygelerdin`, joqari' bilimli ha'm sheberlik qa'biletine iye Internet jurnalistlerinin` jetispewshiligi dep tu'sindiriw mu'mkin. «Jurnalist kadrlar da'slepki gazetalar basi'p shi'g'ari'lg'ani'nan yeki a'sir wo'tkennen keyin g'ana tayarlana basladi'. Bul za'ru'rlikti baspa so'zdin` ko'beyip ha'm ta'siri ku'sheyip bari'wi', tek jan`ali'qlar yemes, analitikali'q materiallar, professional sholi'wlarg'a bolg'an talabi'ni'n` arti'wi' belgilep berdi»[1]. On-layn jurnalistika rawajlani'p barar yeken, Internet jurnalistlerine bolg'an mu'ta'jlik te arti'p baradi'. Usi'ni's bar jerde talap qandi'ri'ladi'. Keleshekte Internet jurnalistleri do'retilgen jan`a janrlar boyi'nsha jan`a pikirlerdi wortag'a taslawi' so'zsiz.

[1]Пронин Е, Пронина Е. Атиномия – 2000 (NET – мышление как публичная субъективность и как массовая установка. Вестник Моск. университета. Сер 10. Журналистика. 2001. №1. с 40.)

# III. BAP. JAN’A JURNALISTIKA IMKANIYATLARI

## 3.1. MEDIA BILIMLENDIRIW – BASPASO’ZDIN’ BILIM BERIW FUNKCAYASI’

“Jurnalist kim?” degen sorawg’a juwap izlegende: jurnalist insanlardi’ jan`ali’qlardan xabardar yetiwshi, turmi’sti’n` yen` qaynag’an wori’nlarda bolatug’i’n, xali’qti’ sawatlandi’ri’wshi’ ka’sip iyesi, – dep tu’sindiriledi ilimiy kitaplarda. Mi’sal retine, ja’didler Rossiya hu’kimdarli’g’i’ da’wirinde xali’qti’n` sana-sezimin oyati’w, sawatlandi’ri’w ushi’n gazeta-jurnallar ashi’w kerekligin tu’sinip jetken ha’m bul maqset joli’nda gu’resken. Sebebi G’XQ rawajlani’wi’ – ja’miyettin` alg’a ilgerilewin ta’miyinleydi. Lekin ha’mme de kerekli ha’m kereksiz informaciyani’ ayi’ra aladi’ dep ayti’w qi’yi’n. Wo’z jeke pikir, ko’z-qaraslari’na iye bolmag’an insan shegarasi’z ma’limleme du’nyasi’nda adasi’wi’ so’zsiz. Berilgen informaciyani’ tuwri’dan-tuwri’ qabi’l yetiw suw ishiw ushi’n ag’i’si’ ku’shli da’ryag’a bas ti’g’i’w menen barabar jag’daydi’ ko’z aldi’mi’zg’a keltiredi. Sho’limiz qani’wi’ yaki qanbawi’ suwdi’ urtlap u’lgergenimizge baylani’sli’ bolsa, aman qali’wi’mi’z yamasa manti’g’i’wi’mi’z gu’manli’. Lekin, biz informaciya ma’kani’nan bo’lek jasay almaymi’z.

Belgili wo’zbek jazi’wshi’si’ ha`m publicisti Asqad Muxtordi’n` jazg’an hikmet:

«Okean arqali’ telefon baylani’si’ wornati’ldi’, yendi adamlar bir-biri menen biyma`lel so’ylesedi.

Sonda bir ata dedi:

– Wolardi’n` ne na’rse arqali’ so’ylesiwinin` a’hmiyeti joq, ne tuwrali’ so’ylesedi – soni’ ayti’n`».

Bul ga’pler bu’gingi ku’nde de wo’z quni’n joyi’tpag’an. Internet jurnalistika insanlardi’n` tek informaciyag’a bolg’an mu’ta’jliklerin qanaatlandi’ri’p qoymastan, wolarg’a ruwxi’y azi’q beriwi, yerkin pikirlewge u’ndewi kerek.

Internetten paydalani'wshi'lardi'n` ko'pshiligin jaslar quraytug'i'nli'g'i'n yesapqa alsaq, Internet birinshi da'rejeli ta'lim-ta'rbiya qurali' boli'wi' ushi'n gu'resiw kerekligin zamanni'n` wo'zi talap qi'lmaqta. Prezidentimiz İslom Karimov *«Ha'mmemiz jaqsi' bilemiz — 15 ten 18 jasqa shekem bolg'an da'wir insan wo'mirinde yen` na'zik, yen` quramali' da'wir yesaplanadi'. Sol jasta insan sanasi', minez-qulqi', ruwxi'y ko'rinisi toli'q qa'liplesedi. Yele su'yegi qatpag'an perzentlerimizdi wo'z hali'na taslap qoysaq, ta'rbiyasi', bilimi ha'm ma'na'wiyati' menen shug'i'llanbasaq, keleshekte wolardi'n` ka'mil insan boli'p jetisiwine kim kepillik bere aladi'?»*[1] dep jan ku'ydirip aytqani' biykarg'a yemes. Kompyuter texnologiyalari' ha'm global tarmaq qansha ku'shli rawajlang'ani' sayi'n woni' basqari'w, qadag'alaw sonsha imkansi'z boli'p barmaqta. Internet ha'm jetiskenlik, ha'm mashqala si'pati'nda ko'plep insanlar qatari' u'lken ma'mleketlerdi de woylandi'rmaqta. Du'nya menen tuwri'dan-tuwri' baylani'sqa kirisiw ha`m yerkin so'z ayti'wda ken` imkaniyat payda yetken Internet wo'zinin` mi'n`lap tarmaqlari' ha'm qarmaqlari'na iye. Wolardan qalay qorg'ani'w kerek? Ti'yi'nni'n` yeki ta'repin woylap islew ushi'n Mediasawatli'li'q za'ru'r.

YUNESKO usi'ni'si'na bola, Mediabilimlendiriw du'nyani'n` ko'plep ma'mleketlerinde yen jaymaqta. Mediabilimlendiriwden go'zlengen maqset Mediasawatli'li'qqa yerisiwden ibarat. Mediasawatli'li'qti' Xurshid Do'stmuhammad "informaciya ma'deniyati'" yoki "info etika"[2] dep ataydi'. Qanday yetip atawi'mi'zg'a qaramastan, globallasi'w sha'rayati'nda informaciyadan saqlani'w ko'nlikpesinin` payda bolg'anli'g'i' haqi'yqat. Nobel si'yli'g'i' iyesi, ekonomist Gerbert Saymonni'n` pikirine bola, "ha'zirgi waqi'tta informaciya wo'z qari'ydarlari'n qi'ri'p taslamaqta, juti'p jibermekte".[3]

---

[1]Karimov İ. Xavfsizlik va barqaror taraqqiёt ywlida. – T.: O`zbekiston, 1998 yil, 6-jild, -b. 11.
[2] Do'stmuhammad X. Axborot mo'jiza, joziba, falsafa, T.: Yangi asr avlodi. 2013-jıl, 44-bet.
[3] Павликова М.М. Парадокцы информационого общество Вестник МГУ серия 10 журналистика №1 2008г. стр 35.

Sol ushi'n wotta janbas, suwda batpas, uri' ali'p kete almayti'g'i'n bilimge iye boli'w zaman talabi'. Biz ku'ndelikli bilimlerdi G'XQ arqali' alami'z. Demek, zamango'y du'nyani' G'XQ – Mediasi'z ko'z aldi'mi'zg'a keltiriw qi'yi'n. Bul haqi'yqatti' an`lag'an YUNESKO 1982-ji'lda Mediabilimlendiriw deklaraciyasi'n qabi'llag'an. Wonda "Mediabilimlendiriw Mediani'n` barli'q tu'rleri (baspa, grafik, hawazli', ekranli' ha'm t.b) ha'm tu'rli texnologiyalar menen ti'g'i'z baylani'sqan. Wol insanlarg'a g'alaba kommunikaciyadan socialli'q sanada qanday paydalani'wdi' tu'siniw, basqa adamlar menen kommunikaciya waqti'nda Mediadan paydalani'w ko'nlikpesin wo'zlestiriw si'yaqli' bilimlerdi beredi. Sebebi Mediabilimlendiriw shaxsti'n` informaciya ali'w ha'm tarqati'w huqi'qi'ni'n` bir bo'legi. Ha'zirgi waqi'tta YUNESKO ta'repinen Mediabilimlendiriw du'nyani'n` barli'q ma'mleketleri bilimlendiriw sistemasi'nda milliy woqi'w rejelerine kiritilmekte. Evropa ma'mleketleri, AQSh, Avstraliya ha'm Rossiya si'yaqli' ma'mleketlerde Mediabilimlendiriw ma'jbu'riy pa'n si'pati'nda woqi'ti'ladi'.

Oksford enciklopediyasi'nda berilgen ani'qlamg'a bola, "Mediabilimlendiriw Mediani' u'yreniwden ibarat. Mediabilimlendiriw – Media jaratqan ha'm tarqati'p ati'rg'an Mediatekstler menen baylani'sli' boli'p, bilim ali'wshi'larda Mediatekstlerdin` mazmun-ma'nisine tu'sindirme beriw ha'm bahalaw ushi'n analiz yetiw qa'biletin qa'liplestiredi"[1]. YUNESKOni'n` ta'riypi to'mendegishe: Mediabilimlendiriw zamanago'y g'alaba xabar qurallari' boyi'nsha bilimnin` teoriya ha'm a'meliyati'n u'yreniwdur.[2]

"Mediabilimlendiriw" so'zi G'MA ma'mleketleri aymag'i'na XX a'sirdin` 80-ji'llari' kirip keldi. Mediabilimlendiriwdin` tayani'sh tu'sinigin A.A. Jurin u'sh tu'rge bo'lgen.[3]

---

1 Dorr, A. (2001) Media Literacy. In: International Encyclopedia of the Social & Behavioral Sciences. Vol. 14 / Eds.N.J.Smelser & P.B.Baltes. Oxford, 2001, pp.9494-9495.
2 UNESCO, 1984. Media education. Paris: UNESCO. R. 8.
3 Журин А.А. Интеграция медиаобразования с курсом химии средней общеобразовательной школы // Медиаобразование. 2005. № 1. С. 32.

1. G'XQ ni'n` balalar ha'm wo'spirimlerge ta'sirin u'yreniwshi ha'm teoriyali'q ma'selelerdi islep shi'g'atug'i'n, bilim ali'wshi'lardi' G'XQ du'nyasi' menen ushi'rasi'wg'a tayarlaytug'i'n pedagogikali'q pa'n.

2. Balalar ha'm wo'spirimlerdi G'XQ nan paydalani'w, Mediani'n` du'nyadag'i' rolin tu'siniwge tayarlawshi' woqi'ti'wshi' ha'm woqi'wshi'lardi'n` birgeliktegi a'meliy iskerligi.

3. Bilimlendiriwdin` G'XQni'n` ma'deniyat ha'm du'nyani' tu'siniwdegi roli haqqi'nda bilim beriwshi ha'm Media xabarlari' menen na'tiyjeli islew ko'nlikpesin qa'liplestiriwshi bo'lim.

Mediabilimlendiriwdi to'mendegi tiykarg'i' jo'nelislerge (ko'rinis) bo'liw mu'mkin[1]:

1. Mediabilimlendiriw baspaso'z, radio, televidenie, kino, video ha'm Internet a'lemine keleshek professionallari' – jurnalistler, redaktor, rejissyor, prodyusser, aktyor, operator ha'm basqalardi' tayarlaydi'.

2. Mediabilimlendiriw woqi'w wori'nlari'ndag'i' Mediama'deniyat kurslari'n ali'p baratug'i'n pedagoglardi' tayarlaydi'.

3. Mediabilimlendiriw mektepler, worta arnawli' ha'm joqari' woqi'w wori'nlari'nda yaki g'a'rezsiz ta'rizdegi (arnawli', iqtiyarli' ra`wishte ali'p bari'latug'i'n do'gerek h.t.b) bilim ali'wshi' woqi'wshi' ha'm studentler biliminin` bir ko'rinisi.

4. Qosi'msha bilimlendiriw mekemelerinde woqi'wshi'lardi'n` bos waqti'n mazmunli' sho'lkemlestiriwshi woraylarda (ma'deniyat u'yleri, mektepten ti'sqari' woraylar, estetikali'q ha'm a'debiy ta'rbiya, jasaytug'i'n jerlerindegi klublarda)g'i' Mediabilimlendiriw.

5. Baspa so'z, televidenie, video, DVD, Internet ja'rdeminde jasi' u'lkenler, studentler ha'm woqi'wshi'lar ushi'n ali'p bari'latug'i'n arali'qtan woqitiw (distancionli'q bilim beriw) usi'li'.

1 Федоров А.В. Медиаобразование и медиаграмотность. Таганрог: Изд-во Кучма, 2004. 340 с.

6. U’zliksiz Mediabilim beriw. (Bul jo’nelis insanni’n` wo’miri dawami’nda a’melge asi’ri’ladi’.)

Mediabilimlendiriw pedagogika, ta’rbiya isleri qatari’ tu’rli socialli’q bilim tarawlari’ menen de ti’g’i’z baylani’sli’.

O’zbekistan jurnalistikasi’nda ma’nis-mazmuni’ pa’s materiallarg’a wori’n berilmegen bolsa da, Mediadan tuwri’ paydalani’w boyi’nsha mashqalalar bizge tiyisli yemes dep ayta almaymi’z. “Bolangiz necha soat televizor kwradi?”[1] atamasi’nda Toshkent shi’pakerler ko’nlikpesin asi’ri’w instituti’ u’lken woqi’ti’wshi’si’ A.Toxiriy avtorli’g’i’ndag’i’ materialda sonday dep jazi’lg’an: “Hozirgi kunda turli mavzudagi teleko’rsatuvlar namoyish etilib, axborot oqimi yildan-yilga ortib bormoqda. Shu bois, bolalarga mo’ljallangan ko’rsatuvlarni ko’rishda ota-onalar va katta yoshdagilarning yordami juda zarur. Ayrim ota-onalar bolalarini tartibsiz va me’yorga rioya etmay ovqatlantirish turli xastaliklarga sabab bo’lishini tan oladilar-u, lekin televidenie orqali namoyish yetiladigan axborotlarni saralamasdan boshidan oxirigacha ko’rishni odatiy hol deb qabul qilishadi.” Bunday jag’daylardi’n` ha’mmesi Mediasawatsi’zli’qtan kelip shi’g’adi’. Sol sebep Mediadan tuwri’ ha’m aqi’lg’a say paydalani’w ata-anadan ti’sqari’, pedagoglardi’n` da wazi’ypasi’. Jaslarg’a Mediabilimlendiriwdi u’yretiw, wolardi’ informaciyani’n` passiv qabi’llawshi’si’ yemes, wog’an baha bere alatug’i’n Mediasawatli’ yetip ta’rbiyalaw ku’nnin` talabi’ yesaplanadi’.

Kanada Mediapedagogikasi’ liderlerinen biri K.Vorsnop (C.Worsnop)ti’n` Media boyi’nsha pikiri: bu’gin bizdi qorshap ali’wshi’ du’nya ha’m bizdi ne worap turg’ani’na itibar qarati’w biyma’nilik.[2] K.Vorsnop woqi’wshi’g’a Mediani’n` tu’rleri, du’zilisi ha’m wazi’ypalari’ tuwrali’ bilim bergennen go’re, ba’lki teren` analizlew ko’nlikpesin, qa’biletin qa`liplestiriwge itibar qarati’wdi’ usi’nadi’. Yag’ni’y, bizdi ne zat qorshap turg’ani’ yemes, qanday worap turg’ani’ a’hmiyetli.

[1] “Ma’rifat” gazetası. 2012 jıl, 10-noyabr

[2] Worsnop, C. M. (1994). *Screening Images: Ideas for Media Education.* Mississauga: Wright Communication, 179 p. p.43

Biz so’z yetip ati’rg’an Mediabilimlendiriw XX a’sirdin` 60-70 ji’llari’nda televidenienin` rawajlani’wi’ menen payda boldi’. Internettin` payda boli’wi’ Mediabilimlendiriwge mu’ta’jlikti artti’rdi’. YUNESKO Mediabilimlendiriwdi XXI a’sirde ma’deniy bilim beriwdin` tiykarg’i’ jo’nelislerinen biri si’pati’nda belgiledi. “Media – ruwxi’y wo’nimlerdin` virtual bazari’. Bul bazarda hesh kim «mali’m jaman», demeydi. Buzg’i’nshi’, ji’nayashi’, tu’rli ag’i’mdag’i’ ku’shler wo’z ideya, ko’z-qaraslari’n «yen` jaqsi’» dep reklama yetedi. Virtual du’nda do’retiwshiliktin` rawajlani’wi’ ushi’n kerekli derekler ko’p. Ga’p adamni’n` a’ne sol bazar usi’ni’s yetip ati’rg’an wo’nimlerdi sati’p ali’wda itibarli’ boli’wi’na baylani’sli’. Bu’ginnin` tilinde aytqanda, ga’p Mediama’deniyatti’ tuwri’ iyelewde”.[1]

Mediabazarda tayarlawshi’, ma’limleme (wo’nim), jetkerip beriwshi ha’m qari’ydar qatnasadi’. Wol materiallardi’ toplaydi’, analiz yetedi, Mediateksti tayarlaydi’ ha’m usi’nadi’. Wo’nim (ma’limleme) – tekst, belgi, su’wret sa’wlelengen mag’li’wmat. Jetkerip beriwshi (kanal) – informaciyani’ usi’ni’wshi’ qural (Media). Qari’ydar – informaciyani’ ali’wshi’, u’yreniwshi, sintezlewshi adam.

Nemis ali’mlari’ bul jag’daydi’ baqlap, a’jayi’p teoriya do’retken: «A’hmiyetli mag’li’wmatqa iye boli’w — ha’kimiyatqa iye boli’w; kereklisin kereksizinen aji’rati’w – ja’ne de ko’p ha’kimiyatqa iye boli’w; kerekli mag’li’wmatti’ wo’z rejissurari’na tiykarlani’p tarati’w yaki uslap turi’w – yeki yese ha’kimiyatqa iye boli’w demekdur. Adamlarg’a informaciya arqali’ psixologiyali’q ta’sir ko’rsetiwdin` imkaniyatlari’ a’ne sonday», delingen Germaniyani’n` tiykarg’i’ politologiya qollanbalari’nan birinde.

Mediabilimlendiriwdin` yeki ko’rinisi bar: ka’siplik yemes Media bilim beriw ha’m jurnalistikali’q bilim beriw.

---

[1] Quronov. M. Mediaogohlik. “Marifat” gazetası. 2012-jıl, 7-noyabr

Jurnalitikali’q bilim beriwdin` qa’liplesiwi ha’m rawajlani’wi’na yeki ju’z ji’l aldi’n  Jozef Pulicer ta’repinen tiykar sali’ndi’. Wol jurnalist kadrlardi’ tayarlawdi’n` amerikali’q modelin (dizimin) jaratti’. O’z qarji’si’na 1904-ji’li’ Kolumbiya universiteti qasi’nda jurnalistika standart(talap)lari’ tiykari’ndag’i’ professional jurnalist kadrlardi’ tayarlaw boyi’nsha AQShta birinshi mektepti sho’lkemlestirdi. Evropa ma’mleketleri ishinde en` da`slep Finlandiyada jurnalistikali’q bilim beriw joqari’ bilimlendiriwge engizilgen. 1925-ji’li’ Xelsinkida socialli’q kollej sho’lkemlestirilip, wonda jurnalistler tayarlana baslang’an. Jurnalistika payda bolg’an da’wirde jurnalistikali’q woqi’w bolmag’an. Gazetalarda ta’jiriybeli jurnalistler kerekli kadrlardi’ wo’zleri tayarlag’an. Bul bag’dar ha’zirgi ku’nde de ayi’ri’m ma’mleketlerde ushi’rasadi’. Mi’sali’, Germaniyada  volontyorli’q sistemasi’ ha`reket yetedi.

Jurnalistikani’n` joqari’ woqi’w wori’nlari’nda wo’tiliwi woni’n` meldiabilimlendiriw qurali’ yekenligin ko’rsetti. Ha`zirgi waqi’tta G’XQ zamang’a say tezlik penen rawajlanbaqta. Sol qatari’ bilimli, jetik qa’nigeler tayarlaw ku’n talabi’na aylandi’. Globallasi’w, bilimlendiriw ha’m socialli’q turmi’s penen baylani’sli’ zamanago’y rawajlani’w jurnalistikali’q bilimlendiriw yeki  tiykarg’i’ tarawdi’: universalli’q ha’m qa’nigelesiwge bolg’an talpi’ni’w tendenciyasi’n keltirip shi’g’ardi’. Jurnalistikali’q iskerliktin` tu’rlishe yekenligi jurnalistti ko’plep ka’sip ha’m qa’nigeliklerdi men`geriwge ma’jbu’r yetpekte. Bul wo’z na’wbetinde ayi’ri’m qi’yi’nshi’li’qlardi’ payda yetedi. Sebebi, jurnalistika tu’rli ilimler kesispesinde payda bolg’an taraw. Eger jurnalist belgili bir jo’neliste (bag’darda) jazi’wg’a qa’nigelesse, sheklenip qaladi’. Turmi’sta barli’q ilimler wo’z-ara integraciyalasi’w ma’selesi qarali’p ati’rg’an bir waqi’tta, jurnalisttin` bir jo’neliste maqala jazi’wi’ zamannan artta qali’w degen so’z. Wol qandaydur waqi’ya ju’z berse, bul menin` jo’nelisime say kelmeydi dep qol siltep kete almaydi’. Ha’r qanday jurnalisttin` birinshi wazi’ypasi’ informaciya jetkerip beriwden ibarat. Ju’z bergen waqi’ya-ha’diyseler tu’rli tarawlarg’a tiyisli boli’wi’ so’zsiz. Sol sebepli

Mediabilimlendiriw, jurnalistikali'q bilim beriw de jurnalistten universial bilimge iye boli'wdi' talap yetedi.

Mediabilimlendiriw g'alaba kommunikaciyali'q wo'nim. G'alaba kommunikaciya ken` tu'sinik boli'p wo'z ishine jurnalistikani' da qamti'p aladi'.

"G'alaba kommunikaciya ja'miyettin` tek zamanago'yligi yemes, sol qatari' salamatli'g'i'ni'n` belgisi boli'p qalmaqta"[1]. Shi'ni'nda da g'alaba kommunikaciyani' jolg'a qoyi'wdi' g'alaba xabar qurallari'si'z ko'z aldi'mi'zg'a keltiriw qi'yi'n.

Xali'qti' sawatlandi'ri'wda bilimlendiriw tarawi' gazeta-jurnallari'ni'n` da xi'zmeti u'lken. Sebebi bunday tarawli'q basi'li'mlarda bilimlendiriw tarawi'na baylani'sli' ni'zam-hu'jjetler menen sol ka'sip iyeleri jaqi'nnan tani'si'wi', ka'sibine tiyisli jan`ali'qlardan waqti'nda xabardan boli'wi', sabaq wo'tiw metod ha'm usi'llari'n u'yreniwi, pikir almasi'wi' ha'm gazeta arqali' hali'qqa wo'z so'zin ayta ali'wi' mu'mkin. Eger bir aymaqta sabaq wo'tiw boyi'nsha mashqala ju'zege kelse woni' gazetada ja'riyalaw arqali' ba'rshe ustazlar mashqalag'a birgelikte sheshim izlewi, yaki sabaq wo'tiwdin` jan`a metodi'n do'retken mug'a'llim woni' basqa ka'sipleslerine usi'ni'wi' mu'mkin. Baspaso'zdin` qu'direti «Birgelikte ko'tergen ju'k jen`il» yekenligin da'lilleydi. Bul maydanda ayti'lg'an so'z, a'lbette, iyesin tabadi'.

Gazetani'n` ja'ne bir abzalli'g'i' birew-birewden u'yrenedi. Bilmegenin sorap xat jazadi', yaki bilimliler wo'z ta'jiriybesin basqalarg'a so'ylep beredi. Gazetada shi'qqan material mi'n`lap (millionlap) woqi'wshi'lardi' ta'rbiyalasa, wolarg'a jan`a bilim berse, demek, jurnalist (yaki avtor) ustaz da'rejesine yeriskenin an`latadi'.

O'zbekistan baspaso'zinde ja'miyettin` Mediasawatli'g'i'n ko'teriwge xi'zmet yetetug'i'n maqalalar: "g'alabali'q ma'deniyat" mashqalasi', Internet,

---

[1] Do'stmuhammad X. Axborot mo'jiza, joziba, falsafa. – T.: Yangi asr avlodi. 2013-jıl, 151-bet

tarqati'li'p ati'rg'an informaciyalardi'n` jaslar ruwxi'yati'na ta'siri, milliy qa'diriyatlarg'a hu'rmet, milliy wo'zligimizdi saqlaw temalari' ko'birek beriledi. Wolarda faktten go're ko'birek woy-pikir, ko'z-qaraslar a'hmiyetli sanaladi'. "Ma'rifat" gazetasi'nda 2012-2013 ji'lg'i' sanlari'nda usi'nday jo'neliste 50 den arti'q maqalalar berilgen. Mi'sali': "Ommaviy madaniyat: yerkinlikmi, cheklov?" "Bolangiz Internetdan to'g'ri foydalanayaptimi?", "Submadaniyatlar yoshlarni jamiyatdan uzoqlashtiradi", "Mediaogohlik", «Ommaviy madaniyat»dan asrovchi qo'rg'on", "Daxldorlik tuyg'usi loqaydlik illatiga barham beradi", "Globallashuv «garmsel»i", "Global tarmoq xavfsizligi: kiberxurujlar va ularga qarshi kurash", "Ommaviy madaniyat" – manaviyat kushandasi" ha'm "Ommaviy madaniyat"ning achchiq manzarasi" atli' maqalalardi' atap keltiriw mu'mkin.

«Internet − axborot bozori»[1] atli' maqalada Internet ha'm bala ta'rbiyasi' tuwrali' jazi'lg'an:

«…YUNİSEF tomonidan tashkil yetilgan so'rovlar esa Internetdan foydalanadigan 90 foiz bolalar axloqsiz surat va videolarga duch kelishi, 60 foizi esa bu turdagi axborotni maqsadli ravishda izlaganini ko'rsatadi. Ushbu foydalanuvchilarning katta qismini voyaga etmaganlar tashkil etishi, ayniqsa achinarli deb yozadi "membrana.com" sayti".

Maqala avtori' Internetten balalardi'n` qanday paydalani'w kerekligi ha'm wolardi' qorg'awshi' xali'q arali'q sho'lkemler iskerligi, "Game club" lardi'n` aldi'n ali'w, bala salamatli'g'i' joli'nda islenip ati'rg'an isler tuwrali' so'z yetip, ata-analar, ustazlar qatari' ha'mmeni bala ta'rbiyasi'nda sergek boli'wg'a shaqi'radi'.

"Ma'rifat" gazetasi' ziyali'lardi'n`, yag'ni'y pedagoglardi'n` gazetasi' yesaplanadi'. Sol sebepli wonda berilgen ha'r bir maqala negizinde belgili bir bilim, ta'jiriybe bar. Jurnalistler menen birge avtorlardi'n` da maqalalari' tez-tez ja'riyalani'p bari'ladi'. Mi'sali', Jumanazar Beknazarovti'n` ku'n temasi'ndag'i'

---

[1] Karimov D. İnternet – axborot bozori. «Ma'rifat» gazetası. 2014-jıl, 1-fevral.

a'hmiyetli maqalalari' ji'l dawami'nda gazetada ja`riyalandi'. Woni'n` «Komillik ibtidosi» atamasi'ndag'i' kitabi' 2014 ji'li' "Ma'rifat" gazetasi' qa'wenderliginde baspadan shi'qti'. Wonda gazetada berilgen maqalalar toplang'an. Bul bala ta'rbiyasi' boyi'nsha jaqsi' qollanba si'pati'nda ta`rbiya sabaqlari'nda paydalani'w ushi'n woqi'w wori'nlari'na tarqati'ldi'.

2014–2015 ji'lda gazetada ta'lim-ta'rbiya temasi'nda berilgen maqalalar: «To'rtliklar hikmati», «Orzular ostonasidagi bolalar», «Olisdagi ohonglar», «Yalqov daraxtga necha kunda chiqadi?», «Oltin olma, duo ol!», «Hikmat izlang bu dunyodan!», «Aysberg»ning «qudrat»i», «Bola qalbining memori», «Ruhiyatning ikki qiyofasi o'rtasidagi muvozanat», «Bolam baxtli bo'lsin desangiz», «Mehrga yo'g'rilgan qo'shiq» si'yaqli' maqalalardi' keltiriwimiz mu'mkin. Solaran biri "Mediaogohlik" maqalasi'nda 23 fakt berilgen[1]. Wonda Mediani'n` qa'wipi mashqala si'pati'nda ali'nadi'. Wo'tirik informaciyalardi'n` juqpali' kesellik si'yaqli' tez tarqali'wi' ayti'ladi'. Faktler qatari'nda S.M.Sterdenkoni'n` pikirlerin keltiredi. Wol Mediama'deniyati' joqari' kisini sonday ta'riyplegen: «Woni'n` Media baylani'slar sani' ha'm dawamli'g'i' rejelestirilgen boladi'. Wo'zine kerekli informaciyani' tuwri' tan`lay aladi'. İnformaciyag'a si'n ko'z-qarasta qatnas jasaydi', sebebi wol Mediani'n` zi'yanli' ta'sirlerin biledi, aldi'ndag'i' Mediatekstti wo'z filtrinen wo'tkerip, keyin qabi'l yetedi. Mediao'nimnen paydalani'wda a'dep-ikramli'q wo'lshemlerine boysi'nadi'. Mediao'nim jarata aladi'».

Maqalada buzg'i'nshi' ideyalar ta'sirine tu'sip qalmaw ushi'n neler qi'li'w kerekligi ayti'lg'an. Qatar a'hmiyetli sorawlar wortag'a taslang'an.

Lekin, ha'r qanday u'git-na'siyatqa a'mel etiw qa'te. Internet yaki basqada tekstler menen isleskende u'git-na'siyachi'ni'n` kimligin, maqset ha'm ideasi'n ani'qlap ali'w, informaciya tarqati'p ati'rg'an adam ne sebep bul mag'li'wmat ja'miyetke usi'ni'lg'anli'g'i'n analiz yetiwi kerek. Faktler duri'sli'g'i'n tekseriw,

---

[1] Quronov M. "Ma'rifat" gazetası. 2012-jıl, 7-noyabr.

informaciyani'n` isenimli saytlar, qaysi' kanal arqali' yaki biytani's bloger yaki socialli'q saytlar ja'rdeminde berilgenligine itibar qarati'w, sergeklikti jog'altpaw – ku'n talabi'. Sebebi, bir insan aldang'an bolsa, wol doslari'n sol jolg'a baslaydi', jaqi'nlari'n u'git-na'siyatlaydi', zor reklamashi' xi'zmetin atqaradi'. A'sirese, bu'gingi ku'nde informaciyani' ja'miyettin` ken` qatlami'na yemes, wolar arasi'ndag'i' «pikir liderler»ine tarqatqan maqul. Ja'miyettin` elita qatlami'ni'n` sanasi'n, du'nyag'a ko'z-qarasi'n basqari'w, pu'tkil ma'mleketti iyelewge tiykar jaratadi'. Sol sebepli jawi'z ku'shler, (topar, sho'lkemler) dosli'q, mehribanli'q penen u'lken maqset ha'm idealardi' usi'ni's yetip, wo'z a'tirapi'na adamlardi' toplaydi'. Ashi'narli'si', sonday buzg'i'nshi' ideyalardi' tarqati'wda ayi'ri'm G'XQ (baspaso'z, radio, televidenie, ko'birek Internet) xi'zmet yetpekte. Mi'sali', televideniede berilip ati'rg'an multfilm (muhabbat temasi'nda, joli'nda ushi'rag'an tiri jandi' wo'ltiriwshi killer haqqi'nda h.t.b), ma'nisi sayi'z qosi'qlar ha'm kliplerdi ayti'p wo'tiw mu'mkin. Internette adam sanasi'na ta'sir etetug'i'n u'git-na'siyatlar, qag'azg'a woralg'an, a'jayi'p bezetilgen, hikmetli so'zlerge uqsas shaqi'ri'qlar ju'da' ko'p. Ma'selen, ji'nayatshi'lardi' biygu'na' ja'birlengen kisiler yetip ko'rsetiw, millet, aymaqli'q ta'replerine ku'sh berip su'wretlew, belgili bir topar adamlari'n qaralaw arqali' ja'miyetke qozg'aw sali'wdi' maqset yetedi. Bul iste tu'rli «ali'm»lardi'n`, «sociologiyali'q woraylar»di'n` juwmaqlari'n, pikirlerin keltiredi. Woqi'wshi'lar sezimlerine qozg'aw sali'p, belgili adamlar wortasi'nda qarama-qarsi'li'q, kelispewshilik keltirip shi'g'aradi'. Wo'zleri bolsa digirmannan tiri shi'g'adi'. Sol sebepli «abayli' boli'w» degen tu'sinik ha'zir informaciya ali'w ha'm tarqati'wg'a tiyisli boli'p qalmaqta. «An`lamay so'ylegen, awi'rmay wo'ledi». Kimdur bilmey islegen qa'te sebepli ko'plep adamlar joldan adasadi'. Mediabilimlendiriwdin` za`ru'rligi – qa'wipli quralg'a qarsi' aqi'l, bilim menen qatnas jasaw ushi'n tiyisli bazani' qa'liplestiriwge ja`rem beredi, shegarasi'z jurnalistika, shegaradan shi'qqan so'z yerkinliginin` unamsi'z ta'replerinin` aldi'n

ali’wg’a xi’zmet yetedi, informaciya menen islesiw ko’nikpesi ha’m ma’deniyati’n qa’liplestiryedi.

“Ma’rifat” bilimlendiriw tarawi’ yag’ni’y ziyali’lar gazetasi’ si’pati’nda xali’qti’ sawatlandi’ri’wg’a, yen` jaqsi’ dep tabi’lg’an sabaq wo’tiw metodlari’ ha`m usi’llari’ni’n` ken` g’alabalasi’wi’na ja`rdem berip, pedagoglardi’n` mag’li’wmat ali’wda isenimli deregi boli’p xi’zmet yetpekte. Media bilim beriwde jetekshi baspaso’z si’pati’nda wo’z worni’na iye.

## 3.2. DA’STU’RIY HA’M ZAMANAGO’Y JURNALISTIKA DIZAYNI

Gazetalar da’slep tu’rli waqi’yalar haqqi’nda xabar beretug’i’n bir betten ibarat bolg’an. Wonda waqi’ya ju’z bergen wori’n ha’m waqi’t ko’rsetilgen. Keyin ala maqalalar ushi’n temalar payda bolg’an. Evropada birinshi kitap formasi’ndag’i’ shi’g’ari’lg’an gazeta – fransuz tilindegi to’rt betten ibarat “Gazett” (1631 ji’l) yesaplanadi’. XVIII a’sirdin` basi’nda angliyali’ jazi’wshi’ ha’m jurnalist Daniel Defo wo’zinin` “Revyu” (1704-1712 ji’l) atli’ gazetasi’na reportaj, maqola, ocherk ha’m ruknlardi’ kiritken. Bul wo’zgerisler sebep gazetani’n` si’rtqi’ ko’rinisi de wo’zgerip baslag’an. Maqalalar tu’rli janrlarg’a aji’rati’li’p, gazetalar kitap ha’m jurnallardan wo’zine ta’nligi menen pari’qlang’an. Tema, maqalalar arasi’na si’zi’q tarti’w yaki bos wori’n qaldi’ri’w na’tiyjesinde dizayn jumi’slari’nda jan`ali’qlar jarati’lg’an. Rossiyada dizayn boyi’nsha wo’zine ta’n stildi 1787 ji’li’ N.İ.Novikov woylap tapqan. Wol gazeta mazmuni’n siyasiy maqalalar menen jetilistirip, wo’z aldi’na “Bolalar mutolaasi”n da shi’g’arg’an. Novikov shi’g’arg’an gazetalar ju’da’ bay, ha’mme qatlamg’a arnalg’an.

XIX a’sir wortalari’nda Rossiyada gazetalardi’n` uli’wma ko’rinisi qa’liplesti. Bul ko’rinistin` tiykarg’i’ elementlerindegi standartlasti’ri’w to’mendegi principlerde ko’rinedi: Tipografiyali’q texnikani’n` bir qi’yli’li’g’i’, islep shi’g’ari’w ha’m wo’ndiriste xali’q arali’q baylani’sti’n` rawajlani’wi’. Rossiyani’n` Franciya ha’m Germaniya menen jaqi’n baylani’si’ birqansha rus shan`araqlari’ni’n` Francuz gazetalari’na jazi’li’wi’na sebep boldi’.

Solay yetip, uzaq ji’llar dawami’nda gazeta dizayni ha’r ta’repleme bayi’ti’ldi’. Gazetalarda wo’lshem birligi payda boldi’. Bul birlikler arqali’ gazeta formati’ belgilendi. Gazeta ko’leminin` du’zilisi baspaso’zdin` tipologiyali’q qa’siyetlerin belgilep berdi. Materiallarda tekst bezegi mug’dari’ ha’m ko’lemi, temalardi’n` ko’rinisi, qatarlar jaylasti’ri’lg’an grafikler, diogrammalar formatlari’n ju’zege keltirdi. Materiallardi’ jaylasti’ri’wda woqi’wshi’ woqi’wi’ ushi’n jen`il

ha'm qolay boli'wi'na itibar berildi. Gazeta formati'n tan`lawda woni'n` xarakteri, redakciyani'n` ekonomikali'q ha'm texnologiyali'q imkaniyatlari', milliy du'nyag'a ko'z-qarasi' yesapqa ali'ndi'. Du'nya a'meliyati'nda gazetalardi'n` yen` ko'p tarqalg'an 5 tu'ri boli'p, wolar:

1. **U'lken format.** Ko'lemi 420\594 mm. Angliyada "Finention times", Rossiyada "Pravda", O'zbekistanda "Xali'q so'zi" gazetalari' bug'an mi'sal bola aladi'.

2. **Reyn format.** 365\310 mm ko'lemge iye. Angliyani'n` "Morning star", Polyak tilindegi "Jichevar shave" gazetalari' usi' formatqa kiredi.

3. **Worta evropacha format.** 315\470 mm. Germaniyada "Yungevert", Chexslovakiya "Prosa" .

4. **Jurnal ko'rinisindegi format.** 210\297 mm. A'meliyatta ko'p ushi'rasadi'. Sportqa qa'nigelesken gazetalardi' ali'p qaraw mu'mkin.

5. **Kishkene format** 297\420mm. Du'nyada en` ko'p tarqalg'an gazetalar boli'p, bunday gazeta birinshi ma'rte Nyu-yorkda keyin Angliyada "Dail mirror" gazetasi'n ha'm sol ko'rinistegi sari' baspaso'zlerdi atap ko'rsetiw mu'mkin.

Formatti' an`satlasti'ri'w ha'm qa'liplestiriw maqsetinde 1928-ji'ldan nemis ali'mi' Vilgelm Ostvold tiykar salg'an A2, A3, A4 standart formatlari' isletilip kelinbekte.

Bugingi texnologiyalar jedel rawajlang'an da'wirde gazeta dizayni wo'zine say rawajlandi'. Qi'sqali'qqa umti'li'w – informaciya qurallari'ni'n` da kishkenelesiwine sebep boldi'. Ma'selen, gazeta woqi'w ha'm ali'p ju'riw ushi'n qolay boli'wi' kerek. A2 formati'ndag'i' gazeta woqi'wshi'ni' ko'birek energiya sari'plawg'a ma'jbu'r yetedi. Joqari'da berilgen maqalani' woqi'w ushi'n moyi'n sozi'wi' yaki woqi'maqshi' bolg'an maqalani' wo'zine qolaylasti'ri'w ushi'n gazetani' bu'klewi mu'mkin. Ko'shede, transporta bunday ko'lemdegi baspaso'zdi woqi'w qolaysi'z. Arti'qsha ku'sh sari'plaw bu'gingi zamanago'y insang'a maqul bolmaydi'. Sol sebep ko'plep gazetalar bazar talaplari'n yesapqa ali'p gazeta

formati'n wo'zgerttirdi. A4 formati'ndag'i' gazetalardi'n` tez g'alabalasi'wi'na wolardi'n` woqi'wg'a qolayli'g'i' birinshi sebep yesaplanadi'. Ki'tap ko'lemindegi kishi gazeta-jurnallarda shi'g'ari'lmaqta. Wolarda bir bette bir material beriledi, bul bolsa woqi'wshi' di'qqati'n a'yne sol materialg'a bag'darlaydi'. Demek, ko'lemnin` kishkeneligi shalg'i'wdi'n` aldi'n aladi'.

Gazeta formati' da woni'n` dizaynine kiredi. Yendi sol formatti'n` ha'r ta'repleme bayi'ti'li'wi', bezitiliwine itibar qaratami'z. Mi'sali', fotosu'wretlerdin` tiykarg'i' belgilerinen biri wo'zine ju'kletildigen informaciyani' woqi'wshi'g'a tez ha'm ani'q jetkerip beredi. Tekstti woqi'w dawami'nda qanday waqi'ya ju'z bergenligin material son`i'nda tu'siniw mu'mkin bolsa, su'wretti ko'rip maqalada qanday temada so'z yetiliwin da'rha'l an`law mu'mkin. Sol qatari' su'wret di'qqatti' tez tartadi'. Woni' gazeta betine tuwri' jaylasti'ri'w, maqala mazmuni'na mas qollaw kerek. Geyde su'wretler belgili bir tema asti'nda tekstsiz de beriledi. Wolar sol tursi'nda da qandaydur waqi'yadan xabar beredi.

Ma'rifat gazetasi'nda berilgen su'wretlerge qi'sqasha sholi'w jasaymi'z: Gazetani'n` birinshi ha'm 16 betleri ren`li shi'g'ari'lg'anli'g'i' sebep sol betlerde yen` jaqsi' su'wretler beriledi. A'sirese 16 bet su'wretli bet yesaplanadi'. Qi'sqa tekst penen bir waqi'ya, mektep yaki ji'ynali's, sport sekciyalari' turmi'si'nan yaki basqada jag'daylardan keminde 4-5 foto beriledi. 2013-ji'l 9-fevral sani'nda «Bolalar sporti» rukninde «Shaxmat musobaqasi yakuniga etdi» temasi'ndag'i' maqalada alti' su'wret qollani'lg'an. Wonda jari's processinen ko'rinisler ali'ng'an boli'p, balalardi'n` uli'wmali'q ha'm jeke halda woyi'n woynap ati'rg'anli'g'i' sa'wlelengen. 2015 ji'l 15 aprel sani'nda a'yne sol ruknde Jizzax wa'layati' Arnasoy rayoni'ndag'i' birinshi sanli' balalar ha'm jas wo'spirimler sport mektebinen ko'rinisler berilgen. Woqi'wshi' su'wret arqali' bilimlendiriw ma'skani'nda sportti'n` qanday tu'rleri barli'g'i', jarati'lg'an imkaniyatlar menen tani'si'wi' mu'mkin.

Sonday-aq 16 - bette reklama roliklerine ken` wori’n beriledi. Sebebi bu’gingi ku’nde ko’plep G’XQ tiykarg’i’ da’ramatti’ reklama arqali’ tabadi’. Sol sebepli reklama bloklari’na en` qolayli’, itibar tartatug’i’n betten jay aji’rati’ladi’. 2015-ji’l 22-aprel sani’nda «Mening shahrim» bilimlendiriw worayi’ni’n` elektron tayarlaw testleri boyi’nsha reklamasi’ ja’riyalang’an. 2014-ji’l 1-mart sani’nda bolsa «Sinfdosh» atamasi’nda jan`adan shi’qqan jurnaldi’n` reklamasi’ basi’lg’an.

Sol qatari’ tu’rli bayramlar mu’na’sibeti menen ka’rxana, sho’lkem, mekeme, woqi’w wori’nlari’ bayram qutli’qlawlari’n gazetada reklama si’pati’nda ja’riyalaydi’.

İtibar qaratatug’i’n ta’repi “Ma’rifat” gazetasi’nda berilgen reklamalardi’n` derlik 99% bilimlendiriw tarawi’na baylani’sli’. Ko’birek kitap reklamalari’ni’n` beriliwin unamli’ jag’day dep ayti’w mu’mkin.







Sebebi ha’r bir baspaso’z wo’z jo’nelisi, maqset ha’m wazi’ypalari’nan kelip shi’g’i’p gazeta betlerine reklamalar jaylasti’radi’. Reklama teksti menen birge su’wretler ha’m dizaynnin` di’qqat tartatug’i’n qi’li’p, zor beriliwi a’hmiyetli. Sebebi reklama beriliwshiler tovarg’a bolg’an talapti’n` arti’wi’n na’zerde tutadi’.

Bu’gingi ku’nde Internet reklamalar ken` g’alabalasti’. Sebebi Internet arqali’ reklama beriw arzan ha’m ta’sir ko’rsyetiwi basqa G’XQ na qarag’anda ku’shli. Internet reklama – tekst, grafika, audio ha’m video si’yaqli’ qosi’msha

qurallardan paydalani’lg’an halda beriledi. Sonday bolsa da ayri’m respublikali’q gazetalar wo’z elektron saytlari’nda reklama jaylasti’rmag’anli’g’i’n ko’remiz. («Xalq so’zi», «Ma’rifat», «Jamiyat», «Mohiyat»).

Baspaso’z ushi’n dizayn qanshama a’hmiyetli bolsa, onlayn gazeta ushi’n da dizayn ayri’qsha a’hmiyetke iye. Sebebi ha’zirgi ku’nde Internetke kiriwden itibardi’ tartatug’i’n tu’rli reklama, socialli’q tarmaqlar wo’z xi’zmetlerin usi’nadi’. Qa’le, qa’leme tu’rli ren`li su’wret, video, animaciyalardi’ tamasha qi’li’wg’a tuwra keledi. Lekin wolardi’n` ishinde yen` zorlari’ paydalani’wshi’ni’n` itibari’n tarti’p wo’z du’nyasi’nda uslap qaladi’. Bul ushi’n elektron basi’li’mni’n` imidji (ko’rinisi) mi’na talaplarg’a juwap beriwi kerek: Sayt kontenti (qurami’, wondag’i’ materiallar), ko’rinisi (dizayni), sayt ati’ itibar tartatug’i’n zor boli’wi’; bir neshe tilde informaciya ali’w mu’mkinshiligi; multimedia ha’m interaktiv qurallardi’n` bar yekenligi; tez-tez jan`alani’p turi’wi’; berilip ati’rg’an informaciyalardi’n` isenimliligi; paydalani’wshi’lar sani’ ko’pligi; socialli’q tarmaqlar menen baylani’sti’n` bar boli’wi’ ha’m paydali’wshi’lar ushi’n bunnan da basqa ko’plep imkaniyatlardi’n` jarati’li’wi’ ha’r qanday sayt, elektron basi’li’mni’n` auditoriyasi’n ken`eytedi.

Sayt kontentine wonda jaylasti’ri’lg’an informaciyalar: tekst, videorolik ha’m su’wretler – ha’mmesi kiredi. Sayt paydalani’wshi’ ushi’n qolay, qi’zi’qli’ boli’wi’nda wondag’i’ materiallardi’n` a’hmiyetli temalarda ha’m qi’sqa beriliwi sha’rt. Sol qatari’ shriftlerdin` duri’s qollani’li’wi’, shalg’i’wdi’n` aldi’n aladi’.

Dizayn ko’binese woni’ qurawshi’ elementlerge baylani’sli’. Bularg’a multimedia (su’wret, audio, video, animaciya) ha’m interaktiv qurallar, reklamalardi’ kiritiw mu’mkin. Internet wo’zinin` multimedia qa’siyeti menen u’stinlikke iye. Wonda birneshe usi’lda mag’li’wmat jetkerip beriw mu’mkin. Multimedia – tekst, su’wret, hawaz, ko’rinislerdin` keminde ekewi birlesken halda informaciya jetkerip beriw yesaplanadi’. Woni’n` quramli’q bo’legi gipertekst

boli'p, wol Internette ayri'm so'zlerdin` toli'q ma'ni yaki sol so'zge tiyisli mag'li'wmatlar ali'w ushi'n basqa betke baylani'sti' ta'miyinleydi.

İnteraktiv xi'zmetler topari'na kiriwshi Facebook.com, twitter.com, vkontakte.ru kibi socialli'q tarmaqlar menen ko'plep veb-saytlar baylani'sti' jolg'a qoyi'wg'a ha'reket yetpekte. Bunnan tiykarg'i' maqset saytta berilgen informaciya, materiallarg'a paydalani'wshi'lar pikirin biliw, u'yreniwden ibarat.

**«İnteraktivlik»** so'zi ma'nisi (anglichan tilinde «inter»-wo'z ara, «action»-ha'reket, iskerlik) ha'reketleniw, wo'z ara ta'sir qi'li'w, tar ma'niste bolsa informaciya almasi'w, ken` ma'niste socialli'q ta'sir ko'rsetiw, sa'wbet processinde informaciya almasi'wdi'n` yeki ta'repleme jedellesiwin na'zerde tutadi'»[1]. Internettin` interaktiv qurallari'na: Forum; miymanlar kitabi'; sorawlar; avtordi'n` e-pochtasi'n[2] kiritiw mu'mkin.

**Soraw ─** sayt ag'zalari' ha'm paydalani'wshi'lar wortasi'nda qanday da bir temada wo'tkeriletug'i'n soraw-juwap yesaplanadi'. Tiykarg'i' maqset – sayt woqi'wshi'lari'ni'n` talap ha'm qa'lewlerin u'yreniw, wolarg'a qanday maqalalar unaytug'i'nli'g'i'n ani'qlaw arqali' sayt dizayni ha'm basqada ma'seleler boyi'nsha saytqa wo'zgerisler kiritiwden ibarat.

**Miymanlar kitabi'.** Wonda saytqa kirgen miymanlar wo'z pikirlerin yaki redakciyag'a qi'zi'qti'rg'an sorawlari'n jazi'p qaldi'ri'wi' mu'mkin.

**Kommentariya.** Bul xizmet derlik ba'rshe saytlarda ushi'rasadi'. Berilgen material asti'na paydalani'wshi' wo'z jeke pikirin jazi'p qaldi'ri'wi' mu'mkin. Sol pikirlerge tayani'p sayta yen` ko'p woqi'lg'an, yen` ko'p pikir toplag'an materiallar monitorin` qi'li'nadi'. Mi'sali', "Ma'rifat"gazetasi'ni'n` sayti' www.Ma'rifat.uz. da 22-02-2012 15:03 te xabarshi' Sharipa Madrahimovani'n` «Bilimlar bellashuvidagi muvaffaqiyat» atli' maqalasi'na ha'm sol tema asti'nda dawamli' berip bari'lg'an maqalalarg'a jazi'lg'an pikirlerge itibar qaratami'z:

---

[1]Ortiqova Yu. İntreaktiv jurnalistika. –T.: Mumtoz so'z. 2011-jıl, 6-bet.
[2]Qudratxo'jaev Sh. XXI asrda kim etakchi bo'ladi? O`zbekiston matbuoti. 2010-jıl. 6-san.

Odiljon 2012-09-15 15:10

"Bilimlar bellashuvi"da Navoiyliklarga bas kela olmasangiz kerak.

Go'zal Muhiddinova 2012-09-16 17:46

Assalamu alaykum! Bilimlar bellashuvi loyihasi juda muvaffaqiyatli davom etmoqda. U har taraflama foyda bo'lyapti. Buxoro viloyatining respublikadagi zafarli odimi meni juda quvontirdi. Bu yilgi Bilimlar bellashuviga ham qattiq tayyorgarlik ko'ryapmiz.

Azamat 2012-12-13 13:20

Xorazmdan ham bu yil bilimlilar chiqadi.

Zulfiya Yusupova 2013-03-21 00:03

Bilimlar bellashuvida barchangizga omad yor bo'lsin azizlar. Xudo xohlasa biz ham bo'sh kelmaymiz.

Jolmi'rza2014-06-18 19:51

Salom barcha o'qituvchilar va o'quvchilar sizlarga bo'lib o'tadigan bilimlar bellashuvida muvaffakiyat tilayman 27-29 iyun kunlari. Biz birgamiz xamisha matematiklar K-k respublikasi. 2014 yil.

Internettegi elektron baspaso'zdin` wo'zine ta'n ta'repi wolarda **arxiv** xizmeti boli'wi' menen xarakterlenedi. Wonda bir neshe ji'l dawami'nda gazetada shi'qqan maqalalardi'n` elektron nusqasi' saqlanadi'. Mi'sali' «Ma'rifat» gazetasi'ni'n` on-layn ko'rinisinde[1]gi arxiv bo'liminde 2006-ji'ldan berli ja'riyalang'an maqalalar saqlanadi'. Kerekli materialdi' tabi'w ushi'n arxiv betindegi arnawli' wori'nda sa'ne, rukn, bo'lim ati' tan`lani'p qi'di'ri'wg'a beriledi.

Saytlardag'i' kemshilikler: elektron basi'li'mlar ko'binese gazeta shi'g'ari'lg'an ku'ni jan`alanadi', ayri'mlari' 10 ku'nnen yaki ayi'na bir jan`alani'wi'n ko'riwimiz mu'mkin. Global tarmaqta bolsa tezlik birinshi wori'nda turadi'. Tezlik penen mag'li'wmat jetkerip beriwshi blogerler yaki ayri'm

[1] www.marifat.uz

saytlarg'a bolsa ko'pshilik isenimsiz derek si'pati'nda qaraydi'. Sol sebepli elektron basi'li'mlardi'n` tezlik ma'selesine itibar qarati'w kerek.

Ja'ne bir mashqala materiallardi'n` qaysi' tillerde jetkerilip beriwi boli'p, ko'pshilik gazeta saytlari'nda tek wo'zbek tilinen paydalani'ladi'. Internet bolsa shegara bilmeydi. A'piwayi' rayon gazetasi' sayti' menen du'nyani'n` qa'legen worni'nda tani'si'w mu'mkin, yeger de sol gazetadag'i' maqalalardi' shet tillerinde woqi'w mu'mkin bolsa. Demek, shet tillerinen paydalani'w imkaniyat ko'lemin ken`eytedi.

Ma'mleketimizdin` elektron saytlari'nda ingliz tili bo'limleri bar, biraq ko'pshiligi islemeydi, ha'tteki, bul bo'limlerge material kiritilmegenligin de ushi'rati'w mu'mkin. Jetiskenlik si'pati'nda bolsa «Xalq so'zi» gazetasi' veb-sayti'[1] 5 tilde (o'zbek, rus, ingliz, nemis, francuz) iskerlik ko'rsetip kiyati'rg'anli'g'i'n ayti'w mu'mkin. "Ma'rifat" gazetasi' elektron sayti'nda wo'zbek, rus tillerinen na'tiyjeli paydalani'ladi'.

Elektron gazeta tiraji' ha'r bir material yaki informaciya, wol yaki bul bettin` neshe ma'rte woqi'lg'anli'g'i', bir ku'nde saytqa qansha paydalani'wshi' kirgenligi menen belgilenedi. Sol sebepli saytta maqala ja'riyalawshi' jetik jurnalistler tiykarg'i' ku'sh, tiykarg'i' tirek yesaplanadi'. "Ma'rifat"gazetasi' «Arxiv» bo'limin ko'zden keshirip, bo'limdegi «Bolalar sahifasi», «Adabiyot» «Ma'naviyat» ruknlerinde berilgen maqalalar ko'p woqi'lg'anli'g'i'ni'n` guwasi' boldi'q. Usi' wori'nda gazeta ha'm woni'n` elektorn sayti'ndag'i' rubrikalarg'a qi'sqasha toqtap wo'teyik.

Gazetada wonlag'an yaki ju'zlegen rubrika sho'lkemlestiriw mu'mkin ha'm bul hesh qanday qi'yi'nshi'li'q keltirip shi'g'armaydi'. Sol sebepli baspaso'zde maqalalar ko'binese belgili bir rubrika asti'nda beriledi. "Ma'rifat" gazetasi'nda "Milliy dastur amalda", "Mutaxassis minbari", "Sharh", "Xalqaro hamkorlik", "Maktab muhiti", "Mulohaza", "İzlanish va samara", "Sa'nat va siyrat", "Gurung",

[1]www.xs.uz

“Ko’hna ohonglar”, “Tajriba”, “Ma’rifatga maktublar”, “Ruhiyat manzaralari”, «Bedor dunyo», «Jahon ilm-fani», «Xorijda sport», “Mashhurlar hayotidan” si’yaqli’ yeliwden arti’q rubrikalar boli’p, wolardi’n` ayri’mlari’ tez-tez wo’zgeriske ushi’raydi’. Ji’l atamalari’na baylani’sli’ jan`a rubrikalar da sho’lkemlestiriledi. Biraq gazetalardi’n` onlayn ko’rinisinde sanawli’ rubrikalar boladi’. Sebebi ha’r bir maqalani’ baspaso’zdegidey belgili bir toparg’a aji’rati’p beriwdin` ilaji’ joq. Maqala mazmuni’ qaysi’ rubrikag’a jaqi’nraq bolsa sog’an jaylasti’ri’ladi’. Mi’sali’, “Ma’rifat” gazetasi’ni’n` elektron sayti’nda: «Bosh sahifa», «Sahifalar», «Tahririyat», «Mahorat maktabi», «Ovuna», «Arxiv» usag’an tiykarg’i’ rubrikalardan ti’sqari’ sol rubrikalar qurami’nda bo’limler berilgen. Mi’sali’, «Tahririyat» qurami’nda: Kotibiyat; Maktabgacha va umumiy o’rta ta’lim yangiliklari bo’limi; Fan, oliy va o’rta maxsus, kasb-hunar ta’limi yangiliklari bo’limi; Siyosat, sport va xalqaro  hayot bo’limi; Ma’naviyat va maktabdan tashqari talim yangiliklari bo’limi; Adabiyot, sa’nat, madaniyat va kasaba uyushmalari yangiliklari bo’limi iskerlik ko’rsetpekte.

“Sahifalar” rubrikasi’ da wo’z na’wbetinde birqansha bo’limlerge bo’lingen.




«Arxiv» rubrikasi ken` imkaniyatlarg’a iye. Wo’z ishinde ba’rshe rubrikalar qatari’ «Form», «Qayta aloqa», «Gazeta haqida», «Fond loyiha», «Mehmonxona», «Bolalar sahifasi», «Maktublaringizda» si’yaqli’ jan`a bo’limler iskerlik ko’rsetedi.

Rubrika (bo'limler) sani'ni'n` ko'pligi ha'm ha'r tu'rliligi woqi'wshi' yaki paydalani'wshi' itibari'n tarti'w menen birge, wolarg'a bag'dar ko'rsetedi, izlep ati'rg'an mag'li'wmatti'n` tez tabi'li'wi'na ko'meklesedi.

Biraq ma'mleketimizde gazeta-jurnallar elektron saytlari'ndag'i' rubrikalar bir-birine uqsas boli'p, wo'zgeshe ha'm qi'zi'qli' rubrikalar woylap tabi'w za'ru'rli bar. Rubrikalar dizayni ma'selesine de itibar qarati'w kerek. Mi'sali', "Ma'rifat" gazetasi' sayti'nda videorolik, animaciyalar derlik ushi'raspaydi'. Tek gazetani'n` "Kuch – bilim va tafakkurda" urani' ha'reketlenip turadi'.

Qullasi', global tarmaqta millionlap veb-saytlar bar yekenligin yesapqa alg'an halda, sayt dizaynin wo'zine ta'n jarati'w zaman talabi'. Lekin sayttag'i' animaciyali'q detallar, ha'reketleniwshi rolikler, ra'n`-ba'ren` su'wret, reklamalar tiykarg'i' materialdi' shetke su'rip taslamawi', paydalani'wshi'g'a informaciya ali'wda kesent yetpewi kerek.

Elektron saytlardi' rawajlandi'ri'w ushi'n bas redaktorlar bul iske di'qqat qarati'wi', sayta tek bir adam iskerlik ko'rsetip qalmastan, bir qansha jurnalist birgelikte jumi's ali'p bari'wi' (bas redaktor, a'debiy redaktor, dizayner, qa'te-kemshiliklerdi du'zetiwshi redaktorlar h.t.b) kerek.

Internet auditoriyasi'n u'yreniw, texnika imkaniyati'nan u'nemli paydalani'w, da'ramat tabi'w jollari'n izlew, ja'miyet penen bekkem baylani's wornati'w, Internet jurnalistlerin tayarlap shi'g'ari'w ku'nnin` talabi' yesaplanadi'. İmidj – bul wo'zine ta'n ko'rinis degeni. Global tarmaqta ha'r bir sayt tek bir-birine uqsas nusqa boli'p qalmastan, wo'z imidjin jarati'wi' za'ru'r!

**JUWMAQ**

Qay jerde jurnalistika ku'shli rawajlansa, sol jerde alg'a ilgerilewshilik ku'shli boladi'. Bug'an mi'sal si'pati'nda AQSh ta jurnalistika a'yyemnen jaqsi' rawajlang'an boli'p, ma'mleket wo'zinin` ku'shli jurnalistleri sebepli ja'ha'nge wo'z so'zin ayta aldi'. Jozef Pulitcerdin` a'melge asi'rg'an isleri tek wo'z ma'mleketi ko'leminde yemes pu'tkil du'nyada belgili boldi' ha'm wol jaratqan jurnalistlerdi tayarlaw mektebi negizinde jurnalist kadrlardi' woqitiw jolg'a qoyi'ldi'. Internet global tarmag'i'n woylap tapqan ma'mleket te AQSh yekenligi bizdi tan` qaldi'radi'. Ha'zirde yen` kerekli ha'm yen` qa'wipli qural a'ne sol – Internet yesaplanadi'.

Internette birinshi sayt 1991-ji'li' 6-avgustta Shvecariya Yadro izertlew Evropa worayi'nda iskerlik ko'rsetiwshi britaniyali' fizik Tim Berners-Li ta'repinen iske tu'sirildi. Sonnan baslap Internette wo'z imkaniyatlari'n si'nawdan wo'tkeriwdi qa'lewshi sho'lkemler ha'm insanlar payda bola basladi'.

Ma'mleketimizde UZ milliy domeni sho'lkemlestirildi. 2014-ji'li' wondag'i' domenler sani' 17980 nen ziyat bolg'an. To'mendegi ji'llar boyi'nsha domenlerdin` wo'siw ko'rsetkishine itibar qarati'n`:




Internet jurnalistika tarawi'ni'n` ken`eyiwi ha'm tez pa't penen rawajlani'wi'na da tiykar jaratti'. A'sirese, wol G'XQ iskerliginde yeki u'lken wo'zgeris jasadi': ***birinshisi,*** du'nya boylap informaciya aylani'wi' tezlesti,

***yekinshisi,*** Internet arqali' auditoriya menen tuwri'dan-tuwri' baylani'sqa kirisiw imkani' jarati'ldi', bul processte sheklewler kemeydi. Pikir yerkinligi ta'miyinlendi, ekonomikali'q ta'repten g'a'rezsizlik ju'zege keldi. Sebebi Internette veb-saytlardi' du'ziw gazeta-jurnallardi' basi'p shi'g'ari'wdan, yaki teleko'rsetiwlerdi efirge jiberiwge qarag'anda arzan.

Ma'mleketimizde bolsa da'stu'riy ha'm jan`a jurnalistikani'n` ten`be-ten` jasap kelmekte. Buni'n` yeki sebebi bar: ***Birinshiden,*** bizde yeki da'wir adamlari' jasaydi': jan`a texnika tilin tu'sinetug'i'n jaslar ha'm qag'az benen islewge u'yrengen kekse a'wlad wa'killeri. Wolar kompyuterde woqi'p, jazg'annan go're qolda qag'az benen islesiwdi abzal qo'ryedi. Sonday-aq eki imkaniyattan da birdey paydalanatug'i'n u'shinshi auditoriya da bar. ***Yekinshi*** sebep, ha'mme toli'q Internet penen ta'miyinlenbegen, tarmaqta islew mu'mkinshiligine iye yemes ha'm bizin` sharayati'mi'zda Internette islew qi'mbatraq. Sol sebep O'zbekistanda da'stu'riy ha'm jan`a jurnalistika egizek halda jasap kelmekte. Gazetalardi'n` baspa ko'rinisi menen elektron ko'rinisi wo'z woqi'wshi'lari'na iye.

Biz dissertaciya dawami'nda «Da'stu'riy ha'm jan`a jurnalistikani'n` baylani'si'» («Ma'rifat» gazetasi' mi'sali'nda) temasi'nda milliy ha'm ja'ha'n jurnalistikasi' baspaso'zin ha'm wolardi'n` zamang'a say rawajlani'wi'n, veb-saytlar iskerligin u'yrengen halda to'mendegi juwmaq ha'm usi'ni'slardi' bildiremiz:

1. Ha'zirde jurnalist informaciya tarqati'w menen sheklenbey, ja'miyetti sawatlandi'ri'wi', ta'rbiyalawi', wo'tirik ha'm ziyanli' mag'li'wmatlardan qorg'awshi' saqshi' boli'wi' kerek. İnformaciya uri'slari' ha'wij ali'p ati'rg'an bir da'wirde jurnalisttin` siyasiy bilim ha'm turmi'sli'q ta'jiriybege iye boli'wi' ju'da' a'hmiyetli. Sol qatari' ja'ha'n g'alaba xabar qurallari'ni'n` jetiskenlikleri, na'tiyjeli usi'llari'n u'yrenip, unamli' ta'replerin milliy jurnalistikami'zda qollaw za'ru'rligi bar.

2. Media bilimlendiriw haqqi'nda biykarg'a so'z etpedik. Bunnan maqset jurnalist bu'gingi ku'nnin' aktual mashqalalari'n, mi'sali', g'alabali'q ma'deniyat, globallasi'w, ruwxi'yli'g'i'mi'z ha'm milliyligimizge qa'wip tuwdi'ri'p turg'an jawi'z niyetli toparlardi' ani'qlaw, wolardi'n` ziyanli' isleri, wo'tirik wa'de ha'm u'git-na'siyatlari' tuwrali' ja'miyetti, jaslardi' wo'z waqti'nda xabarlandi'ri'w, bul ushi'n jurnalistlik tekseriwlerdi wo'tkerip bari'wi' za'ru'r!
3. Internet global tarmaqta jurnalist ha'm jurnalist wazi'ypasi'n atqari'wshi'lar ju'da' ko'p. İnsanlar bir waqi'ya boyi'nsha mi'n`lap dereklerden mag'li'wmat ali'w imkaniyati'na iye. Solay yeken, wo'zine ta'n jazi'w stiline iye, shet tillerin jetik da'rejede biletug'i'n jurnalist kadrlar jetistirip shi'g'ari'w talabi' bar.
4. Mag'li'wamatlarg'a iyelik yetiw ushi'n informaciya ma'kani'n ani'q belgilew kerek! Sebebi jaslardi'n` ko'pshiligi "Tvitter", "Facebook" si'yaqli' social tarmaqlar «quli'»na aylanbaqta. Bunday quramali' jag'dayda jurnalistlerdin` aldi'na milliy saytlardi' rawajlandi'ri'w talabi' qoyi'lmaqta.
5. Ma'mleketimizde ko'pshilik baspaso'zdin` elektron ko'rinisi yag'ni'y saytlar global tarmaq imkaniyati'nan na'tiyjeli paydalanbaydi'. Internette tezlik ku'shli bolsa da informaciya jetkerip beriwde itibarsi'zli'q ko'rinedi. Saytlar tez-tez jan`alanbaydi'. Ko'pshiligi gazeta-jurnal shi'g'atug'i'n ku'nde jan`alanadi'. Wolardag'i' ruknlerdin` ayri'mlari' a'melde iskerlik ko'rsetpeydi. Maqalalar Internet auditoriyasi'n yesapqa almastan qalay bolsa solay jaylasti'ri'ladi'. Til, janr, dizayn ma'selelerinde mashqalalar ko'p.
6. Internet jurnalistikasi'n rawajlandi'ri'w ushi'n kadrlar tayarlaw mu'ta'jligi bar. Sol qatari' gazeta-jurnal veb-sayti'nda tek bir-eki jurnalist iskerlik ko'rsetpesten, redakciya xizmetkerlerinin` ha'mmesi ten`dey juwapkershilik penen birgelikte is ju'ritiwi kerek.

7. Redakciyalar qasi’nda «Master klass» (Ta’jiriybe mektep)lar sho’lkemlestiriw ha’m ha’r bir g’alaba xabar qurali’ wo’zleri ushi’n za’ru’r kadrlardi’ tayarlawi’ kerek. Bul boyi’nsha «Ma’rifat» gazetasi’ ta’jiriybesin u’yrengen maqsetke muwapi’q.

Qullasi’, jurnalistika zaman menen ten`be-ten` na’pes alatug’i’n, ten`be-ten` rawajlanatug’i’n taraw. Wol «bu’gin» menen jasaydi’. «Bu’gin»nen arqada qalsa «wo’li» jurnalistika yesaplandi’. Lekin biz neshe a’sirler shi’g’i’ri’g’i’nan wo’tip, bu’gingi ku’nge jetip kelgen da’stu’riy jurnalistikani’ qaralamaymi’z, ba’lki wondag’i’ bay ta’jiriybelerdi u’yrenip, jan`a jurnalistikani’ rawajlandi’ri’w za’ru’r yekenligin eskertpekshimiz. Bu’ginnin` talabi’ «Tezlikti toqtatpa!». Jan`a jurnalistika – jan`a zaman libasi’. Ha’r da’wirdin` wo’z zan`i’, wo’z ni’zami’, wo’z modasi’ boladi’. Keleshekte zaman qanday ku’shli rawajlansa, jurnalistika da sonday rawajlanadi’!

## PAYDALANI’LG’AN A’DEBIYATLAR

### I. NORMATIV HU’JJETLER:

1. O’zbekistan Respublikasi` Konstituciyasi`. – T.: O’zbekistan. 2014.
2. O’zbekistan Respublikasi g’alaba xabar qurallari` haqqi`ndag’i` ni`zam hu’jjetleri. –T.: O’zbekistan. 2007.

### II. O’ZBEKISTAN RESPUBLIKASI` PREZIDENTI MIYNETLERI:

3. Karimov I. Xavfsizlik va barqaror taraqqiyot yo’lida. – T.: O’zbekiston. 1998. 6-jild.
4. Karimov I. Milliy kamolot yo’li. – T.: O’qituvchi. 2001.
5. Karimov I. Bizning bosh maqsadimiz – jamiyatni demokratlashtirish va yangilash, mamlakatni modernizatsiya va isloh etishdir. – T.: O’zbekiston. 2005.
6. Karimov I. Yuksak ma'naviyat – engilmas kuch. –T.: Ma'naviyat. 2008.
7. Karimov I. Eng asosiy mezon – hayot haqiqatini aks ettirish. – T.: O’zbekiston. 2009.

### III. TIYKARG’I` A’DEBIYATLAR:

8. Мўминов Ф, Нурматов А. Жаҳон журналистикаси тарихи. – Т.: Фан ва технологиялар марказий босмахонаси. 2008.
9. Хуршид Дўстмуҳаммад. Оммавий ахборот воситаларини ривожлантиришнинг демократик андозалари. – Т.: Ўзбекистон. 2005.
10. Эрик Фихтелиус. Журналистиканинг ўн қоидаси. – Т.: Шарқ. 2002.
11. Мўминов Ф. Журналистика ижтимоий институт сифатида. – Т.: ТошДУ. 1998.
12. Саидов Ҳ, Тўхлиева Н. Репортёрлик маҳорати. – Т.: Ғафур Ғулом. 2008.

13. Дўстмуҳаммад Х. Ахборот мўъжиза, жозиба, фалсафа. – Т.: Янги аср авлоди. 2013.
14. Абдуазизова Н. Миллий журналистика тарихи. 1-жилд. – Т.: Шарқ. 2008.
15. Ортиқова Ю. Интреактив журналистика. – Т.: Mumtoz so'z. 2011.
16. Дўстқораев Б. Ўзбекистон журналистикаси тарихи. – Т.: Ғафур Ғулом. 2009.
17. Абдулазизова Н. Туркистон матбуоти тарихи. – Т.: Академия. 2000.
18. Худойқулов М. Журналистика ва публицистика. – Т.: 2011.
19. Уснатдинов Ш. Журналистикаға кирисиў. – Н.: Қарақалпақстан. 2009.
20. Қосимова Н, Тошполатова Н, Шофоайзиева Н. Муратова Н. Босма оммавий ахборот воситалари таҳририятлари учун қўлланма – Т.: 2008.
21. Тешабаева Д. Оммавий ахборот воситаларида нутқ маданияти. – Т: Фан ва технология. 2011.
22. Пардаев А, Рўзиев Ф, Маҳамадалиев Х. Журналистикада тил ва ифода. – Т.: Истиқлол. 2006.
23. Рашидова Д, Муратова Н. Интернет журналистика. – Т.: Международный Центр переподготовки журналистов. 2007.
24. Қосимова Н. Интернет журналистиканинг технологик асослари. – Т.: Ўзбекистон мустақил босма оммавий ахборот воситалари ва ахборот агентликларини қўлллаб-қувватлаш ва ривожлантириш жамоат фонди. 2012.
25. Кудратходжаев Ш. Интернет: тарихи, тузилиши, техник хавфсизлик. Ўқув-услубий қўлланма. – Т.: Ўзбекистан. 2011.
26. Мирсоатова М. Ёш журналист кадрларни тайёрлашда медиатаълим тизимини олиб бориш жараёни. – Т.: Ғафур Ғулом. 2013.
27. Нурматов А. Замонавий ОАВда касбий универсаллашув ва ихтисослашув. – Т.: Ғафур Ғулом 2013.

**IV. ШЕТ ТИЛЛЕРИНДЕГИ ӘДЕБИЯТЛАР:**

***а) Рус тилинде:***


28. Мутовкин Л. Дизайн и имидж газеты. – Омск. 2005.
29. Гуревич С. Газета: вчера, сегодня, завтра. Учебное пособие. – М.: Аспект Пресс. 2004.
30. Машкова С. Интернет журналистика. – Тамбов.: Издательство ТГТУ. 2006.
31. Рэндалл Д. Универсальный журналист. Алматы. 1996.
32. Ныркова Л. Как делается газета? – М.: ТОО. Гендальф. 1998.
33. Калмыков А, Коханова Л. Интернет журналистика. Пособие для вузов. – М. 2005.
34. Лукина Мария. Технология интервью. Учебное пособие для вузов. – М.: Аспект Пресс. 2003.
35. Федоров А. Медиаобразование в зарубежных странах. – Таганрог: Изд-во Кучма, 2003.


**b) Инглиз тилинде:**


36. Lloyd Chiasson. – Three centuries of American Media. Englowood Colarado. Morton Publishing Company. 1999.
37. Brian S. Brooks. George Kennedy. – The Missoure group: News reporting and writing.: University of Kanzas. Wadsworth Publishing Comp. 1992.
38. UNESCO, 1984. Media education. Paris: UNESCO.


**V. ГАЗЕТА, ЖУРНАЛ ҲӘМ ЭЛЕКТРОН САЙТЛАР:**


39. Қодиров П. Тил ва эл // Шарқ юлдузи. – Т.: 2003. № 32.
40. Тешабаева Д. Газета матнида нутқнинг коммуникатив сифатлари // Таълим тизимида ижтимоий-гуманитар фанлар. – Т.: 2007. № 3.

41. Салимова С. Матбуот тили ва имло // Ўзбекистон матбуоти. –Тошкент. 2005. № 5.

42. Каримов Ф. Ахборот тизимида миллий хусусиятлар//Ўзбекистон матбуоти. 2010. № 6.

43. “Ma’rifat” газетасыны ғәрезсизлик жылларындағы санлары. (1991-2015-жыллар).

**VI. WEB Ресурслар:**

44. www.marifat.uz
45. www.lex.uz
46. www.mediaeducation.ru
47. www.uzjournal.uz
48. www.zlixa.uz.
49. www.kun.uz
50. www.gazeta.uz